

***TINDAK TUTUR DIREKTIF ING NOVEL “KUMPULE BALUNG PISAH”***  
**ANGGITANIPUN ACHMAD SAEROZI A. M.**

***SKRIPSI***

Kaaturaken dhumateng Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah  
Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta  
Minangka jejangkeping Pendadaran Anggayuh  
Gelar Sarjana Pendidikan



dening

Dwi Wulandari

NIM 16205241026

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA**  
**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH**  
**FAKULTAS BAHASA DAN SENI**  
**UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**  
**2020**

## PASARUJUKAN

*Skripsi kanthi irah-irahan Tindak Tutur Direktif ing Novel Kumpule Balung Pisah Anggitanipun Achmad Saerozi A. M. menika sampun dipunsarujuki dening pembimbing supados dipunuji.*



Yogyakarta, 7 Mei 2020

*Pembimbing,*


Drs. Hardiyanto, M. Hum.

NIP 195611301984111001

## PENGESAHAN


*Skripsi* ingkang irah-irahanipun *Tindak Tutur Direktif* ing Novel Kumpule Balung Pisah Anggitanipun Achmad Saerozi A. M. menika sampun dipunandharaken wonten ngajengipun *Dewan Penguji* ing tanggal 18 Mei 2020 saha dipunnyatakaken lulus.

### DEWAN PENGUJI

| Asma                               | Jabatan            | Tapak Asma                                                                            | Tanggal     |
|------------------------------------|--------------------|---------------------------------------------------------------------------------------|-------------|
| Drs. Hardiyanto, M. Hum.           | Ketua Penguji      |   | 28 Mei 2020 |
| Sri Hertanti Wulan, S. Pd, M. Hum. | Sekretaris Penguji |  | 2 Juni 2020 |
| Dr. Drs. Mulyana, M. Hum.          | Penguji Utama      |  | 28 Mei 2020 |

Yogyakarta, 2 Juni 2020  
Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta



  
Sri Harti Widyastuti, M. Hum.  
NIF 19621008 198803 2001

## WEDHARAN

Ingkang tapak asma wonten ngandhap menika, kula:

Nama : Dwi Wulandari

NIM : 16205241026

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

medharaken bilih *karya ilmiah* menika minangka asiling saking garapan kula piyambak. *Karya ilmiah* menika boten ngewrat garapan ingkang dipunserat dening tiyang sanes, kejawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pendhet minangka dhasar anggen kula nemtokaken tata cara saha paugerananggenipun nyerat *karya ilmiah skripsi* kanthi limrah kemawon. Mbok bilih kasunyatanipun wedharan menika boten leres, sedayanipun tamtu dados tanggel jawab kula.

Yogyakarta, 22 Maret 2020

Panyerat,



Dwi Wulandari

## **SESANTI**

Sing wis lunga lalekna, sing durung teka entenana, sing wis ana syukurana.

*(Anonim)*

*The best view comes after the hardest climb.*

*(Anonim)*

## **PISUNGSUNG**

Kanthi raos syukur dhumateng Gusti Allah SWT, *skripsi* menika kula aturaken dhateng tiyang sepuh kula Bapak Suranta saha Ibu Susi ingkang sampun paring donga pangestu, panyengkuyung, saha panjurungipun saengga *skripsi* menika saged paripurna

## PRAWACANA

Puji syukur panyerat aturaken dhumateng Gusti Allah SWT ingkang sampun paring rahmat saha hidayahipun saengga saged ngrampungaken *skripsi* ingkang irah-irahanipun “*Tindak Tutur Direktif* ing Novel *Kumpule Balung Pisah Anggitanipun Achmad Saerozi A. M.*”. *Skripsi* menika kaserat kangge njangkepi salah satunggaling sarat nggayuh *gelar sarjana pendidikan*.

Panyerat ugi ngaturaken panuwun ingkang tanpa upami dhateng Bapak Drs. Hardiyanto, M. Hum. minangka *dosen pembimbing skripsi* ingkang sampun paring panyengkuyung, panyaruwe, pamrayogi, saha piwulang ngantos *skripsi* menika saged paripurna kanthi sae.

Panyeratan *skripsi* menika saged paripurna amargi dipunsengkuyung dhateng mapinten-pinten *pihak*. awit saking menika, panyerat ngaturaken panuwun dhumateng:

1. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M. Pd., minangka *Rektor* Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring wekdal saha sarana saengga panyerat saged nggegulang ngelmu wonten Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah,
2. Ibu Dra. Sri Harti Widyastuti, M. Hum., minangka *Dekan* Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan kangge panyerat anggenipun nyerat *skripsi*,
3. Bapak Dr. Afendy Widayat, M. Phil., minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring pangestu saha palilah tumrap panyerat anggenipun nindkaken saha nggarap panaliten menika,
4. Ibu Prof. Dr. Dra. Suharti, M. Pd., minangka *Dosen Penasehat Akademik* ingkang sampun paring bimbingan, panyengkuyung, saha panjurungipun sadangunipun kula sinau ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta,
5. Bapak saha Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni ingkang murakabi tumrap panyerat,

6. *Staff karyawan Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah awit pambiyantunipun,*
7. *Dosen Penguji Tugas Akhir Skripsi ingkang sampun paring panyaruwe, pamrayogi, saha biji tumrap panyerat,*
8. *Tiyang sepuh kula, Bapak Suranta saha Ibu Susi, kangmas kula mas Rio, rayi kula Yekti sarta sedaya kulawarga ingkang sampun paring donga pangestu, panyengkuyung, saha panjurung saengga panyerat saged mujudaken skripsi menika dumugi paripurna,*
9. *Kanca-kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2016 mliginipun kelas A ingkang sampun paring pambiyantu saha panyengkuyungipun,*
10. *Kanca-kanca PLP SMK N 2 Depok, Sleman saha KKN G290 ingkang sampun paring panyengkuyung saha pengalaman dhateng panyerat,*

Panyerat rumaos bilih *skripsi* menika dereng saged kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila, sedaya panyaruwe saha pamrayogi ingkang ndadosaken *skripsi* menika saged langkung sae tansah dipuntampi kanthi lila legawa saha kanthi bingahing manah. Panyerat ugi ngaturaken panuwun dhateng sinten kemawon ingkang kersa paring panyaruwe saha pamrayogi tumrap *skripsi* menika. Cekap semanten atur sapala saking panyerat, mugi-mugi *skripsi* menika saged murakabi tumrap para pamaos, mliginipun ingkang badhe nindakaken panaliten sajinis.

Yogyakarta, 24 Maret 2020

Panyerat,



Dwi Wulandari



## PRATELAN ISI

Kaca

|                                   |      |
|-----------------------------------|------|
| <b>IRAH-IRAHAN</b> .....          | i    |
| <b>PASARUJUKAN</b> .....          | ii   |
| <b>PENGESAHAN</b> .....           | iii  |
| <b>WEDHARAN</b> .....             | iv   |
| <b>SESANTI</b> .....              | v    |
| <b>PISUNGSUNG</b> .....           | vi   |
| <b>PRAWACANA</b> .....            | vii  |
| <b>PRATELAN ISI</b> .....         | ix   |
| <b>PRATELAN TABEL</b> .....       | xiii |
| <b>PRATELAN LAMPIRAN</b> .....    | xiv  |
| <b>PRATELAN CEKAKAN</b> .....     | xv   |
| <b>SARINING PANALITEN</b> .....   | xvi  |
| <b>BAB I PURWAKA</b> .....        | 1    |
| A. Dhasaring Panaliten.....       | 1    |
| B. Underaning Perkawis.....       | 4    |
| C. Watesaning Perkawis.....       | 4    |
| D. Wosing Perkawis .....          | 5    |
| E. Ancasing Panaliten .....       | 5    |
| F. Paedahing Panaliten.....       | 5    |
| G. Pangertosan.....               | 6    |
| <b>BAB II GEGARAN TEORI</b> ..... | 7    |
| A. Andharan Teori.....            | 7    |

|                                                                                |    |
|--------------------------------------------------------------------------------|----|
| 1. <i>Pragmatik</i> .....                                                      | 7  |
| 2. <i>Konteks</i> .....                                                        | 10 |
| 3. <i>Tindak Tutur</i> .....                                                   | 14 |
| 4. <i>Jinising Tindak Tutur</i> .....                                          | 16 |
| 5. <i>Tindak Tutur Direktif</i> .....                                          | 26 |
| 6. <i>Novel Kumpule Balung Pisah</i> .....                                     | 31 |
| B. <i>Panaliten Ingkang Jumbuh</i> .....                                       | 32 |
| C. <i>Nalaring Pikir</i> .....                                                 | 33 |
| <b>BAB III CARA PANALITEN</b> .....                                            | 35 |
| A. <i>Jinising Panaliten</i> .....                                             | 35 |
| 1. <i>Data saha Sumbering Data</i> .....                                       | 35 |
| 2. <i>Caranipun Ngempalaken Data</i> .....                                     | 36 |
| 3. <i>Pirantining Panaliten</i> .....                                          | 38 |
| 4. <i>Caranipun Nganalisis Data</i> .....                                      | 39 |
| 5. <i>Caranipun Ngesahaken Data</i> .....                                      | 40 |
| <b>BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN</b> .....                          | 43 |
| A. <i>Asiling Panaliten</i> .....                                              | 43 |
| B. <i>Pirembagan</i> .....                                                     | 51 |
| 1. <i>Jinisipun Tindak Tutur Langsung Literal</i> .....                        | 51 |
| a. <i>Tindak Tutur Langsung Literal ingkang Fungsipun kangge Paminta</i> ..... | 51 |
| b. <i>Tindak Tutur Langsung Literal ingkang Fungsipun kangge</i>               |    |

|                                                                            |     |
|----------------------------------------------------------------------------|-----|
| Pitaken.....                                                               | 66  |
| c. <i>Tindak Tutur Langsung Literal</i> ingkang <i>Fungsini</i> pun kangge |     |
| Printah .....                                                              | 69  |
| d. <i>Tindak Tutur Langsung Literal</i> ingkang <i>Fungsini</i> pun kangge |     |
| Pamenging.....                                                             | 76  |
| e. <i>Tindak Tutur Langsung Literal</i> ingkang <i>Fungsini</i> pun kangge |     |
| Maringi Idi.....                                                           | 83  |
| f. <i>Tindak Tutur Langsung Literal</i> ingkang <i>Fungsini</i> pun kangge |     |
| Maringi Saran.....                                                         | 84  |
| 2. Jinisipun <i>Tindak Tutur Boten Langsung Literal</i> .....              | 93  |
| a. <i>Tindak Tutur Boten Langsung Literal</i> ingkang <i>Fungsini</i> pun  |     |
| kangge Pitaken .....                                                       | 93  |
| b. <i>Tindak Tutur Boten Langsung Literal</i> ingkang <i>Fungsini</i> pun  |     |
| kangge Maringi Saran .....                                                 | 95  |
| 3. Jinisipun <i>Tindak Tutur Langsung Boten Literal</i> .....              | 98  |
| a. <i>Tindak Tutur Langsung Boten Literal</i> ingkang <i>Fungsini</i> pun  |     |
| kangge Paminta .....                                                       | 98  |
| b. <i>Tindak Tutur Langsung Boten Literal</i> ingkang <i>Fungsini</i> pun  |     |
| kangge Printah .....                                                       | 106 |
| c. <i>Tindak Tutur Langsung Boten Literal</i> ingkang <i>Fungsini</i> pun  |     |
| kangge Pamenging.....                                                      | 113 |

|                                                                     |     |
|---------------------------------------------------------------------|-----|
| d. <i>Tindak Tutur Langsung Boten Literal ingkang Fungsini</i>      |     |
| kangge Maringi Idi .....                                            | 116 |
| e. <i>Tindak Tutur Langsung Boten Literal ingkang Fungsini</i>      |     |
| kangge Maringi Saran.....                                           | 118 |
| 4. <i>Jinisipun Tindak Tutur Boten Langsung Boten Literal</i> ..... | 122 |
| a. <i>Tindak Tutur Boten Langsung Boten Literal ingkang</i>         |     |
| <i>Fungsini</i> kangge Pitaken .....                                | 122 |
| b. <i>Tindak Tutur Boten Langsung Boten Literal ingkang</i>         |     |
| <i>Fungsini</i> kangge Printah.....                                 | 124 |
| c. <i>Tindak Tutur Boten Langsung Boten Literal ingkang</i>         |     |
| <i>Fungsini</i> kangge Maringi Saran .....                          | 126 |
| <b>BAB V PANUTUP</b> .....                                          | 129 |
| A. Dudutan .....                                                    | 129 |
| B. <i>Implikasi</i> .....                                           | 130 |
| C. Pamrayogi .....                                                  | 130 |
| <b>KAPUSTAKAN</b> .....                                             | 131 |
| <b>LAMPIRAN</b> .....                                               | 133 |

## PRATELAN TABEL

Kaca

|                                                                                                                                                                     |    |
|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|----|
| Tabel 1 : Kertu Data Panaliten .....                                                                                                                                | 38 |
| Tabel 2 : Tuladha Format Hasil Analisis Data .....                                                                                                                  | 40 |
| Tabel 3 : Asiling Panaliten Jinis saha <i>Fungsini</i> pun <i>Tindak Tutur Direktif</i><br>ing Novel Kumpule Balung Pisah Anggitanipun Achmad Saerozi<br>A. M. .... | 44 |

## PRATELAN LAMPIRAN

Kaca

*Lampiran 1: Analisis Data Jinis, Titikan, saha Fungsipun Tindak Tutur*

*Direktif ing Novel Kumpule Balung Pisah..... 133*

## PRATELAN CEKAKAN

**KBP** : Kumpule Balung Pisah

**A** : *Langsung Literal*

**B** : Boten *Langsung Literal*

**C** : *Langsung Boten Literal*

**D** : Boten *Langsung Boten Literal*

**E** : Paminta (*requestives*)

**F** : Pitaken (*questions*)

**G** : Printah (*requirements*)

**H** : Pamenging (*prohibitives*)

**I** : Maringi idi (*permissives*)

**J** : Maringi saran (advisor)

## **TINDAK TUTUR DIREKTIF ING NOVEL KUMPULE BALUNG PISAH**

**ANGGITANIPUN ACHMAD SAEROZI A. M.**

**dening**

**Dwi Wulandari**

**NIM 16205241026**

### **SARINING PANALITEN**

Panaliten menika ancasipun kangge ngandharaken bab *tindak tutur direktif* wonten ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. Perkawis ingkang kaandharaken inggih menika: jinising *tindak tutur direktif* ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M., titikan *tindak tutur direktif* ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M., saha *fungsi tindak tutur direktif* ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M.

Panaliten menika kalebet jinis panaliten *deskriptif*. Data panaliten menika awujud tembung, *frasa*, *klausa* saha ukara ingkang ngewrat *tindak tutur direktif*. Sumber *data* ingkang ingkang dipunginakaken inggih menika novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad saerozi A. M. Caranipun ngempalaken data ing panaliten menika ngginakaken teknik maos saha nyerat. Data dipunanalisis kanthi *analisis deskriptif*. *Validitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *validitas triangulasi teori* saha *professional judgment*. Dene, *reliabilitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *uji reliabilitas stabilitas*.

Asiling panaliten menika ngandharaken jinis, titikan, saha *fungsi tindak tutur direktif* wonten ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. Jinisipun *tindak tutur direktif* wonten ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. wonten sekawan inggih menika: (1) *tindak tutur direktif langsung literal*, (2) *tindak tutur direktif boten langsung literal*, (3) *tindak tutur direktif langsung boten literal*, saha (4) *tindak tutur direktif boten langsung boten literal*. Titikan *tindak tutur direktif* wonten ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. saged dipuntingali wonten ing tuturanipun, titikanipun awujud tembung, *frasa*, *klausa*, menapa ukara. *Fungsipun tindak tutur direktif* wonten ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. inggih menika: (1) *tindak tutur direktif langsung literal* ingkang *funksipun* kangge paminta, pitaken, perintah, pamenging, maringi idi, saha maringi saran; (2) *tindak tutur direktif boten langsung literal* ingkang *funksipun* kangge pitaken saha maringi saran; (3) *tindak tutur direktif langsung boten literal* ingkang *funksipun* kangge paminta, perintah, pamenging, maringi idi, saha maringi saran; saha (4) *tindak tutur direktif boten langsung boten literal* ingkang *funksipun* kangge pitaken, perintah, saha maringi saran.

Pamijining tembung: *pragmatik, tindak tutur, direktif, novel, Kumpule, Saerozi*



## BAB I

### PURWAKA

#### A. Dhasaring Panaliten

Basa Jawi menika minangka piranti ingkang dipunginakaken tiyang Jawi kangge sarana pawicantenan setunggal tiyang kaliyan sanesipun. Pawicantenan saged kadadosan menawi wonten tiyang ingkang ngendika (*penutur*) saha tiyang ingkang dipunajak pangandikan (*lawan tutur*). Priyantun ingkang pangandikan menika ancasipun werni-werni, cakrikipun werni-werni ugi. Tuladhanipun priyantun ingkang nembe pawicantenan menika gadhah ancas kangge ngandharaken salah satunggal kadadosan, printah dhateng tiyang sanes, saha nyuwun pirsu dhateng tiyang ingkang dipunajak pawicantenan. Wonten ing pasrawungan ugi dipunbetahaken *tindak tutur* amargi *tindak tutur* menika sarining pasrawungan.

Wonten ing pirembagan *pragmatik*, *tindak tutur* menika minangka asiling ujaran. Asiling ujaran beda-beda gumantung kawontenan nalika medhar. Kawontenan kala wau dados dhasar beda-bedaning ukara saha tegesipun. Wonten *tindak tutur* boten namung nengenaken teges saha wujud ing ukara, ananging ugi nggatosaken bab tumindaking wicantenan. Wonten ing *pragmatik*, *tindak tutur* menika gadhah mapinten-pinten jinis. Miturut Searle (lumantar Nadar, 2009: 14-15) ngandharaken bilih jinisipun *tindak tutur* menika wonten *tindak lokusioner*, *tindak ilokusioner*, saha *tindak perlokusioner*.

*Lokusioner* inggih menika *tindak tutur* ingkang awujud pangandikan miturut menapa wontenipun. Tuladhanipun “*Aku mulih sekolah jam 2 awan*”. *Ilokusioner* inggih menika *tindak tutur* ingkang ancasipun supados *lawan tutur* nindakaken menapa ingkang dipunkajengaken panutur. Tuladhanipun “*Jupukna sapu kae!*”. *Perlokusioner* inggih menika *tindak tutur* ingkang saged paring pengaruh lawan tutur, kadosta *mengancam*, *membujuk*, saha *mengintimidasi*. Tuladhanipun “*Nek sesuk ora dibayar, omahmu tak obrak-abrik*”.

*Tindak tutur* menika maneka warni jinisipun. Salah satunggaling *tindak tutur* wonten ing padintenan inggih menika *tindak tutur direktif*. *Tindak tutur direktif* miturut Searle (lumantar Rohmadi, 2004: 32) tuladhanipun paminta, pitaken, perintah, pamenging, maringi idi, saha maringi saran. Tuladhanipun *tindak tutur direktif* ing padintenan kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika dumados antawisipun Ibu kaliyan Rini wonten ing dalemipun. Ibu mriksani menawi latar ing dalemipun menika reged sanget.

Ibu : “ Sapunen latar kae ndhuk, kok le reged banget ngantian”

Rini : “Nggih bu, sekedhap”.

Tuturan menika nedahaken *tindak tutur direktif* amargi ngaturaken perintah. Ibu paring perintah dhateng Rini (larenipun) supados nyapu latar ingkang reged. *Tindak tutur direktif* ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif* ingkang *fungsinipun* kangge perintah saged dipuntitiki saking tembung “sapunen latar kae”. *Fungsinipun* tembung “sapunen latar kae” kangge perintah dhateng larenipun inggih menika Rini. Awit saking andharan ing nginggil, saged dipundudut bilih tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* perintah (*requirements*).

Wonten ing panaliten menika, panyerat milih novel *Kumpule Balung Pisah*. Novel inggih menika salah satunggaling karya sastra ingkang awujud cariyos prosa. Novel menika ngandharaken kanthi *spesifik* salah satunggaling tema ingkang dipunandharaken saking cariyos salah satunggaling tiyang kaliyan tiyang sanesipun wonten ing sakiwa tengen. Cariyos novel menika ngandharaken bab satunggal adegan saha adegan sanesipun saha saking papan satunggal tumuju papan sanesipun kanthi wekdal ingkang dangu.

Novel *Kumpule Balung Pisah* menika nyariyosaken salah satunggaling kulawarga ingkang gesang bebrayanipun ayam tentrem, ananging wonten ing salah setunggal dinten bapak saha ibunipun pisah. Lajeng bapakipun gadhah garwa malih, ananging garwanipun menika patrapipun boten sae dhateng putra putri sambungipun.

Alesan panyerat nлити novel *Kumpule Balung Pisah* menika amargi kathah dipunpanggihaken wujuding tuturan *direktif*. *Tindak tutur direktif* ingkang dipunpanggihaken wonten ing novel *Kumpule Balung Pisah* menika kathah jinisipun, ananging wonten ing novel menika panandha *satuan lingual direktif* (!) boten sami dipunserat miturut menapa paugeranipun. Awit saking menika, panyerat badhe nлити ngrembag bab jinising *tindak tutur direktif*, *titikan tindak tutur direktif*, saha *fungsi tindak tutur direktif* ing novel *Kumpule Balung Pisah* anggitanipun Achmad Saerozi A. M kanthi irah-irahan “*Tindak Tutur Direktif ing Novel Kumpule Balung Pisah Anggitanipun Achmad Saerozi A. M.*”

## B. Underaning Perkawis

Adhedhasar dhasaring panaliten ing nginggil, panyerat nemtokaken underaning perkawis kados ing ngandhap menika.

1. Jinising *tindak tutur direktif* ing novel *Kumpule Balung Pisah* anggitanipun Achmad Saerozi A. M.
2. Titikan *tindak tutur direktif* ing novel *Kumpule Balung Pisah* anggitanipun Achmad Saerozi A. M.
3. *Fungsi tindak tutur direktif* ing novel *Kumpule Balung Pisah* anggitanipun Achmad Saerozi A. M.
4. *Aspek kesantunan tindak tutur direktif* ing novel *Kumpule Balung Pisah* anggitanipun Achmad Saerozi A. M.
5. *Frekuensi jinis ukara tindak tutur direktif* ing novel *Kumpule Balung Pisah* anggitanipun Achmad Saerozi A. M.

## C. Watesaning Perkawis

Adhedhasar underaning perkawis wonten ing nginggil, panaliten menika dipunwatesi perkawis-perkawis wonten ing ngandhap menika.

1. Jinising *tindak tutur direktif* ing novel *Kumpule Balung Pisah* anggitanipun Achmad Saerozi A. M.
2. Titikan *tindak tutur direktif* ing *Kumpule Balung Pisah* anggitanipun Achmad Saerozi A. M.
3. *Fungsi tindak tutur direktif* ing novel *Kumpule Balung Pisah* anggitanipun Achmad Saerozi A. M.

#### D. Wosing Perkawis

Miturut watesaning perkawis, wonten panaliten menika badhe dipunrembag perkawis wonten ing ngandhap menika.

1. Menapa kemawon jinisipun *tindak tutur direktif* ing novel *Kumpule Balung Pisah* anggitanipun Achmad Saerozi A. M.?
2. Menapa titikan *tindak tutur direktif* ing *Kumpule Balung Pisah* anggitanipun Achmad Saerozi A. M.?
3. Menapa kemawon *fungsi tindak tutur direktif* ing novel *Kumpule Balung Pisah* anggitanipun Achmad Saerozi A. M.?

#### E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar wosing perkawis, ancasing panaliten badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Ngandharaken jinisipun *tindak tutur direktif* wonten ing novel *Kumpule Balung Pisah* anggitanipun Achmad Saerozi A. M.
2. Ngandharaken titikan *tindak tutur direktif* wonten ing *Kumpule Balung Pisah* anggitanipun Achmad Saerozi A. M.
3. Ngandharaken *fungsi tindak tutur direktif* wonten ing novel *Kumpule Balung Pisah* anggitanipun Achmad Saerozi A. M.

#### F. Paedahing Panaliten

Panaliten menika kaangkah gadhah paedah *praktis* inggih menika, panaliten menika saged paring ngelmi utawi seserepan dhumateng panyerat saha

pamaos bab ngelmi basa *kajian pragmatik, tindak tutur direktif*, mliginipun wonten ing novel *Kumpule Balung Pisah*.

### **G. Pangertosan**

Variabel ing irah-irahan panaliten *Tindak Tutur Direktif ing Novel Kumpule Balung Pisah Anggitanipun Achmad Saerozi A. M.*, kajlentrehaken kados ing ngandhap menika.

1. *Tindak Tutur* inggih menika tuturan kangge ngandharaken salah satunggaling bab supados maksud saking tiyang ingkang ngendika (*penutur*) dipunmangertosi dening tiyang ingkang dipunajak pangandikan (*lawan tutur*). Tuladhanipun “*Kuwi ana sampah neng ngarepmu.*”.
2. *Tindak Tutur Direktif* inggih menika kangge ngandharaken supados lawan tuturipun nindakaken salah satunggaling bab ingkang dipunkajengaken dening penutur kadosta paminta, panyuwun, pangajak, pitaken, prentah, saha maringi saran. Tuladhanipun “*Patenana lampu kae!*”.
3. Novel inggih menika salah satunggaling karya sastra ingkang awujud cariyos prosa. Cariyos menika ngandharaken bab mendalam salah satunggaling tema ingkang dipunandharaken saking cariyos salah satunggaling tiyang kaliyan tiyang sanesipun wonten ing sakiwa tengenipun.

## BAB II

### GEGARAN TEORI

#### A. Andharan Teori

##### 1. *Pragmatik*

Miturut Leech (lumantar Wijana, 1996: 3), *pragmatik* inggih menika cabang ngelmi ingkang ngandharaken bab basa saha tata basa ing antawisipun *fonologi, morfologi, sintaksis, saha semantik*. Leech (lumantar Wijana, 1996: 9) ngandharaken ugi bilih “*pragmatic studies meaning in relation to speech situation*”. (*Pragmatik* inggih menika studi ingkang nyinau gegayutan basa kaliyan *kemampuan* basa). Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih *pragmatik* inggih menika ngelmi ingkang gayut kaliyan *konteksipun*. Dados, kita kedah pirsia *konteksipun* supados mangertos andharanipun. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika dumados antawisipun Mbok Nem kaliyan Darminah wonten ing dalemipun Mbok Nem. Mbok Nem menika rewangipun Pak Sastra (tiyang sepuhipun Darminah). Ing pirembagan menika nyariyosaken sasampunipun Mbok Nem boten dados rewangipun Pak Sastra. Mbok Nem ngantos nangis mireng cariyosipun Darminah. Darminah ugi mekaten, cariyos kaliyan nangis.

Mbok Nem : “.... Hhmmm .... hek, hek ...., o Allah mas Rara, kula nggih boten ngira .... hek ...., ....o, teka saniki mas Rara ngantos ngalami lelakon kados ngaten .....”.

Darminah : “Iya, mbok Nem ....., sapungkurmu saka daleme bapak biyen ..., ... ora ngira aku yen ... ooo ..”.

(Novel Kumpule Balung Pisah: 7)

*Pragmatik* miturut andharanipun (Yule, 2014: 3) inggih menika ngelmi ingkang nyinaoni bab makna ingkang dipunandharaken dening panyerat (*panutur*) saha dipun*tafsir*aken dening tiyang ingkang maos/pamaos (*pendengar*). Saking pamanggih ing nginggil, saged dipunmangertosi bilih *pragmatik* menika nyinau bab makna ingkang dipunandharaken dening panutur supados tiyang ingkang dados lawan tuturipun saged mangertos. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Bu Sastro kaliyan Darminah. Darminah menika badhe dipunpalakramakaken kaliyan Parjono, ananging Darminah boten purun amargi sampun gadhah tiyang ingkang dipuntresnani.

Bu Sastro : “Lo kepriye ta kuwi ... kowe wis karembug bakal kajodhokake Parjono . . .”

Darminah : “Inkang ngrembag sinten?”

Bu Sastro : “Lha sapa maneh yen ora wong tuwamu. Wong tuwamu sapa maneh yen ora bapakmu lan aku ...? Percayaa bae nyang wong tuwamu, ora-orane yen bakal gawe sengsarane awakmu . . .”.

(Novel Kumpule Balung Pisah: 53)

Moore (lumantar Rusminto, 2015: 58) ngandharaken bilih *pragmatik* inggih menika cara kangge ngandharaken basa ingkang kadadosan ing *konteks* tartamtu. *Pragmatik* menika ngandharaken makna gayut kaliyan *konteks*ipun. Dados, *pragmatik* ngrembag bab basa gayut kaliyan makna saha *konteks*ipun. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Nurma kaliyan Shinta ing sekolahan. Kala wingi Shinta saha Nurma bibar mirsani konseripun Sheila On 7. Inkang mirsani konser menika dumugi jam 11 dalu lan dalan sampun sepi sanget.

Nurma : “Kowe wingi tekan ngomah jam pira? Lak ora papa ta?”

Shinta : “Aku wingi tekan ngomah jam setengah 12. Untung aku ra ana apa-apa neng dalan.”



Kasher (lumantar Putrayasa, 2015: 1) ngandharaken bilih *pragmatik* inggih menika ngelmi ingkang nyinaoni kados pundi basa dipunginanakaken saha kados pundi cak-cakanipun wonten ing *konteks*. Pangretosan *pragmatik* menawi dipungayutaken kaliyan *konteks*: (a) *pragmatik* inggih menika ngelmi ingkang gayut kaliyan basa saha *konteks* ingkang dipungramatikalisasikaken saha dipunkodekaken wonten ing *struktur* basa, saha (b) *pragmatik* inggih kajian bab panganggening basa kangge njumbuhaken ukara saha *konteks* supados ukara kasebut sae menawi dipunadharaken. Saking pamanggih ing nginggil, saged dipunmangertosi bilih *pragmatik* menika betahaken *konteks*. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

Konteks : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Bu Sastro kaliyan Darminah. Darminah nembe wangsul saking dalemipun Mbok Nem lajeng mirsani menawi Darmanto saha Darmini dipundukani Bu Sastro amargi nyuwun maem.  
 Darminah : “Wonten punapa ta, Bu ... wau?”  
 Bu Sastro : “Yakuwi ...., mblayang nyang ngendi iki mau, ora weruh adhine padha setanen. Delengen wong durung ana sega, wakul isih kothong, teka wis nagih ....”.

(Novel Kumpule Balung Pisah: 43)

Levinson (lumantar Rahardi, 2005: 48) ugi ngandharaken bilih *pragmatik* minangka *studi* basa ingkang nyinau bab gegayutanipun basa kaliyan *konteks*ipun. Saking pamanggih ing nginggil saged dipunmagertosi menawi *pragmatik* menika nyinau bab gegayutan basa kaliyan *konteks*ipun. Dados, *pragmatik* menika betahaken *konteks*. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

Konteks : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Sundari kaliyan Sundoro. Sundoro menika masipun Sundari. Sundoro lunga saking dalem amargi tumindakipun kirang sae, namung judhi kemawon.

Wonten ing pirembagan menika, Sundoro wangsul nalika tiyang sepuhipun medal saha badhe mendhet gelangipun Sundari.  
 Sundoro : “Enggal bukaken lawange, Sun ..... selak kadhemen aku .....”.  
 Sundari : “Metu lawang mburi bae ....”  
 (Novel Kumpule Balung Pisah: 62)

Adhedhasar pangretosan-pangretosan ngengingi *pragmatik* ingkang dipunandharaken dening para *ahli* wonten ing nginggil, saged dipundudut bilih *pragmatik* inggih menika ngelmi ingkang nyinau bab makna ingkang kedah nggatosaken *konteksipun* supados saged mangertos pirembaganipun.

## 2. *Konteks*

Nalika tiyang sami wawan rembag tamtu kedah mangertos maksud saha ancasing pirembagan. Ancas saha ancasing pirembagan menika saged dipunmangertosi menawi kita ugi mangertos menapa *konteks* ing pirembagan menika. Cummings (2010: 37) ngandharaken bilih *konteks* inggih menika *konsep* ingkang wiyar gayutanipun kaliyan *fisik, linguistik, epistemis, saha sosial*. Saking pamanggih ing nginggil saged dipunmagertosi bilih *konteks* menika kawontenan ingkang gayut kaliyan *fisik, linguistik, epistemis, saha sosial*. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Mbok Nem kaliyan Darminah wonten ing dalemipun Mbok Nem. Darminah cariyos dhateng Mbok Nem menawi piyambakipun sampun boten kiyat kaliyan Ibu sambungipun. Ibu sambungipun menika galak sanget dhateng putra putri sambungipun.  
 Darminah : “O, Mbok Nem, kapan rampunge lelakon iki ta, Mbok ...”.  
 Mbok Nem : “..... Dikiyat-kiyatke kriyin ta mas Rara .... mbok manawi nggih boten dangu malih ...”.

(Novel Kumpule Balung Pisah: 41)

Mey (lumantar Nadar, 2009: 3-4) ugi ngandharaken bilih *konteks* inggih menika kawontenan ing sakiwa tengen antawisipun panutur saha lawan tutur supados saged pirembagan lan mangertos menapa ingkang dipunrembag. Dados, *konteks* menika gayut kaliyan penutur saha lawan tuturipun ingkang sami pirembagan lan kekalihipun mangertos maksud saking pirembagan kasebut. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Rini kaliyan Ana wonten ing kelas nalika biji ulangan Matematika dipunandharaken. Ana ngraosaken menawi bijinipun Rini sampun sae, ananging miturut Rini, bijinipun boten sae.  
 Rini : “Wah lha elek banget ujian Matematikaku gur oleh 92!”  
 Ana : “Elek piye to, Rin? Iki bijiku wae gur 75”.

Wonten ing pirembagan *pragmatik*, *konteks* menika wigati sanget. Kita boten saged mangertos tegesipun *pragmatik* ingkang jangkep menawi *konteks*ipun boten dipunsebutaken. *Konteks* menika ugi gayut kaliyan *peristiwa tutur*. *Peristiwa tutur* gayut kaliyan panutur ingkang dipunajak pirembagan wonten ing papan, wekdal, saha situasi tartamtu. Saking andharan ing nginggil saged dipunmangertosi bilih *konteks* inggih menika kawontenan pirembagan antawisipun papan, wekdal, saha situasi ingkang saged nyengkuyung kangge mangertosi maksud saha ancasing pirembagan.

Miturut Hymes (lumantar Lubis, 2015: 87) titikan *konteks* antawisipun wontenipun pamicara (*advesser*); pamireng (*advesse*); *topik* kangge pawicantenan; wekdal saha papan (*setting*); basa seratanipun, lisan, boten lisan (*channel*); dialek/*style* (*code*); debat, pirembagan, upacara agami (*massage from*); saha kadadosan (*event*). Saksanesipun menika, wonten pamanggih ingkang

ngandharaken langkung wiyar gayut kaliyan prastawa pawicantenan. Dell Hymes (lumantar Mulyana, 2005: 23-24) ngandharaken aspek utawi komponen tutur menika wonten 8 komponen ingkang dipuncakakaken dados *SPEAKING* kados ing ngandhap menika.

- a. *Setting and Scene*: wekdal saha papan (kondisi psikologis saha kultural) nalika wicantenan. Nalika wicantenan ing papan sepi saha papan ingkang rame menika beda. Ing lapangan bal kita kedah ngendika seru, ananging menawi wonten ing perpustakaan kita kedah ngendika rindik sanget. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Rio saha Rizki nembe mirsani bal-balan wonten ing stadion. Rio nyuwun pirsu dhateng Rizki kanthi swanten ingkang seru supados saged kapireng.

Rio : “Saiki jam piro, Ris?”

Rizki : “Lagi jam 15.30, yo!”

- b. *Participants*: tiyang ingkang wonten nalika wicantenan. Tiyang ingkang wonten ing pawicantenan kadosta pamicara saha pamireng, pangirim saha panarima (*pesan*) ingkang saged gantosan posisinipun. Ingkang pamicara saged gantosan dados pamireng, ugi mekaten ingkang pangirim saged gantosan dados panarima. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Runi, Anton, saha Fika wonten ing kelas ngrembag bab biji ulangan Fisika.

Runi : “Kowe dha oleh pira ulangane Fisika?”

Anton : “Aku oleh 88, Run.”

Fika : “Aku malah oleh 84.”

Runi : “Lha kok dha oleh apik. Aku lho gur oleh 75.”

- c. *Ends*: maksud utawi ancas ing wicantenan. Maksud utawi ancas nalika wicantenan gumantung pamicara saha pamirengipun. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Bu Dini dosen linguistik nembe ngandharaken materi supados mahasiswaipun mangertos. Bian nggatosaken materi ingkang dipunandharaken Bu Dini, ananging Udin boten nggatosaken materi, namung nggatosaken pasuryanipun Bu Dini.

Bian : “Woalah dadi ngono to, Din konsepe kuwi mau.”

Udin : “Mbuh ra ngerti aku. Sing penting dosene ayu banget.”

- d. *Acts of sequence*: wujud saha wosing saking ujaran. Wujud ujaran menika ing *pragmatik* kadosta *lokusi*, *ilokusi*, saha *perlokusi*. Dene, wosing ujaran gayut kaliyan tetembungan ingkang dipunaturaken saha pokok ingkang dipunrembag. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Dika saha Yani ing dalemipun Yani. Yani nembe wangsul saking plesir ing Bali nyariosaken menawi Bali menika endah.

Dika : “Kowe wingi tekan ngomah jam pira?”

Yani : “Aku wingi tekan sekitar jam 08.00. Wahhh pokoke apik banget neng Bali. Kowe kapan-kapan kudu rana, Dik.”

Dika : “Hhhhh. Ya sok kapan-kapan tak rana ben ngerti Bali.”

- e. *Key*: cara utawi jiwa kangge ngandharaken wicantenan. Nalika tiyang wicantenan wonten ingkang dipunandharaken kanthi bungah, sedhih, ngati-ati, *isyarat*, saha *scepet*.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Mini saha Mina ing sekolahan. Mini cariyos dhateng Mina menawi piyambakipun bungah saget saged menang lomba badminton.

Mini : “Wahhhhhhhh, aku seneng banget Na isa juara lomba badminton!!!”

Mina : “Wahh, Alhamdulillah ya Min. Aku ya melu seneng banget nek kowe menang ki.”

- f. *Instrumentalities*: kaidah basa ingkang dipunginakaken nalika wicantenan. Nalika tiyang wicantenan menika wonten ingkang awujud lisan, tulis, telegraf, telepon, saha wonten ingkang ngginakaken kode, kadosta basa, dialek, register, saha slang.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Zani saha Rida ingkang sami-sami tiyang Wonosobo. Zani nyuwun pirsu dhateng Rida kondur saking Wonosobonipun kapan.

Zani : “Rika wingi bali kang Wonosobo jam pira?”

Rida : “Bali jam 05.00 nyong kang Wonosobo.”

Zani : “Lah dene gasik temen. Apa rika ora kanyesen?”

Rida : “Li ya anyes banget.”

- g. *Norms*: norma utawi unggah-ungguh nalika wicantenan. Anggenipun wicantenan kedah nggatosaken tata krama. Nalika wicantenan dhateng tiyang ingkang sepuh kedah langkung sopan, beda nalika wicantenan dhateng tiyang ingkang langkung enem. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

Ngendika dhateng simbah: *Sumangga mbah, dhahar rumiyin!*

Ngendika dhateng adhik: *Ayo dhik, maem dhisik!*

- h. *Genre*: jinis andharan kangge ngandharaken andharan kadosta pawicantenan, geguritan, layang, artikel, lsp. Anggenipun ngandharaken andharan antawisipun geguritan, layang, artikel, lagu menika beda-beda gumantung jinisipun. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

Andharan geguritan ngginakaken basa ingkang puitis: *Tak sawang clorote mripatmu kanthi bungahing manah.*

Andharan layang ngginakaken basa ingkang *formal* utawi *resmi*: *Nyuwun pangapunten kala wingi kula boten saged tindak wonten ing adicaranipun panjenengan. Sepisan malih kula nyuwun pangapunten.*

### 3. *Tindak Tutur*

Chaer saha Agustina (2010: 50) ngandharaken bilih *tindak tutur* inggih menika salah satunggaling bab ingkang ngrembag makna saha ancas tindakan saking tuturanipun panutur wonten ing prastawa tartamtu. Dados, *tindak tutur* menika langkung ngrembag bab makna saha tegesipun tuturan panutur saha lawan

tuturipun wonten ing pirembagan tartamtu. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Darmanto saha Darminah ing kamar. Darmanto sampun boten kiyat kaliyan ibu sambungipun. Darmanto nyuwun idi dhateng Darminah menawi badhe madosi ibunipun.

Darmanto : “Aku dak nusul sibu ya, Yu? Aku wani nusul dhewe.”

Darminah : “Nyusul nyang endi, wong ora karuwan panggone.”

Darmanto : “Ya digoleki ta Yu, takon-takon, suwe-suwe rak ketemu.”

(Novel Kumpule Balung Pisah: 30)

Kridalaksana (Iumantar Putrayasa, 2015: 19) ugi ngandharaken bilih *tindak tutur* inggih menika ‘*pertuturan/speech act, speech event*’: cara ngandharaken salah satunggaling bab supados maksud saking *pembicara* dipunmangertosi dening *pendengar*. Dados, *tindak tutur* menika cara kangge ngandharaken salah satunggaling bab supados pamirengipun mangertos maksud saking pamicara. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Pak Sastra saha Darminah ing dalem. Pak Sastra ngandharaken dhatang putra-putrinipun menawi badha krama malih.

Pak Sastra : “Ora kok ibumu kondur, Mien. Yen ibumu iku wis ora kena kaarep-arep kondure. Kabar panggonane bae ora genah .... Sing dakkarepke duwe ibu maneh iku: ibu anyar, Ndhuk.”

Darminah : “Dados ..... ee, Bapak krama malih, ta?”

Pak Sastra : “He-eh ....”

(Novel Kumpule Balung Pisah: 21)

Wonten ing Yule (2014: 82) *tindak tutur* inggih menika *tindakan* ingkang dipunandharaken mawi tuturan. Djajasudarma (2012: 53) ugi ngandharaken bilih *tindak tutur* utawi *tindak ujar* inggih menika salah satunggaling *unsur pragmatik* ingkang gayut kaliyan pamicara-pamireng utawi panyerat-pamaos sarta ingkang dipunandharaken. Dados, *tindak ujar* menika raket sanget antawisipun tiyang

ingkang ngendika saha tiyang ingkang dipunajak pangandikan. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Darmini kaliyan Darminah saha ibu sambungipun ing dalem. Darmini nyuwun maem dhateng Darminah amargi bibar sekolah luwe sanget. Darminah lajeng nyuwun idi dhateng ibu sambungipun supados Darmini nedha rumiyin boten ngentosi bapak.

Darmini : “Yu, nyuwun maem.”

Darminah : “Bu, mbok inggih adhik-adhik kajengipun sami nedha rumiyin.”

Ibu : “O, kowe sing wis gerang ora ngerti ngajari adhi-adhine. Apa apik bocah nyisani wong tuwa? Dhidhikane sapa ngono kuwi?”

(Novel Kumpule Balung Pisah: 25-26)

Adhedhasar pangretosan-pangretosan ngengingi *tindak tutur* ingkang dipunandharaken dening para *ahli* wonten ing nginggil, saged dipundudut bilih *tindak tutur* inggih menika cara kangge ngandharaken satunggaling bab antawisipun panutur dhateng lawan tutur supados saged mangertosi pirembaganipun.

#### **4. Jinising Tindak Tutur**

*Tindak tutur* menika kathah jinisipun. Miturut Searle (lumantar Wijana saha Rohmadi, 2009: 21) ngandharaken bilih jinisipun *tindak tutur* menika wonten tiga inggih menika *tindak lokusi* (*locutionary act*), *tindak ilokusi* (*illocutionary act*), saha *tindak perlokusi* (*perlocutionary act*). Andharan badhe dipunrembag kados ing ngandhap menika.

##### **a. Tindak lokusi**

*Tindak ilokusi* inggih menika *tindak tutur* kangge ngandharaken salah satunggaling bab. Dados, *tindak lokusi* menika *tindak tutur* kangge ngandharaken



salah satunggaling bab kados menapa wontenipun (*fakta*). Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Sinta kaliyan Siti ing kelas. Sinta ingkang mangertos Siti radi sedhih lajeng taken dhateng Siti.

Sinta : “Kowe ngapa, Sit?”

Siti : “Abot banget, Sin. Wong tuaku arep pisahan, Sin.”

### **b. Tindak ilokusi**

*Tindak ilokusi* inggih menika *tindak tutur* kangge ngandharaken utawi paring *info* salah satunggaling bab. Dados, *tindak ilokusi* menika *tindak tutur* kangge ngandharaken salah satunggaling bab supados ingkang dipunajak pangandikan mangertos maksud saking pamicara. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Ibu kaliyan Rina ing dalem. Wonten ing dalem menika, lataripun reged sanget.

Ibu : “Kok reged banget, Rin kuwi latare?”

Rina : “Oh, nggih bu. Sekedhap kula sapu.”

### **c. Tindak perlokusi**

*Tindak perlokusi* inggih menika tindakan kangge paring pengaruh lawan tutur utawi tiyang kadosta *melakukan, mengintimidasi, saha membujuk*. Dados, *tindak perlokusi* inggih menika *tindak tutur* kangge paring pengaruh dhateng lawan tuturipun supados nindakaken kados ingkang dipunkajengaken pamicara. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Bapak kaliyan Dani ing dalem. Dani menika bibar dolan lan wangsulipun wengi sanget.

Bapak : “Ngapa jam semene lagi mulih? Nganti sesuk bali nganti wengi, ora bakal tak bukakke lawang!”

Dani : “Nggih, pak nyuwun pangapunten. Benjing-benjing malih menawi dolan boten dumugi wengi sanget.”

Miturut Searle (lumantar Rohmadi, 2004: 32) ngandharaken bilih ujaran dipunperang dados gangsal inggih menika *representatif*, *direktif*, *ekspresif*, *komisif* saha *deklarasi*. Andharanipun badhe dipunrembag kados ing ngandhap menika.

#### **a. Representatif**

*Representatif* inggih menika *tindak tutur* kangge ngandharaken salah satunggaling bab menapa wontenipun kadosta *melaporkan*, *menyatakan*, *menunjukkan*, *menyebutkan*. Dados, *representatif* menika salah satunggaling *tindak tutur* ingkang ngandharaken salah satunggaling bab kados menapa wontenipun ing sakiwa tengen (*fakta*). Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan ing kelas antawisipun guru saha muridipun. Gurunipun ngandharaken materi ingkang badhe dipunrembag saha paring pitakenan dhateng muridipun.

Guru : “Wonten ing pertemuan samenika, badhe ngrembag bab wayang. Sinten ingkang mangertos wayang menika menapa?”

Sinta : “Kula, bu!”

Guru : “Nggih Sinta, menapa?”

#### **b. Direktif**

*Direktif* inggih menika *tindak tutur* kangge ngandharaken supados lawan tutur saged nindakaken salah satunggaling bab saking panutur kadosta *meminta*, *memohon*, *mengajak*, *bertanya*, *memerintah*, dan *menyarankan*. Dados, *direktif* inggih menika *tindak tutur* ingkang gadhah maksud supados lawan tutur saged nindakaken kados menapa ingkang dipunkajengaken pamicara. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Bapak saha Lisa ing teras dalemipun. Bapak badhe maos koran, ananging kacatingalipun wonten ing kamaripun bapak.

Bapak : “Ndhuk, tulung jupukna kacamatane bapak neng kamare bapak, ya!”

Lisa : “Oh, nggih pak. Sekedhap.”  
 Lisa : “Menika kacatingalipun, pak.”  
 Bapak : “Oh, yaa. Matur nuwun, ya.”  
 Lisa : “Nggih, pak. Sami-sami.”

### c. *Ekspresif*

*Ekspresif* inggih menika *tindak tutur* kangge ngandharaken *ekspresi* utawi *sikap* kadosta atur pambagyaharja, atur panuwun, pangalembana, panyaruwe, atur mangayubagya saha atur bela sungkawa. Dados, *ekspresif* inggih menika *tindak tutur* kangge ngandharaken *ekspresi* saking pamicara kadosta atur pambagyaharja, atur panuwun, pangalembana, panyaruwe, atur mangayubagya saha atur bela sungkawa. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Dina kaliyan Susi wonten ing kampus. Dina atur mangayubagya dhateng Susi amargi sampun juara maos geguritan.  
 Dina : “Sus, kowe menang lomba maca geguritan?”  
 Susi : “Hoo. Lha jare sapa kowe?”  
 Dina : “Kae wingi jare Fajar. Wahhhh selamat ya, Sus. Aku melu seneng iki.”  
 Susi : “Matur nuwun banget ya, Din.”

### d. *Komisif*

*Komisif* inggih menika *tindak tutur* kangge mendorong *pembicaraan* nindakaken salah satunggaling bab kadosta *berjanji*, *bernazar*, *bersumpah*, saha *ancaman*. Dados, *komisif* inggih menika supados tiyang ingkang dipunajak pangandikan saged nindakaken salah satunggaling bab kadosta *berjanji*, *bernazar*, saha *bersumpah*. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Ninda kaliyan Faya wonten ing lapangan badminton. Faya janji dhateng Ninda menawi piyambakipun saged menang wonten ing O2SN, badhe maringi bebingah dhateng Ninda.  
 Faya : “Wah, kesel banget latihan dina iki. Pokoke nek aku sesuk menang O2SN, kowe bakal tak kei hadiah, Nin.”

Ninda : “Aamiin. Semoga menang kowe, Fa. Ben aku dikei hadiah.”

#### **e. Deklarasi**

*Deklarasi* inggih menika *tindak tutur* ingkang ancasipun supados panutur saged nindakaken salah satunggaling bab ingkang enggal, kadosta *memutuskan, membatalkan, melarang, mengizinkan, saha memberi maaf*. Dados, *deklarasi* inggih menika *tindak tutur* ingkang ancasipun supados panutur nindakaken salah satunggaling bab ingkang enggal. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Galih kaliyan Fandi wonten ing telfon. Galih boten saged ningali bal-balan kaliyan Fandi, amargi simbahipun seda.

Galih : “Halo Assalamualaikum, fan.”

Fandi : “Walaikumsalam, lih. Ana apa, lih?”

Galih : “Sorry ya , fan. Aku ora isa melu ndelok bal-balan. Aku lagi wae dikabari nek simbahku seda.”

Fandi : “Innalillahi wa innailaihi raji’un. Hoo rapapa, lih. Aku melu bela sungkawa, ya.

Galih : “Ya, fan matur nuwun, Ya wis ya ngono wae. Assalamualaikum.”

Fandi : “Waalaikumsalam.”

Jinsipun *tindak tutur* miturut Wijana (1996: 30) wonten sekawan inggih menika *tindak tutur langsung, tindak tutur boten langsung, tindak tutur literal*, saha *tindak tutur boten literal*. *Tindak tutur langsung* miturut Wijana (1996: 30) inggih menika tuturan ingkang dipunandharaken jumbuh kaliyan menapa wontenipun kadosta ngandharaken pawartos, kangge nyuwun pirsu (ukara pitaken), dene ukara pakon kangge ndhawuhi, ngajak, saha nyuwun pambiyantu. Tuladhanipun kadosta “*Sidin nduwe kucing lima*”, “*Omahmu neng sisih ngendi?*”, saha “*Jupukna sapu kuwi!*”. Tuladha *tindak tutur langsung* sanesipun badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Bapak saha Edi wonten ing griya. Wekdal pirembagan menika kadadosan nalika badhe magrib. Bapak nembe siram saha motoripun taksih wonten ing njawi.

Bapak : “Di, tulung lebokna motore bapak!”

Edi : “Nggih, pak.”

Tuturan ing nginggil ingkang dipuntuturaken dening Bapak menika *modus*ipun ukara pakon. Dene ancasipun saking tuturan ing nginggil kangge ndhawuhi Edi supados nglebetaken motoripun Bapak. Tuturan ingkang dipuntuturaken Bapak antawisipun makna saha ancasipun menika sami. Awit saking menika, tuturanipun kalebet *tindak tutur langsung*.

*Tindak tutur boten langsung* miturut Wijana (1996: 31) inggih menika tuturan ingkang boten jumbuh kaliyan maknaipun, gumantung kaliyan *konteks* saha swasananipun. Dados, *tindak tutur boten langsung* menika kedah nggatosaken konteks saha swasananipun supados saged njumbuhaken kaliyan *modus* ukaranipun. Tuladhanipun kados ing ngandhao menika.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Ibu saha Andi wonten ing griya. Parembagan menika kadadosan nalika sonten badhe magrib. Kawontenan ing griya radi peteng amargi badhe ngancik wekdal surup.

Ibu : “Kok wis peteng ta iki?”

Andi : “Nggih, bu sekedhap. Kula urupaken lampunipun.”

Tuladha ing nginggil sejatosipun ukara pitaken, ananging ancasipun boten kangge nyuwun pirsaa. Ancasing saking tuturan ing nginggil kangge ndhawuhi tiyang ingkang dipunajak pangandikan. Awit saking menika tururan ing nginggil kalebet *tindak tutur boten langsung*.

*Tindak tutur literal (literal speech act)* menurut Wijana (1996: 32) inggih menika *tindak tutur* ingkang tegesipun sami kaliyan makna saking tetembungan ingkang ndadosaken tuturan menika. Dados, *tindak tutur literal* inggih menika antawisipun teges saha makna saking tembungipun tuturan menika sami. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Siska saha Rina minangka adikipun wonten ing ruang kulawarga. Rina nembe nyanyi saha Siska mirengaken anggenipun nyanyi. Rina menika nalika nyanyi swantenipun sae sanget.

Siska : “Kok apik banget suaramu, Rin.”

Rina : “Iya, mbak. Matur nuwun ya.”

Saking tuturan ing nginggil, antawisipun teges saha menapa ingkang dipungendikaken jumbuh kaliyan swasana saha kawontenanipun. *Tindak tutur* boten *literal (nonliteral speech)* menurut Wijana (1996: 32) inggih menika *tindak tutur* ingkang maksudipun boten sami kaliyan tetembungan ingkang ndadosaken tuturan menika. Dados, *tindak tutur* boten *literal* menika antawisipun teges saha maknanipun boten sami, gumantung *konteks* saha kawontenanipun. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Galih kaliyan Adi minangka adhikipun wonten ing ruang kulawarga. Galih nembe sinau amargi benjing ulangan lan Adi nembe ningali TV. Anggenipun Adi ningali TV menika swantenipun seru sanget lan nganggu Galih ingkang nembe sinau.

Galih : “Sing nyetel TV kurang seru! Diserokke meneh! Aku lagi sinau.”

Adi : Ya, mas tak rindikke lehku nyetel.”

Tuturan ing nginggil antawisipun teges saha maksudipun tiyang ingkang ngendika boten sami utawi boten jumbuh. Tegesipun tuturan saking Galih menika supados swantenipun TV dipuntambah, ananging maksudipun Galih menika supados swantenipun TV dipunkirangi. Pramila tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur boten literal*.

Adhedhasar jinising *tindak tutur* ing nginggil, *tindak tutur langsung* saha *tindak tutur boten langsung* miturut Wijana (1996: 33) saged dipungathukaken utawi dipuninterseksi kaliyan *tindak tutur literal* saha *tindak tutur boten literal*. *Tindak tutur*ipun menawi dipungathukaken dados *tindak tutur langsung literal*, *tindak tutur boten langsung literal*, *tindak tutur langsung boten literal*, saha *tindak tutur boten langsung boten literal*. Andharanipun kados ing ngandhap menika.

#### **a. Tindak Tutur Langsung Literal**

*Tindak tutur langsung literal* (*direct literal speech act*) miturut Wijana (1996: 33) inggih menika *tindak tutur* ingkang dipunandharaken antawisipun *modus* tuturan saha maknanipun sami kaliyan maksudipun penutur. Maksud perintah dipunandharaken kanthi perintah, ngandharaken pawarta ngginakaken ukara pawarta, saha pitakenan ngginakaken ukara pitaken. Dados, *tindak tutur langsung literal* inggih menika tuturan ingkang dipunandharaken dening panutur *modus* tuturan saha maknanipun sami. Tuladhanipun kadosta ing ngandhap menika.

- (1) Si Rizki ayu banget.
- (2) Bukaken lawang kuwi!
- (3) Jam pira saiki?

Tuturan (1), (2), (3) kalebet *tindak tutur langsung literal* ingkang maksudipun ngandharaken tiyang ingkang dipunginemaken ayu sanget, ndhawuhi supados lawan tuturipun mbikak lawang, saha taken samenika jam pinten. Maksud ngandharaken andharan ngginakaken ukara pawarta (1), maksud ndhawuhi ngginakaken ukara pakon (2), saha maksud taken ngginakaken ukara pitaken (3).

#### **b. *Tindak Tutur Boten Langsung Literal***

*Tindak Tutur Boten Langsung Literal (indirect literal)* miturut Wijana (1996: 34) inggih menika *tindak tutur* ingkang *modus* ukaranipun boten jumbuh kaliyan maksud tuturan menika, ananging tembung ingkang dipunginakaken jumbuh kaliyan suraosipun tiyang ingkang ngendika. Dados, *tindak tutur* boten *langsung literal* inggih menika tembung ingkang dipunginakaken panutur jumbuh kaliyan suraosipun, ananging menapa ingkang dipunkajengaken panutur boten jumbuh kaliyan tuturan. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

- (1) Kamar mandine reged.
- (2) Nengendi sapu sing neng kene, Di?

*Konteksipun* tuturan ing nginggil inggih menika Ibunipun ngendika dhateng putranipun. Tuturan (1) boten namung paring pawarta menawi kamar mandinipun reged, ananging ugi gadhah maksud sanes inggih menika “printah”, ingkang dipunandharaken ngginakaken ukara pawarta. Dene, tuturan (2) paring printah dhateng putranipun supados mendhetaken sapu, ananging dipunandharaken mawi boten langsung inggih menika ngginakaken ukara pitaken.

#### **c. *Tindak Tutur Langsung Boten Literal***



*Tindak tutur langsung boten literal (direct nonliteral speech)* miturut Wijana (1996: 35) inggih menika *tindak tutur* ingkang dipunandharaken kaliyan *modus* ukaranipun menika jumbuh kaliyan maksud tuturan, ananging makna ukaranipun boten sami kaliyan ingkang dipunkajengaken panutur. Dados, *tindak tutur langsung boten literal* menika tuturan ingkang *modus* ukaranipun jumbuh kaliyan maksudipun, ananging tembung ingkang ndadosaken ukara menika boten trep kaliyan suraosipun tuturan. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

- (1) Suaramu kok apik banget, Rin.
- (2) Walah aku sedhik tenan. Bijiku matematika gur oleh 93.

Tuturan (1) kalebet *tindak tutur langsung boten literal* amargi dipunandharaken mawi langsung lan maksudipun swanten lawan tuturipun boten sae. Dene, tuturan (2) dipunandharaken mawi langsung inggih menika ngginakaken ukara pawarta, ananging ingkang dipunkajengaken panutur maksudipun boten sedhik. Panutur menika ngendika dhateng lawan tuturipun ingkang boten sae bijinipun matematika, lajeng panutur badhe ngendika bilih bijinipun sae.

#### **d. *Tindak Tutur Boten Langsung Boten Literal***

*Tindak tutur boten langsung boten literal (direct nonliteral speech)* miturut Wijana (1996: 35-36) inggih menika *tindak tutur* ingkang makna saha *modus* ukaranipun boten jumbuh kaliyan maksud ingkang dipungendikakaken. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

- (1) Kamare resik banget.
- (2) TV ne rindhik banget, nganti ora krungu.

Saking tuturan ing nginggil, tuturan (1) *konteksipun antawisipun Ibu kaliyan putranipun, kamaripun putranipun menika reged sanget*. Dados, Ibunipun saking tuturan menika ndhawuhi putranipun ngginakaken ukara pawarta supados resik-resik kamaripun. Tuturan (2) *konteksipun antawisipun Rizki kaliyan Adi*. Adi nembe ningali Tv ananging seru sanget ngantos nganggu Rizki ingkang nembe sinau. Rizki ngaken Adi mawi ukara pawarta supados ngrindikaken TV nipun amargi nganggu.

Saking pamanggih-pamanggih ahli ing nginggil saged dipundudut, bilih jinising *tindak tutur* wonten *tindak lokusi, tindak ilokusi, saha tindak perlokusi*. Jinising ujaran wonten *representatif, direktif, ekspresif, komisif, saha deklarasi*. Wonten ugi jinising *tindak tutur* menika wonten *tindak tutur langsung, tindak tutur boten langsung, tindak tutur literal, tindak tutur boten literal, tindak tutur langsung literal, tindak tutur boten langsung literal, tindak tutur langsung boten literal, saha tindak tutur boten langsung boten literal*.

## 5. *Tindak Tutur Direktif*

Miturut Searle *tindak tutur* menika warni-warni jinisipun salah satunggaling inggih menika *tindak tutur direktif*. Miturut Searle (lumantar Rohmadi, 2004: 32) *tindak tutur direktif* inggih menika *tindak tutur* kangge ngandharaken supados lawan tutur saged nindakaken salah satunggaling bab saking panutur kadosta paminta, panyuwun, pangajak, pitaken, prentah, saha maringi saran. Dados, *tindak tutur direktif* menika ancasipun supados tiyang ingkang dipunajak pangandikan saged nindakaken menapa ingkang dipunkajengaken pamicara. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Bapak kaliyan Rika ing griya. Rika nembe nedha wonten ing ngajeng lawang. Bapak mangertos menawi Rika nembe nedha ing ngajeng lawang.  
 Bapak : “Rik, ora maem neng ngarep lawang! Ra ilok maem neng ngarep lawang!”  
 Rika : “Nggih, pak. Kula pindhah.”

Tarigan (2009: 43) ugi ngandharaken bilih *tindak tutur direktif* inggih menika ancasipun supados tiyang ingkang dipunajak pangandikan saged nindakaken menapa ingkang dipunkajengaken panutur. Dados, *tindak tutur direktif* menika ancasipun saged paring *efek* dhateng lawan tutur. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Ibu saha Rahmad wonten ing griya. Ibu nembe masak lan gendhisipun telas.  
 Ibu : “Mad, rene, Mad!”  
 Rahmad : “Nggih bu, kados pundi?”  
 Ibu : Tulung tukakna gula jawa neng warunge Siti, ya! Iki dhuwite!”  
 Rahmad : “Oh nggih, bu!”

Ibrahim (lumantar Putrayasa, 2015: 91) ngandharaken bilih *tindak tutur direktif* menika ginanipun wonten enem inggih menika paminta (*requestives*), pitaken (*questions*), printah (*requirements*), pamenging (*prohibitives*), maringi idi (*permissives*), saha maringi saran (*advisor*).

#### **a. Paminta (*requestives*)**

Paminta (*requestives*) inggih menika maksud panutur ngandharaken pepenginan dhateng lawan tutur supados lawan tutur saged sarujuk lan nindakaken pepenginanipun. Ingkang kalebet *requestives* kadosta panyuwunan (*meminta*), pepriman, *menekan*, ngulemi, *mendoa*, saha pangajak (*mengajak*). Dados, *requestives* menika ngandharaken pepenginan dhateng lawan tuturipun. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

- Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Riska kaliyan Dini ing griyanipun Dini. Riska badhe wangsul amargi sampun dangu wonten ing griyanipun Dini. Dini dereng pengin dipuntilar Riska, amargi Riska wonten ing griya piyambakan.
- Riska : “Aku tak bali sek ya, Din. Wis wengi.”
- Dini : “Mbok ora usah bali. Neng kene wae nginep. Aku neng ngomah dhewe iki.”
- Riska : “Walah, piye ya.”
- Dini : “Halah, hoo ya Ris gelem.”
- Riska : “Yo wis lah rapapa.”

#### b. Pitaken (*questions*)

Pitaken (*questions*) inggih menika panyuwunan wonten ing salebetipun kasus ingkang asipat mligi. Mligi wonten ing mriki inggih menika, menapa kemawon ingkang dipunsuwun dening panutur, *mitra tutur* saged maringi informasi kadosta pitakenan, *introgasi*, *menyelidiki*. Dados, *questions* menika ingkang ancasipun saged maringi *informasi*, kadosta pitakenan, *introgasi*, saha *menyelidiki*. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

- Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Fira kaliyan Nurma wonten ing kelas. Fira paring informasi bilih Latif sampun boten sekolah malih ing sekolahanipun.
- Fira : “Nur, si Latif wis ora sekolah neng kene meneh lho!”
- Nurma : “Haaaa? Maksude wis ora sekolah ning kene meneh piye? Lha ngapa Latif wis ora sekolah ning kene? Pindah sekolah apa kepiye, Fir?”
- Fira : “Dadi si Latif ki ditokke seka sekolah, Nur. Jarene merga si Latif wis kakean poin. Si Latif kan sok mbolos sekolah.”
- Nurma : “Woalaih ngono ta. Yah, wis ora isa ndelok Latif ning sekolahan meneh.”

#### c. Printah (*requirements*)

Printah (*requirements*) inggih menika panutur ngandharaken maksudipun lajeng lawan tuturipun saged paring *ekspresi* kangge nindakaken maksudipun panutur, ananging andharan panutur ingkang dipundadosaken pathokan kangge

tindakan. Dados, tuturan *requirements* boten mesthi ngginakaken *ekspresi* panutur supados mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunmaksud. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun guru saha muridipun ing kelas. Gurunipun bibar ngandharaken materi sujarah wayang lajeng paring tugas dhateng siswanipun.  
*Guru* : “Sampun mangertos sedaya?”  
*Murid* : “Sampun, bu.”  
*Guru* : “Menawi sampun jelas sedaya, samenika dipunbikak kaca 56 lajeng dipungarap poin A dumugi D.”  
*Murid* : “Nggih, bu!”

#### **d. Pamenging (*prohibitives*)**

Pamenging (*prohibitives*) inggih menika *tindak tutur* supados lawan tuturipun boten nindakaken setunggal kagiyatan kados ingkang dipunmaksud dening panutur. Dados, *prohibitives* menika ancasipun supados lawan tuturipun boten nindakaken salah satunggaling bab ingkang boten dipunkajengaken dening panutur. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun ibu kaliyan Edwin ing pawon griyanipun. Edwin sampun kalih dinten nedha mie. Samenika Edwin ugi badhe damel mie malih.  
*Ibu* : “Win, kowe arep gawe mie meneh? Ora maemi mie wae! Kae ibu wis masak!”  
*Edwin* : “Nggih, bu. kula boten siyos damel mie.”

#### **e. Maringi idi (*permissives*)**

Maringi idi (*permissives*) inggih menika *tindak tutur* ingkang nyatakaken kapitadosan saha maksud panutur saengga *mitra tutur* pitados bilih ujaran saking *panutur* menika ngewrat alesan ingkang cekap kangge nindakaken setunggal kagiyatan kadosta sarujuk, *membolehkan*, *memberi wewenang*, *menganugerahi*,

*mengabulkan, membiarkan, paring idi, melepaskan, paring pangapunten, saha memperkenankan. Dados, permissives* menika ngandharaken dhateng lawan tuturipun menawi panutur sarujuk saha paring idi salah satunggaling bab. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun bapak kaliyan Lisa ing griya. Lisa badhe nyuwun idi dhateng bapakipun menawi badhe dolan ing griyanipun Nia.  
 Lisa : “Pak, nuwun sewu. Kula badhe nyuwun idi dolan dhateng griyanipun Nia. Menapa kepareng?”  
 Bapak : “Ya, kowe oleh dolan neng omahe Nia. Sing bali tapi ora wengi-wengi ya, Lis.”  
 Lisa :” Oh nggih, pak. Matur nuwun.”

#### **f. Maringi saran (*advisor*)**

Maringi saran (*advisor*) inggih menika kapitadosan bilih nindakaken setunggal kagiyatan menika kalebet bab ingkang sae, saha nindakaken setunggal kagiyatan kalebet *kepentingan* saking *mitra tutur*. Dados, *Advisor (menyarankan)* ancasipun supados lawan tuturipun nindakaken salah satunggaling *saran* saking panutur ingkang dipunanggep sae. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Sita kaliyan Frida ing kelas. Frida bingung, mangke badhe latian voli menapa boten. Frida nyuwun saran dhateng Sita.  
 Frida : “Sit, apike aku mengko mangkat latian ora yo?”  
 Sita : “Lha ngapa kok kowe bingung arep mangkat apa ora?”  
 Frida : “Lha awakku kesel banget, Sit.”  
 Sita : “Mending kowe mangkat latian voli wae. Jenenge wong arep oleh penak ki kudu rekasa. Kesel ki mesthi jelas jenenge wong latian kok. Eling, Da nek saiki kowe kesel, sok neng pertandingan ora bakal kaget. Mangkat wae latian, ben isa dadi juara. Semangat, Da!”  
 Frida : “Woalah hoo ya, Sit. Matur nuwun banget, Sit wis dikei saran.”  
 Sita : “Ya, pada-pada Da.”

## 6. *Novel Kumpule Balung Pisah*

Novel ingkang irah-irahanipun Kumpule Balung Pisah menika kalebet novel wedalan lami wonten ing warsa 1978, ananging novel menika cetakan ulang warsa 1966. *Novel* menika dipunterbitaken dening *penerbit* PN Balai Pustaka mapan wonten ing Jakarta. Novel Kumpule balung Pisah menika novel anggitanipun Achmad Saerozi A.M.

Novel Kumpule Balung Pisah menika kalebet novel ingkang sedhengan, boten kandel, inggih menika gadhah 130 kaca. Novel menika nyariosaken bab kulawarga ingkang ayem tentrem ananging wonten ing satunggaling dinten, bapak lan ibunipun pisah. Ing novel menika nyariosaken salah satunggaling kulawarga wonten ing desa Wirosari. Kulawarga menika inggih pak Sastrasudira kaliyan garwanipun ingkang gadhah 4 putra inggih menika Darminah, Darmono, Darmini, saha Darmanto. Sanajan kulawarga menika boten sugih, ananging kulawarga menika gesang bebrayanipun ayem tentrem.

Wonten ing salah satunggaling dinten, mbok Nem menika medal saking padamelanipun dados batur putra-putainipun pak Sastra kaliyan bu Sastra. Bu Sastra menika dados kewalahan saha kekeselen amargi boten wonten mbok Nem. Awit saking menika bu Sastra asring muring-muring dhateng garwa lan putra-putrinipun. Wonten ing sawijining dinten, bu Sastra menika padu kaliyan pak Sastra. Saking kadadosan menika bu Sastra kesah saking griya lan ndadosaken pisah kaliyan pak Sastra.

Awit saking menika, pak Sastra gadhah garwa malih, ananging garwanipun pak Sastra ingkang enggal gadhah patrap ingkang boten sae lan

ndadosaken Darmono kesah saking griya lan Darmini saha Darmono ndherek budhenipun. Kulawarga menika sami pisah boten mangertos griyanipun antawisipun kulawarganipun. Wonten ing sawijining dinten, kulawarga menika sami kapanggih wonten ing setunggal papan lan setunggal wekdal. Awit saking menika kulawarga menika sami bingah saha nyariosaken kados pundi kadadosan gesang setunggal tiyangipun.

### **B. Panaliten Inggang Jumbuh**

Panaliten inggang jumbuh kaliyan panaliten menika inggih menika dipuntindakaken Diah Sumaji taun 2017 kanthi irah-irahan *Tingkat Kesopanan Tindak Tutur Direktif Ing Novel Uran-Uran Katresnan Anggitanipun Tulus Setiyadi*. Panaliten menika njlentrehaken *tingkat kesopanan tindak tutur direktif* ing novel *Uran-Uran Katresnan*.

Antawisipun panaliten panyerat kaliyan panalitenipun Diah Sumaji gadhah gegayutan, inggih menika sami-sami nliti bab *tindak tutur direktif*. Inggang sami-sami gadhah ancas kangge perintah dhateng tiyang sanes supados nindakaken tumindak kados inggang dipunkajengaken tiyang kasebut. Bedanipun, panaliten menika nliti bab *funksinipun tindak tutur direktif* saha *objek* panaliten inggang beda. Menawi panyerat, *objek* kajianipun Novel *Kumpule Balung Pisah*.

Salajengipun panaliten inggang relevan saking Fajar Istikhomah taun 2013 kanthi irah-irahan *Tindak Tutur Pakon Ing Novel Kunarpa Tan Bisa Kandha Anggitanipun Suparto Brata*. Panaliten menika njlentrehaken wujud saha *konteks tindak tutur* pakon ing novel *Kunarpa Tan Bisa Kanda*. Bedanipun panaliten



menika nliti bab *fungsi tindak tutur direktif* saha objek panaliten ingkang beda. Menawi panyerat, objek kajianipun Novel *Kumpule Balung Pisah*.

Adhedhasar panaliten ingkang jumbuh, sampun dipunjlentrehaken bedanipun saha menapa kemawon ingkang sami kaliyan panaliten menika. Adhedhasar menika, saged dipunmangertosi bilih panaliten menika dereng katindakaken dening panaliti sanes. Panaliten menika ugi saged dipundadosaken gambaran kangge panaliten salajengipun.

### C. Nalaring Pikir

Adhedhasar panaliten ingkang jumbuh, panaliten menika kalebet panaliten *pragmatik*. *Pragmatik* inggih menika ngelmi ingkang nyinau bab makna ingkang kedah nggatosaken *konteks*ipun supados saged mangertos pirembaranipun. *Kajian pragmatik* menika gadhah ancas kangge mangertosi tuturan kedah nggatosaken *konteks* pawicantenan. Saking menika, saged dipunmagertosi bilih salah satunggaling *kajian pragmatik* inggih menika *tindak tutur*.

*Tindak tutur* jinisipun wonten tiga inggih menika *lokusi*, *ilokusi*, saha *perlokusi*. *Tindak lokusi* inggih menika *tindak tutur* kangge ngandharaken salah satunggaling bab. *Tindak ilokusi* inggih menika *tindak tutur* kangge ngandharaken utawi paring info salah satunggaling bab. *Fungs*ipun *tindak ilokusi* inggih menika *representatif*, *direktif*, *ekspresif*, *komisif* saha *deklarasi*. *Tindak perlokusi* inggih menika *tindak tutur* kangge paring pengaruh dhateng lawan tuturipun supados nindakaken kados ingkang dipunkajengaken pamicara.

Panaliten menika nliti bab *tindak tutur direktif*. *Tindak tutur direktif* inggih menika *tindak tutur* ingkang ancasipun supados tiyang ingkang dipunajak pangandikan saged nindakaken menapa ingkang dipunkajengaken pamicara. *Tindak tutur direktif* gadhah *fungsi* ingkang maneka warni. *Fungsi tindak tutur direktif* inggih menika paminta (*requestives*), pitaken (*questions*), printah (*requirements*), pamenging (*prohibitives*), maringi idi (*permissives*), saha maringi saran (*advisor*).

*Fungsi-fungsi* wonten ing *tindak tutur direktif* menika dipungayutaken kaliyan *konteks* supados saged mangertos maksudipun saking tuturan. *Konteks* ing panaliten menika dipunrantam dados akronim SPEAKING ing antawisipun: *setting and scene; participants; ends; acts of sequence; key; instrumentalities; norms; genre* ingkang dipunandharaken dening Dell Hymes.

Wonten ing panaliten menika, ngginakaken sekawan jinis *tindak tutur*. Jinis *tindak tutur* menika dipunandharaken dening Wijana (1996: 33) saged dipungathukaken utawi dipuninterseksi kaliyan *tindak tutur literal* saha *tindak tutur* boten *literal*. *Tindak tutur*ipun menawi dipungathukaken dados *tindak tutur langsung literal*, *tindak tutur* boten *langsung literal*, *tindak tutur langsung* boten *literal*, saha *tindak tutur* boten *langsung* boten *literal*.

Wujudipun *tindak tutur direktif* wonten ing panaliten menika menawi dipungayutaken kaliyan kahanan ujar gadhah tigang jinis ukara. Jinis ukara ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika ukara cariyos, ukara pakon, saha ukara pitaken.

### BAB III

#### CARA PANALITEN

##### A. Jinising Panaliten

Panaliten kanthi irah-iarahan “*Tindak Tutur Direktif ing Novel Kumpule Balung Pisah Anggitanipun Achmad Saerozi A.M.*” menika ngginakaken *metode panaliten deskriptif*. Miturut Subana saha Sudrajat (2005: 89) ngandharaken bilih *metode deskriptif* inggih menika *metode* kangge ngandharaken data ingkang gayut kaliyan *fakta*, *kahanan*, *variabel*, saha *fenomena* ingkang kadadosan nalika panaliten saha dipunandharaken adhedhasar kasunyatan. Dados, *metode deskriptif* menika dipuntindakaken adhedhasar kasunyatan.

Jinising *metode deskriptif* menika mujududaken data ingkang menapa wontenipun utawi nyata. Panaliten *deskriptif* menika gadhah ancas kangge damel gambaran bab ingkang *sistematis*, *faktual*, saha *akurat*. Panaliten menika ngandharaken bab *tindak tutur direktif* wonten ing novel *Kumpule Balung*. *Metode deskriptif* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika kangge ngrembag bab jinis *tindak tutur direktif*, titikan *tindak tutur direktif*, saha *fungsi tindak tutur direktif*.

##### B. Data saha Sumbering Data

Data ingkang dipunkaji wonten ing panaliten kasebut inggih menika awujud jinising tuturan ukara *direktif*. Bab menika gayut kaliyan jinising *tindak tutur direktif*, titikanipun *tindak tutur direktif*, saha *fungsinipun*. Sumber data

panaliten menika saking novel basa Jawi kanthi irah-irahan *Kumpule Balung Pisah*. Novel menika dipunserat mawi latin. Novel menika anggitanipun Achmad Saerozi A. M. Novel *Kumpule Balung Pisah* dipuncetak dening penerbit PN Balai Pustaka mapan wonten ing Jakarta nalika taun 1966. Novel *Kumpule Balung Pisah* menika kandelipun 130 kaca ingkang kadadosan saking 11 irah-irahan. *Novel Kumpule Balung Pisah* dipundadosaken sasaraning panaliten amargi mengku tuturan *direktif*.

### C. Caranipun Ngempalaken Data

Kangge ngempalaken data saking panaliten menika, panyerat ngginakaken kalih *teknik*. Ingkang sepisan inggih menika kanthi *teknik* maos. *Teknik* maos menika dipunginakaken kangge maos novel *Kumpule Balung Pisah* supados manggihaken data-data ingkang gayut kaliyan *tindak tutur direktif*. Salajengipun dipunlajengaken *pemahaman* isi novel *Kumpule Balung Pisah* saha njlentrehaken jinis *tindak tutur direktif*, titikanipun *tindak tutur direktif*, *fungsi tindak tutur direktif*. *Teknik* kaping kalih inggih menika *teknik* nyerat. *Teknik* nyerat inggih menika nyerat sedaya kemawon tuturan ingkang dados panaliten *tindak tutur direktif* wonten ing novel *Kumpule Balung Pisah*.

Cak-cakan ngempalaken data inggih menika:

1. nyamektakaken sumber data awujud novel *Kumpule Balung Pisah* anggitanipun Achmad Saerozi A. M.,
2. maos novel *Kumpule Balung Pisah* Achmad Saerozi A. M. kanthi *cermat* saha tliti supados manggihaken data ingkang leres,

3. madosi ukara-ukara ingkang kalebet *tindak tutur direktif* lajeng dipunjumbuhaken kaliyan *konteksipun*,
4. salajengipun, dipunserat tetembungan ingkang kalebet *tindak tutur direktif* wonten ing kertu data,
5. sasampunipun menika, lajeng dipunklasifikasi miturut jinising *tindak tutur direktif* saha titikanipun jinis *tindak tutur direktif*.

Sasanesipun *teknik* maos saha nyerat, cara panaliten wonten ing panaliten menika ngginakaken *teknik sensus* utawi *populasi*. *Teknik sensus* inggih menika cara ngempalaken data saking *populasi* kanthi mendhet sedaya data saking *anggota populasi* kangge netepaken data (Subana saha Sudrajat, 2005: 115). Pamanggih kala wau dipunsengkuyung Bohar Soeharto (Iumantar Hikmat, 2014: 60) ngandharaken bilih *populasi* inggih menika sedaya *objek* panaliten kadosta manungsa, *gejala-gejala*, *piranti*, *pola sikap*, saha *tingkah laku* ingkang dados *objek* panaliten.

Sugiyono (2016: 80) ugi ngandharaken bilih *populasi* inggih menika *objek* utawi *subjek* ingkang gadhah *kwalitas* saha *karakteristik* tartamtu ingkang dipuntetepaken dening panaliti kangge dipunsinau saha dipunpendhet dudutanipun. *Teknik sensus* wonten ing panaliten menika kangge mendhet saperangan data ingkang kalebet jinising *tindak tutur direktif* saking data wonten ing novel *Kumpule Balung Pisah* anggitanipun Achmad Saerozi A. M.

#### D. Pirantining Panaliten

Ing panaliten menika, pirantining panaliten ingkang dipunginakaken panaliti awujud kertu data. Kangge ngasilaken data, panaliti ngempalaken saha nganalisis data ingkang jumbuh kaliyan teori ingkang pirantining kertu data kangge mbiyantu. Sabibaripun nyathet sedaya tuturan *tindak tutur direktif* ing novel *Kumpule Balung Pisah*, data menika dipunlebetaken ing kertu data. Wonten kertu data, tuturan-tuturan menika dipunperang miturut jinising, titikanipun, saha *fungsi tindak tutur direktif* ing novel *Kumpule Balung Pisah*. Tuladha kertu data kados ing ngandhap menika.

**Tabel 1. Kertu Data Panaliten**

|         |                                                                                                                                                                                                                                                                                          |
|---------|------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| No      | 01                                                                                                                                                                                                                                                                                       |
| Konteks | Tuturan menika dipuntuturaken dening mBok Nem dhumateng Darminah. Tuturan menika kadadosan wonten ing dalemipun mBok Nem wanci enjing. Tuturan menika ngandharaken dhateng Darminah menawi Darminah kasuwun nengga mBok Nem, amargi badhe dipunpundhutaken teh asrep kangge tamba salit. |
| Tuturan | “ <i>Mengke kriyin . . .</i> , kula pendhetke teh asrep ngge tamba salit . . .                                                                                                                                                                                                           |
| Sumber  | KBP (Kumpule Balung Pisah) kaca 9                                                                                                                                                                                                                                                        |

Tabel Lajengipun

|          |                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                               |
|----------|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| Analisis | <p>Jinising <i>tindak tutur langsung literal</i></p> <p>Titikanipun <i>tindak tutur direktif</i> paminta (<i>requestives</i>) inggih menika wonten tembung “<i>mengke kriyin</i>”. (<i>frasa</i>)</p> <p><i>Fungsi: tindak tutur direktif</i> paminta “<i>mengke kriyin</i>” kangge paminta mBok Nem dhateng Darminah supados nengga badhe dipunpundhutaken teh asrep kangge tamba salit.</p> |
|----------|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|

### E. Caranipun Nganalisis Data

Data ingkang sampun dipunpanggihaken salajengipun dipunanalisis. Teknik ingkang dipunginakaken inggih menika *analisis deskriptif*. Teknik analisis deskriptif menika kangge njlentrehaken saperangan jinising *tindak tutur direktif*, *fungsi tindak tutur direktif*, saha titikanipun *tindak tutur direktif* wonten ing novel *Kumpule Balung Pisah* anggitanipun Achmad Saerozi A. M.

Cak-cakan wonten ing analisis data:

1. analisis data miturut teorinipun,
2. analisis tandha *satuan lingual* miturut jinising *tindak tutur direktif*, *fungsi tindak tutur direktif*, saha titikanipun *tindak tutur direktif*,
3. data ingkang sampun dipunanalisis lajeng dipunperang wonten ing *tabel* analisis data. Tuladha *tabel* analisis data kados ing ngandhap menika.

**Tabel 2. Tuladha Format Hasil Analisis Data**

| Nomer | Tuturan | Konteks | Jinising Tindak |   |   |   | Fungsipun Tindak Tutur |   |    |    |    |    | Titikan | Andharan |
|-------|---------|---------|-----------------|---|---|---|------------------------|---|----|----|----|----|---------|----------|
|       |         |         | Tutur           |   |   |   | Direktif               |   |    |    |    |    |         |          |
|       |         |         | A               | B | C | D | E                      | F | G  | H  | I  | J  |         |          |
| 1     | 2       | 3       | 4               | 5 | 6 | 7 | 8                      | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14      | 15       |

**Katrangan:**

|          |                                       |          |                                      |
|----------|---------------------------------------|----------|--------------------------------------|
| <b>A</b> | : <i>Langsung Literal</i>             | <b>F</b> | : Pitaken ( <i>questions</i> )       |
| <b>B</b> | : Boten <i>Langsung Literal</i>       | <b>G</b> | : Printah ( <i>requirements</i> )    |
| <b>C</b> | : <i>Langsung Boten Literal</i>       | <b>H</b> | : Pamenging ( <i>prohibitives</i> )  |
| <b>D</b> | : Boten <i>Langsung Boten Literal</i> | <b>I</b> | : Maringi idi ( <i>permissives</i> ) |
| <b>E</b> | : Paminta ( <i>requestives</i> )      | <b>J</b> | : Maringi saran ( <i>advisor</i> )   |

**F. Caranipun Ngesahaken Data**

Caranipun ngesahaken data wonten ing panaliten menika ngginakaken *uji validitas* saha *uji reliabilitas*. *Uji validitas* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih menika *validitas triangulasi teori* kaliyan ngawontenaken *professional judgment*. Dene *professional judgment* inggih menika, ngawontenaken pirembagan kaliyan ahli bab wonten ing panaliten (Suryabrata, 2014: 61). Ancasipun supados saged biyantu ngecek *valid* menapa botenipun data.



Dados, data menika dipunjumbuhaken kaliyan teori ingkang wonten. Kadosta teori jinising *tindak tutur direktif*, *fungsi tindak tutur direktif*, saha titikanipun *tindak tutur direktif*. Tuturan-tuturan *tindak tutur direktif* wonten ing novel Kumpule Balung Pisah menika kedah dipunjumbuhaken kaliyan teori ingkang sampun wonten. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

- Konteks* : Pirembagan menika kadadosan antawisipun Pak sastra kaliyan Darminah. Pak sastra nembe wangsul saking kantor kanthi lesu, boten gadhah semangat. Pak Sastra anggenipun ngendika dhateng Darminah kanthi nangis, mekaten ugi Darminah.
- Pak Sastra : “O, Allah, Ndhuk ..... sing teteg atimu dakkandhani .....”  
 “O, Darminah, kaya ngene lelakonmu ngger ..... Ibumu ..... Ibumu kena godha ....., saiki wis tega marang kowe lan adhi-adhimu ...”
- Darminah : “Kenging godha dospundi, Pak?”
- Pak Sastra : “**Sabarna atimu, nDhuk** . . . . tawakala marang kang gawe urip lan kang gawe lelakon . . . , ing wektu iki ibumu katut marang sawijining priya liya . . . Iki mau aku tanpa layange . . .”
- Darminah : “Katut dospundi, Pak?” aku isih durung dhamang marang pangandikane bapak.

(Novel Kumpule Balung Pisah: 15)

Tuturan menika antawisipun Darminah (*penutur*) saha Bapak/Pak Sastra (*mitra tutur*). *Konteks* tuturan menika kadadosan amargi Darminah (*penutur*) mbetahaken katrangan saking Bapak/Pak Sastra (*mitra tutur*). Tuturan ing nginggil menika kalebet tuturan ukara *direktif* paminta (*requestives*). Jumbuh kaliyan teoripun, menawi *direktif* paminta menika panutur ngandharaken pepenginan dhateng lawan tutur supados lawan tutur saged sarujuk lan nindakaken pepenginanipun. Kados tuturan wonten ing nginggil bilih penutur ngendika “*Sabarna atimu, nDhuk*”. Ancas saking tuturan menika supados lawan tuturipun saged nindakaken pepenginan saking penutur “*Sabarna atimu, nDhuk*”.

*Uji reliabilitas (ketetapan data)* menika ngginakaken *uji reliabilitas stabilitas*. *Reliabilitas stabilitas* inggih menika cara ngesahaken data kanthi ngambali makaping-kaping ananging manggihaken data ingkang sami (Bungin, 2008: 58-59). *Uji reliabilitas stabilitas* wonten ing panaliten menika dipunsaranani kanthi maos ingkang premati. *Uji reliabilitas* menika kangge ningali saha maos kanthi dipunambali supados pikantuk data ingkang stabil.

Cak-cakan *uji reliabilitas stabilitas* wonten ing panaliten menika, data dipunlebetaken wonten ing tabel data supados saged kangge nliti malih data ingkang *valid*. Salajengipun panaliti maos data wonten ing tabel data dipunjumbuhaken kaliyan sumber data inggih menika novel *Kumpule Balung Pisah* anggitanipun Achmad Saerozi A. M. Wonten ing panaliten menika, data ingkang badhe dipuntliti jumbuh kaliyan novel *Kumpule Balung Pisah* inggih menika jinising *tindak tutur direktif, fungsi tindak tutur direktif*, saha titikan *tindak tutur direktif*.

## **BAB IV**

### **ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN**

#### **A. Asiling Panaliten**

Panaliten kanthi irah-irahan “*Tindak Tutur Direktif ing Novel Kumpule Balung Pisah Anggitanipun Achmad Saerozi A. M.*” naliti jinis saha *fungsi tindak tutur direktif* wonten ing salebeting novel Kumpule Balung Pisah Anggitanipun Achmad Saerozi A. M. Saking panaliten ingkang sampun dipuntindakaken, dipunpanggihaken jinis, titikan, saha *fungsi tindak tutur direktif*. Bab asiling panaliten menika dipunpendhet *sample* kemawon ingkang datanipun meh sami lajeng dipunserat ing tabel. Wujudipun tabel ngewrat jinis, titikan, kaliyan *fungsi tindak tutur direktif* saha katranganipun. Ing ngandhap menika tabel asiling panaliten *tindak tutur direktif* ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A.M.

**Tabel 3: Asiling Panaliten Jinis, Titikan, saha Fungsipun Tindak Tutur Direktif ing Novel Kumpule Balung Pisah Anggitanipun Achmad saerozi A. M.**

| No | Jinising Tindak Tutur | Fungsipun Tindak Tutur Direktif | Titikan | Katrangan                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                    |
|----|-----------------------|---------------------------------|---------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| 1  | Langsung Literal      | Paminta                         | Klausa  | <p>Mbok Nem: "<b>Saniki mbok kula diceritani mas Rara .....</b>", empun kepanggih kaping kalih wingi nika kula kok taksih dereng ngertos larah-larahane. Pripun, sapengker kula nika onten kedadeyan napa ...? (KBP/9).</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Langsung</i>: Ukaranipun pawarta, kangge paminta.</li> <li>• <i>Literal</i>: Maknanipun satuan lingual '<b>mbok kula diceritani</b>' jumbuh kaliyan maksudipun tuturan.</li> <li>• <i>Fungsipun tuturan</i>: Kangge paminta, kabukten saking satuan lingual ing nginggil.</li> </ul> |
|    |                       | Pitaken                         | Ukara   | <p>Darmanto: "<b>Ana apa, Sun? Apa lara? Masuk angin?</b>" (KBP/90).</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Langsung</i>: Ukaranipun pitaken, kangge introvasi.</li> <li>• <i>Literal</i>: Makna satuan lingual '<b>Ana apa, Sun? Apa lara? Masuk angin?</b>' jumbuh kaliyan maksudipun saking tuturan menika.</li> <li>• <i>Fungsipun tuturan</i>: Kangge pitaken (<i>introvasi</i>), kabukten saking satuan lingual wonten ing nginggil.</li> </ul>                                                                                               |
|    |                       | Printah                         | Ukara   | <p>Bapak: "<b>Wis kana Mien, adhine dijupuke mangan ..</b>" (KBP/44).</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Langsung</i>: Ukaranipun printah, kangge ndhawuhi.</li> <li>• <i>Literal</i>: Makna satuan lingual</li> </ul>                                                                                                                                                                                                                                                                                                                          |

| No | Jinising Tindak Tutur | Fungsipun Tindak Tutur Direktif | Titikan | Katrangan                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                             |
|----|-----------------------|---------------------------------|---------|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
|    |                       |                                 |         | <p><b><u>‘Wis kana Mien, adhine dijupuke mangan’</u></b> jumbuh kaliyan maksudipun tuturan menika.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Fungsipun</i> tuturan: Kangge perintah, kabukten saking <i>satuan lingual</i> wonten ing nginggil.</li> </ul>                                                                                                                                                                                                                                                                      |
|    |                       | Pamenging                       | Ukara   | <p><i>Akhmadi: “<b>Hus, aja banter-banter ta, yen kepireng</b> ... Kae lho, lagi lenggahan sekalian ing kursi njero ...” (KBP/130).</i></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Langsung</i>: Ukaranipun perintah, kangge pamenging.</li> <li>• <i>Literal</i>: Makna <i>satuan lingual</i> <b><u>‘Hus, aja banter-banter ta, yen kepireng’</u></b> jumbuh kaliyan maksud saking tuturan menika.</li> <li>• <i>Fungsipun</i> tuturan: Kangge pamenging, kabukten saking <i>satuan lingual</i> wonten ing nginggil.</li> </ul> |
|    |                       | Maringi Idi                     | Tembung | <p><i>Darminah: “<b>Iya</b> ..., sesuk daktangi sing esuk sadurunge ibu wungu .....” (KBP/37).</i></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Langsung</i>: Ukaranipun pawarta, kangge maringi idi.</li> <li>• <i>Literal</i>: Makna <i>satuan lingual</i> <b><u>‘Iya’</u></b> jumbuh maksudipun kaliyan tuturan menika.</li> <li>• <i>Fungsipun</i> tututran: Kangge maringi idi, kabukten saking <i>satuan lingual</i> wonten ing nginggil.</li> </ul>                                                                         |
|    |                       | Maringi Saran                   | Ukara   | <p><i>Darminah: “<b>Ati-ati lho, Dar, aja nganti kaya gek anu kae maneh.</b>” (KBP/33).</i></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Langsung</i>: Ukaranipun perintah, kangge maringi saran.</li> </ul>                                                                                                                                                                                                                                                                                                                       |

| No | Jinising Tindak Tutur            | Fungsipun Tindak Tutur Direktif | Titikan | Katrangan                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                |
|----|----------------------------------|---------------------------------|---------|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
|    |                                  |                                 |         | <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Literal</i>: Makna satuan lingual <b><u>‘Ati-ati lho, Dar, aja nganti kaya gek anu kae maneh’</u></b> jumbuh kaliyan maksudipun tuturan menika.</li> <li>• <i>Fungsipun tuturan</i>: Kangge maringi saran, kabukten saking satuan lingual wonten ing nginggil.</li> </ul>                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                    |
| 2  | Boten Langsung<br><i>Literal</i> | Pitaken                         | Ukara   | <p><i>Bapak</i>: “<b><i>Ya, nekad kepriye karepmu ....?</i></b>” (KBP/12).</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Langsung</i>: Ukaranipun pitaken, kangge <i>introgasi</i>.</li> <li>• <i>Literal</i>: Maknanipun satuan lingual <b><u>‘Ya, nekad kepriye karepmu?’</u></b> jumbuh kaliyan maksudipun tuturan menika.</li> <li>• <i>Fungsipun tuturan</i>: Kangge <i>introgasi</i>, kabukten saking satuan lingual wonten ing nginggil.</li> </ul>                                                                                                                                                                                             |
|    |                                  | Maringi Saran                   | Ukara   | <p><i>Sundari</i>: “<b><i>Mas Sundoro, kapan ta anggonmu mareni tumindak kaya ngono kuwi, apa kowe ora kepingin urip sing kepenak, tentrem ayem?</i></b>” (KBP/64).</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Boten <i>Langsung</i>: Ukaranipun pitaken, maksudipun ukara kangge perintah.</li> <li>• <i>Literal</i>: Makna satuan lingual <b><u>‘Mas Sundoro, kapan ta anggonmu mareni tumindak kaya ngono kuwi, apa kowe ora kepingin urip sing kepenak, tentrem ayem?’</u></b> jumbuh kaliyan maksudipun saking tuturan.</li> <li>• <i>Fungsipun tuturan</i>: Kangge maringi saran, kabukten saking satuan lingual wonten ing nginggil.</li> </ul> |

| No | Jinising Tindak Tutar     | Fungsipun Tindak Tutar Direktif | Titikan | Katrangan                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                 |
|----|---------------------------|---------------------------------|---------|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| 3  | Langsung Boten<br>Literal | Paminta                         | Ukara   | <p><i>Sundari: “Mbok rada dialonke sethithik ta, Mas. Aku kok rada kasengsem marang endahing sesawangan iki lo..” (KBP/66).</i></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Langsung:</i> Ukaranipun perintah, kangge paminta.</li> <li>• <i>Boten Literal:</i> Makna satuan lingual ‘<b>Mbok rada dialonke sethithik ta, Mas</b>’ boten jumbuh kaliyan maksudipun tuturn menika.</li> <li>• <i>Fungsipun tuturan:</i> Kangge paminta, kabukten saking satuan lingual wonten ing nginggil.</li> </ul> |
|    |                           | Printah                         | Klausa  | <p><i>Darmono: “O ... ra ..., Wis, saiki ndang turua, sesuk dakgugah jam setengah papat ...” (KBP/38).</i></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Langsung:</i> Ukaranipun perintah, kangge ndhawuhi.</li> <li>• <i>Boten Literal:</i> Makna satuan lingual ‘<b>Wis, saiki ndang turua</b>’ boten jumbuh kaliyan maksudipun saking tuturan menika.</li> <li>• <i>Fungsipun tuturan:</i> : Kangge perintah, kabukten saking satuan lingual wonten ing nginggil.</li> </ul>                        |
|    |                           | Pamenging                       | Klausa  | <p><i>Bapak: “Ah, ora susah ... iki wae wis segere ora jamak,” (KBP/11).</i></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Langsung:</i> Ukaranipun perintah, kangge pamenging.</li> <li>• <i>Boten Literal:</i> Maknanipun satuan lingual ‘<b>Ah ora susah ... iki wae wis segere ora jamak</b>’ boten jumbuh kaliyan maksudipun</li> </ul>                                                                                                                                                            |

| No | Jinising Tindak Tutur           | Fungsipun Tindak Tutur Direktif | Titikan | Katrangan                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                      |
|----|---------------------------------|---------------------------------|---------|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
|    |                                 |                                 |         | tuturan.<br>• <i>Fungsipun tuturan:</i> Kangge pamenging, kabukten saking <i>satuan lingual</i> wonten ing nginggil.                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                           |
|    |                                 | Maringi Idi                     | Frasa   | <i>Ibu: “<b>Enya iki</b>, jangane kana jupuke ....., kae jangan bening kuwali kae” (KBP/26).</i><br><br>• <i>Langsung:</i> Ukaranipun perintah, kangge maringi idi.<br>• <i>Boten literal:</i> Makna <i>satuan lingual</i> ‘ <b>Enya iki</b> ’ boten jumbuh kaliyan maksudipun tuturan.<br>• <i>Fungsipun tuturan:</i> Kangge maringi idi, kabukten saking <i>satuan lingual</i> wonten ing nginggil.                                                                                                          |
|    |                                 | Maringi saran                   | Ukara   | <i>Darminah: “Priye, Dar ..... O, Allah .... ’ ya wis dienggo turu mengko rak mari ...mbok aja sambat-sambat terus ta, atiku mundhak kaya diiris-iris ....” (KBP/35).</i><br><br>• <i>Langsung:</i> Ukaranipun perintah, kangge maringi saran.<br>• <i>Boten Literal:</i> Makna <i>satuan lingual</i> ‘ <b>ya wis dienggo turu mengko rak mari</b> ’ jumbuh kaliyan maksudipun tuturan menika.<br>• <i>Fungsipun tuturan:</i> Kangge maringi saran, kabukten saking <i>satuan lingual</i> wonten ing nginggil. |
| 4  | Boten Langsung<br>Boten Literal | Pitaken                         | Klausa  | <i>Darminah: “Larenipun rak boten nyambut damel, ta? Malah kabaripun malih sekolahipun boten tutug ... Padamelanipun namung grubyag-grubyug dolan mrika-mriki ..., tiyang ngaten kok badhe saged mengku balegriya punika dospundi?”</i>                                                                                                                                                                                                                                                                        |



| No | Jinising Tindak Tutur | Fungsipun Tindak Tutur Direktif | Titikan | Katrangan                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                          |
|----|-----------------------|---------------------------------|---------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
|    |                       |                                 |         | <p>(KBP/52-53).</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Boten <i>Langsung</i>: Ukaranipun pitaken, kangge nolak.</li> <li>• Boten <i>Literal</i>: Makna <i>satuan lingual</i> ‘<b>tiyang ngaten kok badhe saged mengku balegriya punika dospundi?</b>’ jumbuh kaliyan maksudipun tuturan menika.</li> <li>• <i>Fungsipun tuturan</i>: Kangge pitaken (<i>introgasi</i>), kabukten saking <i>satuan lingual</i> wonten ing nginggil.</li> </ul>                                                                                                                |
|    |                       | Printah                         | Ukara   | <p><i>Ibu: “Kowe ora susah caturan warna-warna, ... ngelingana pagaweanmu ... <b>Kae genthong kothong durung diiseni..</b>”</i><br/>(KBP/43).</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Boten <i>Langsung</i>: Ukaranipun pawarta, maksudipun ukara kangge printah.</li> <li>• Boten <i>Literal</i>: Makna <i>satuan lingual</i> ‘<b><u>Kae genthong kothong durung diiseni</u></b>’ boten jumbuh kaliyan maksudipun tuturan menika.</li> <li>• <i>Fungsipun tuturan</i>: Kangge printah, kabukten saking <i>satuan lingual</i> wonten ing nginggil.</li> </ul> |
|    |                       | Maringi Saran                   | Ukara   | <p><i>Ibu: “Cekake wong lanang ki yen ora nurut ombyaking jaman ya ngono kuwi, mung sarwa lugu, gu, bares, res .... <b>Jaman saiki yen ora nekad ya mlarat. Yen mung ngendelake jujuuuuuuuuuuuuur, lebur ...</b>”</i><br/>(KBP/11-12).</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Boten <i>langsung</i>: Ukaranipun</li> </ul>                                                                                                                                                                                                                                   |

| No | Jinising Tindak Tutur | Fungsipun Tindak Tutur Direktif | Titikan | Katrangan                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                   |
|----|-----------------------|---------------------------------|---------|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
|    |                       |                                 |         | <p>cariyos, maksudipun beda inggih menika kangge ndhawuhi.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Boten <i>Literal</i>: Maknanipun <i>satuan lingual</i> <b><u>'Jaman saiki yen ora nekad ya mlarat. Yen mung ngendelake juuuuuuuurr, lebur'</u></b> boten jumbuh kaliyan maksudipun tuturan menika.</li> <li>• <i>Fungsipun tuturan</i>: Kangge maringi saran, kabukten saking <i>satuan lingual</i> wonten ing nginggil.</li> </ul> |

Adhedhasar tabel asiling panaliten wonten ing nginggil, saged dipunpangguhaken jinising *tindak tutur* ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A.M. Data ingkang kaserat ing nginggil namung saperangan kemawon. Jinising *tindak tutur* ingkang kapangguhaken wonten ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. wonten sekawan, inggih menika *tindak tutur langsung literal*, *tindak tutur boten langsung literal*, *tindak tutur langsung boten literal*, saha *tindak tutur boten langsung boten literal*.

*Tindak tutur langsung literal* ingkang dipunpangguhaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. wonten 96. *Tindak tutur boten langsung literal* wonten tiga. *Tindak tutur langsung boten literal* wonten 26, dene *tindak tutur boten langsung boten literal* wonten tiga. Titikan ingkang saged dipunpangguhaken wonten titikan awujud tembung, *frasa*, *klausa*, saha ukara. *Fungsipun tindak tutur direktif* ingkang dipunpangguhaken ing novel

Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A.M wonten paminta, pitaken, printah, pamenging, maringi idi, saha maringi saran.

## **B. Pirembagan**

Asiling panaliten kalawau sampun dipunandharaken saperangan wonten ing tabel asiling panaliten. Salajengipun, wonten ing *sub bab* menika badhe karembag jinising *tindak tutur direktif* kaliyan *funksinipun tindak tutur direktif*. Bab ingkang dipunrembag gayut kaliyan ancasing panaliten ingkang sampun dipunandharaken saderengipun, inggih menika nemtokaken jinising *tindak tutur direktif* saha *funksinipun tindak tutur direktif* ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A.M. Anggenipun ngrembag kanthi ngandharaken jinising *tindak tutur direktif* saha titikanipun, lajeng saben jinis dipunandharaken *funksinipun tindak tutur direktif* kaliyan *konteksipun*. Pirembaganipun badhe dipunadharaken ing ngandhap menika.

### **1. Jinisipun Tindak Tutur Langsung Literal**

*Tindak tutur langsung literal* inggih menika *tindak tutur* ingkang dipunandharaken antawisipun *modus* tuturan saha maknanipun sami kaliyan maksudipun penutur. Wonten ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. kapanggihaken jinis *tindak tutur langsung literal* kanthi *fungsi* ingkang beda-beda ingkang kaandharaken kados ing ngandhap menika.

#### **a. Tindak Tutur Langsung Literal ingkang Fungsipun kangge Paminta**

*Tuturan-tuturan* ing ngandhap menika kapethik saking pawicantenan wonten ing salebeting novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad

Saerozi A.M. ingkang nedahaken jinising *tindak tutur direktif langsung literal* ingkang *funksinipun* kangge paminta. Pirembaganipun kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Mbok Nem kaliyan Darminah wonten ing griyanipun Mbok Nem wanci enjing. Darminah bibar saking peken lajeng mampir wonten ing griyanipun Mbok Nem. Mbok Nem mangertos kawontenanipun Pak Sastro saha Bu sastro ingkang sampun pisah. Mbok Nem lajeng paring paminta dhateng Darminah supados nyariyosaken kadadosanipun.

Mbok Nem: "**Saniki mbok kula diceritani mas Rara .....**, empun kepanggih kaping kalih wingi nika kula kok taksih dereng ngertos larah-larahane. Pripun, sapengker kula nika onten kedadeyan napa ...?"  
(1)

(KBP/9).

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif* amargi Mbok Nem ngendika dhateng Darminah supados nyariyosaken kawontenan nalika piyambakipun dipuntilar dhateng Mbok Nem, lan Darminah lajeng nyariyosaken dhateng Mbok Nem. Tuturanipun Mbok Nem ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Darminah menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* amargi *modus* tuturan saha maknanipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (1) menika kangge ngandharaken paminta, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara pawarta utawi ukara cariyos. Dene, tuturan '**saniki mbok kula diceritani mas Rara**' maksudipun ugi namung kangge ngandharaken paminta supados Mbok Nem dipuncariyosi dening Darminah.

*Tuturan*ipun Mbok Nem “**saniki mbok kula diceritani mas Rara**” menika kalebet titikan awujud *klausula* saha jinisipun *tindak tutur direktif langsung literal* ingkang ginanipun kangge paminta. Gayut kaliyan konteksipun, tuturan menika dipunngendikakaken dening Mbok Nem wanci enjing. Darminah bibar saking peken lajeng mampir wonten ing griyanipun Mbok Nem. Mbok Nem mangertos kawontenanipun Pak Sastro saha Bu Sastro ingkang sampun pisah. Mbok Nem lajeng ngendika dhateng Darminah “**saniki mbok kula diceritani mas Rara**” supados mangertos cariyos ingkang sejatosipun. *Fungsi* saking pangandikanipun Mbok Nem menika kangge paminta dhateng Darminah kadadosanipun.

Jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping kalih badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Mbok Nem kaliyan Darminah ing griyanipun Mbok Nem wanci enjing. Darminah cariyos dhateng Mbok Nem kawontenan nalika Mbok Nem sampun boten nyambut damel ing griyanipun. Anggenipun Darminah cariyos bab menika dumugi nangis, ndadosaken Mbok Nem boten tega dhateng Darminah lan dipunpendhetaken teh asrep.

Mbok Nem : “**Mengke kriyin ...**, kula pendhetke teh asrep ngge tamba salit ...”  
(2)

(KBP/9).

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif* amargi Mbok Nem ngendika dhateng Darminah supados mangke rumiyin anggenipun cariyos, badhe dipunpendhetaken teh asrep. Dadosipun Darminah nengga dumugi Mbok Nem

bibar mendhetaken teh asrep lan nglajengaken cariyosipun. Tuturanipun Mbok Nem ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Darminah menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknanipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (2) menika kangge ngandharaken paminta, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara pawarta utawi ukara cariyos. Dene, tuturan **“Mengke kriyin”** ugi namung kangge ngandharaken paminta supados Darminah boten cariyos rumiyin.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge paminta. Gayut kaliyan *konteksipun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Mbok Nem kaliyan Darminah wanci enjing ing griyanipun Mbok Nem. Darminah cariyos dhateng Mbok Nem kawontenan nalika Mbok Nem sampun boten nyambut damel ing griyanipun. Anggenipun Darminah cariyos bab menika dumugi nangis, ndadosaken Mbok Nem boten tega dhateng Darminah. Mbok Nem lajeng ngendika dhateng Darminah **“Mengke kriyin”** anggenipun nglajengaken cariyos. Titikanipun awujud *frasa* saha *fungsi* saking pangandikanipun Mbok Nem wonten ing nginggil menika kangge paminta dhateng Darminah supados anggenipun cariyos mangke rumiyin, badhe dipunpendhetaken teh asrep dening Mbok Nem.

Jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping tiga badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Darminah kaliyan Ibunipun ing griya. Darmanto ingkang nembe wangsul saking sekolah nyuwun nedha dhateng Darminah. Kamangka menawi nedha kedah ngentosi bapak lan bapak konduripun taksih dangu. Darminah lajeng ngendika dhateng ibunipun supados Darmini saha Darmanto kepareng nedha rumiyin.

Darminah : **“Bu, mbok inggih adhik-adhik kajengipun sami nedha rumijin.....” (3)**

(KBP/25).

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Darminah ngendika dhateng ibu kuwalonipun supados adhik-adhikipun saged nedha rumiyin, ananging ibu kuwalonipun malah duka lan ngendika menawi boten sae nyisani dhaharan kangge tiyang sepuh. Tuturanipun Darminah ingkang saged paring *pengaruh* dhateng ibu kuwalonipun menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknaipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (3) menika kangge ngandharaken paminta, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara pawarta utawi ukara cariyos. Dene, tuturan **“Bu, mbok inggih adhik-adhik kajengipun sami nedha rumijin”** ugi namung kangge ngandharaken paminta supados adhik-adhikipun saged nedha rumiyin.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge paminta. Gayut kaliyan *konteksipun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Darminah kaliyan Ibunipun ing griya. Darmanto ingkang nembe wangsul saking sekolah nyuwun nedha dhateng Darminah. Kamangka, menawi nedha kedah ngentosi bapak lan bapak konduripun taksih dangu. Darminah lajeng ngendika dhateng ibu kuwalonipun **“Bu, mbok inggih adhik-adhik kajengipun sami nedha rumijin.”** *Fungsi* saking pangandikanipun Darminah wonten ing nginggil kangge paminta dhateng ibu kuwalonipun supados adhik-adhikipun saged nedha rumiyin saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping sekawan badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Darmono kaliyan Darmini ing kamar. Darmono tilem ing kamar kaliyan Darmini, Darmanto, saha Darminah. Darmono nembe ngendika dhateng Darminah menawi badhe nyusul ibunipun. Pawicantenan menika ndadosaken Darmini tangi lan mangsuli menawi badhe ndherek Darmono.

Darmini : **“Aku melu ya, mas No ...,” (4)**

(KBP/36).

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Darmini ngendika dhateng Darmono menawi badhe ndherek piyambakipun nusul ibu, ananging Darmono boten ngeparengaken menawi Darmini ndherek piyambakipun. *Tuturanipun* Darmini ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Darmono menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.



*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknanipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (4) menika kangge ngandharaken paminta, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara pawarta utawi ukara cariyos. Dene, tuturan “**Aku melu ya, mas No**” ugi namung ngandharaken paminta supados Darmini saged ndherek Darmono.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge paminta. Gayut kaliyan *konteksipun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Darmini kaliyan Darmono ing kamar. Darmono tilem ing kamar kaliyan Darmini, Darmanto, saha Darminah. Darmono nembe ngendika dhateng Darminah menawi badhe nyusul ibunipun. Pawicantenan menika ndadosaken Darmini tangi lan ndharek pangandikan “**Aku melu ya, mas No**”. *Fungsi* pangandikanipun Darmini wonten ing nginggil kangge paminta dhateng Darmono supados piyambakipun ndherek nusul ibunipun saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping gangsal badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Darmono kaliyan Darminah ing kamar. Darmono nyuwun sangu dhateng Darminah kangge benjing. Darminah ugi bingung badhe menapa ingkang kangge sangu, piyambakipun boten gadhah arta. Darmono namung nyuwun paminta dhateng Darminah menawi benjing piyambakipun dipunsangoni sekul, amargi Darmono dereng maem saking kala wau.

Darmono : “Anu, kok .... **sangoni .... sega sabuntel wae yen kowe bubar ngliwet kae**. Wetengku luwe Yu ....., mau ora sida mangan ...” (5)

(KBP/37).

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Darmono ngendika dhateng Darminah supados dipunsangoni sekul setunggal kemawon menawi Darminah bibar ngliwet, lajeng Darminah mangsuli inggih benjing piyambakipun badhe wungu langkung enjing supados saged mbungkusaken sekul. *Tuturan*ipun Darmono ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Darminah menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknanipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (5) menika kangge ngandharaken paminta, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara pawarta utawi ukara cariyos. Dene, tuturan “**sangoni .... sega sabuntel wae yen kowe bubar ngliwet kae**” ugi namung kangge ngandharaken paminta dhateng Darminah.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge paminta. Gayut kaliyan *konteksipun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Darmono kaliyan Darminah ing kamar. Darmono ngendika dhateng Darminah kawontenanipun menawi piyambakipun sampun boten kiyat lan badhe kesah saking griya. Darmono nyuwun sangu dhateng Darminah kangge benjing, ananging Darminah bingung amargi boten gadhah arta. Darmono lajeng ngendika dhateng Darminah “**Anu, kok, sangoni sega sabuntel wae yen kowe bubar ngliwet kae**”. *Fungsi* pangandikanipun Darmono wonten

ing nginggil kangge ngandharaken paminta dhateng Darminah supados piyambakipun benjing dipunsangoni saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping enem badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Mbok Nem kaliyan Darminah ing margi. Darminah nembe bidhal saking pasar lan dipunundang Mbok Nem. Mbok Nem nyaosaken layang saking Akhmadi. Mbok Nem ngendika menawi Akhmadi tindak dhateng griyanipun Darminah, ananging ngendikanipun ibu, Darminah nembe medal. Mbok Nem lajeng ngendika dhateng Darminah menawi Akhmadi badhe kepanggih wonten ing griyanipun Mbok Nem. Darminah sarujuk badhe kepanggih, ananging paring paminta menawi mangke sonten kemawon.

Darminah : “Suk kapan mbok, **mengko sore-sore bae, ya. Kandhakna yen saiki aku ora bisa, sibu ana ngomah ki ...**” (6)

(KBP/56).

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Darminah ngendika dhateng Mbok Nem supados mangke sonten kemawon anggenipun pinanggih Akhmadi, samenika ibu kuwalonipun wonten griya, lajeng Mbok Nem mangsuli inggih mangke sonten jam gangsal. *Tuturan*ipun Darmini ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Mbok Nem menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknaipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (6) menika kangge ngandharaken paminta, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara pawarta utawi ukara cariyos. Dene, tuturan “**mengko sore-**

**sore bae, ya. Kandhakna yen saiki aku ora bisa, sibu ana ngomah ki”** ugi namung kangge ngandharaken paminta dhateng Mbok Nem.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge paminta. Gayut kaliyan *konteksipun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Darminah kaliyan Mbok Nem. Darminah nembe bidhal saking pasar lan dipunundang Mbok Nem. Mbok Nem nyaosaken layang saking Akhmadi. Mbok Nem lajeng ngendika dhateng Darminah menawi Akhmadi badhe kepanggih wonten ing griyanipun Mbok Nem. Darminah sarujuk badhe kepanggih, lajeng ngendika **“mengko sore-sore bae, ya. Kandhakna yen saiki aku ora bisa, sibu ana ngomah ki”**. *Fungsi* pangandikanipun Darminah wonten ing nginggil kangge ngandharaken paminta dhateng Mbok Nem supados sagedipun mangke sonten saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping pitu badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Darmanto kaliyan Pak Gunawicara. Pak Gunawicara nyariyosaken menawi rumiyin piyambakipun tumbas griyanipun Pak Sastro, ananging griyanipun lajeng dipunsade lan nyariyosaken menawi Darminah sampun palakrama kaliyan Akhmadi. Lajeng Darmanto nyuwun pirsa, samenika bapak saha sedherekipun wonten pundi, ananging Pak Gunawicara paring paminta bilih dipunmirengaken rumiyin cariyosipun.

Pak Gunawicara: **“Mengko dhisik, Nak dakterusake.” (7)**

(KBP/71)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Pak Gunawicara ngendika dhateng Darmanto supados mangke rumiyin, cariyosipun badhe dipunlajengaken ndadosaken Darmanto boten taken malih lan mirengaken cariyosipun. *Tuturan*ipun Pak Gunawicara ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Darmanto menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknaipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (7) menika kangge ngandharaken paminta, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara pawarta utawi ukara cariyos. Dene, tuturan **“Mengko dhisik, Nak dakterusake.”** ugi namung kangge ngandharaken paminta dhateng Darmanto.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge paminta. Gayut kaliyan *konteksipun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Darmanto kaliyan Pak Gunawicara. Pak Gunawicara nyariyosaken menawi rumiyin piyambakipun tumbas griyanipun Pak Sastro, ananging griyanipun lajeng dipunsade lan nyariyosaken menawi Darminah sampun palakrama kaliyan Akhmadi. Lajeng Darmanto nyuwun pirsu, samenika bapak saha sedherekipun wonten pundi, ananging Pak Gunawicara lajeng ngendika **“Mengko dhisik, Nak dakterusake”**. *Fungsi* pangandikanipun Pak Gunawicara wonten ing nginggil kangge ngandharaken paminta dhateng Darmanto saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping wolu badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Darminah kaliyan Sundari ing griyanipun Darminah. Sundari nyariyosaken bilih Darmanto nate kapanggih tiyang sepuhipun Sundari, ananging namung sepisan nalika taksih ing Pekalongan. Samenika tiyang sepuhipun Sundari wonten ing Jakarta, lajeng kapan-kapan badhe sowan ing Purwodadi. Darminah paring paminta dhateng Sundari menawi tiyang sepuhipun sampun ing Purwodadi saged dipunajak dolan ing griyanipun Darminah, menapa menawi dipunparingi kabar, Darminah badhe sowan.

Darminah : “Wela kebeneran, durung nganti disowani wis arep tindak mrene. **Besuk diaturi pinarak mrene lho, Dhik. Utawa dhik Sun paring kabar mrene, aku sowan daleme kana.**” (8)

(KBP/79).

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Darminah ngendika dhateng Sundari supados tiyang sepuhipun dipunaturi tindak mriki, menawi boten nggih Darminah ingkang mrika, lajeng dipunwangsuli inggih dhateng Sundari. *Tuturan*ipun Darminah ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Sundari menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknaipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (8) menika kangge ngandharaken paminta, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara pawarta utawi ukara cariyos. Dene, tuturan “**Besuk diaturi**

**pinarak mrene lho, Dhik. Utawa dhik Sun paring kabar mrene, aku sowan daleme kana.”** ugi namung kangge ngandharaken paminta dhateng Sundari.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge paminta. Gayut kaliyan *konteksipun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Darminah kaliyan Sundari ing griyanipun Darminah. Sundari nyariyosaken bilih Darmanto nate kapanggih tiyang sepuhipun Sundari. Samenika tiyang sepuhipun Sundari wonten ing Jakarta, lajeng kapan-kapan badhe sowan ing Purwodadi. Darminah lajeng ngendika dhateng Sundari **“Besuk diaturi pinarak mrene lho, Dhik. Utawa dhik Sun paring kabar mrene, aku sowan daleme kana”**. *Fungsi* pangandikanipun Darminah wonten ing nginggil kangge ngandharaken paminta dhateng Sundari saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping sanga badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Darmanto kaliyan Sundari. Sundari sampun cariyos menawi Sundoro menika masipun. Darmanto paring paminta dhateng Sundari supados menawi Sundoro ketangkep, piyambakipun kedah eklas.

Darmanto : **“Mung siji sing kudu kokpeksa atimu, Dhik. Yaiku kowe kudu eklas ora owel marang ketangkepe kangmasmu mengko.”**  
(9)

(KBP/92)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Darmanto ngendika dhateng Sundari supados manahipun kiyat menawi kangmasipun ketangkep lajeng dipunwangsul woalah mas nggih badhe kados pundi malih

dhateng Sundari. *Tuturan*ipun Darmanto ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Sundari menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknaipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (9) menika kangge ngandharaken paminta, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara pawarta utawi ukara cariyos. Dene, tuturan **“Mung siji sing kudu kokpeksa atimu, Dhik. Yaiku kowe kudu eklas ora owel marang ketangkepe kangmasmu mengko”** ugi namung kangge ngandharaken paminta dhateng Sundari.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge paminta. Gayut kaliyan *konteksipun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Darmanto kaliyan Sundari. Sundari sampun cariyos menawi Sundoro menika kangmasipun. Darmanto lajeng ngendika dhateng Sundari menawi kangmasipun ketangkep **“Mung siji sing kudu kokpeksa atimu, Dhik. Yaiku kowe kudu eklas ora owel marang ketangkepe kangmasmu mengko”**. *Fungsi* pangandikanipun Darmanto wonten ing nginggil kangge ngandharaken paminta dhateng Sundari supados saged eklas saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping sedasa badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.



*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Inspektur akhmadi kaliyan Inspektur Yoyok ing griyanipun pak Lurah. Inspektur Yoyok saha Inspektur Akhmadi sami-sami madosi Sundoro. Kekalihipun sami-sami nyariyosaken griya ingkang nyalawadi ing tengah alas wau. Inspektur Akhmadi lajeng paring paminta menawi saged sesarengan anggenipun ngrancang panggrebegan.

Inspektur Akhmadi: **“Inggih, mangke kita rancang sesarengan tumindak ing panggrebegan.** Mesakaken lare ingkang dipunculik punika, manawi kadangon mboten angsal pitulungan.” **(10)**

(KBP/100).

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Inspektur Akhmadi ngendika dhateng Inspektur Yoyok supados kita rancang sesarengan anggenipun nggrebeg, lajeng kekalihipun langsung pirembagan bab panggrebegan. *Tuturan*ipun Inspektur Akhmadi ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Inspektur Yoyok menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknanipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (10) menika kangge ngandharaken paminta, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara pawarta utawi ukara cariyos. Dene, tuturan **“Inggih, mangke kita rancang sesarengan tumindak ing panggrebegan”** ugi namung kangge ngandharaken paminta dhateng Inspektur Yoyok.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge paminta. Gayut kaliyan *konteksipun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Inspektur Yoyok kaliyan Inspektur Akhmadi ing griyanipun pak Lurah. Inspektur Yoyok saha Inspektur Akhmadi sami-sami

madosi Sundoro. Kekalihipun sami-sami nyariyosaken griya ingkang nyalawadi ing tengah alas wau. Inspektur Akhmadi lajeng ngendika dhateng Inspektur Yoyok **“Inggih, mangke kita rancang sesarengan tumindak ing panggrebegan”**. Fungsi pangandikanipun Inspektur Akhmadi wonten ing nginggil kangge ngandharaken paminta dhateng Inspektur Yoyok supados ngrancang sesarengan panggrebeganipun saha titikanipun awujud ukara.

**b. Tindak Tutur Langsung Literal ingkang Fungsipun kangge Pitaken**

*Tuturan-tuturan* ing ngandhap menika kapethik saking pawicantenan wonten ing salebeting novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A.M. ingkang nedahaken jinising *tindak tutur direktif langsung literal* ingkang fungsipun kangge pitaken. Pirembaganipun kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Bapak kaliyan Ibu wonten ing griya. Bapak kaliyan Ibu nembe congkrah amargi kawontenan ekonomi. Bapak ngendika dhateng Ibu kaliyan mentheleng. Ibu ngaken Bapak supados kados Mas Ranu ingkang saged sugih lan boten jujur saha lugu. Bapak lajeng duka amargi garwanipun ngaken boten jujur supados dados sugih.

Pak Sastro : **“Ya, nekad kepriye karepmu ....?” (11)**

(KBP/12).

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Pak Sastro ngendika dhateng Bu Sastro kedah nekad kados pundi, lajeng Bu Sastro mangsuli supados kados mas Jaya. *Tuturan*ipun Pak Sastro ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Bu Sastro menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknanipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (11) menika kangge ngandharaken pitaken (*introgasi*), amargi wujudipun ukara inggih menika ukara pitaken. Dene, tuturan **“Ya, nekad kepriye karepmu?”** ugi namung kangge pitaken (*introgasi*).

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge pitaken. Gayut kaliyan *konteksipun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Bapak kaliyan Ibu wonten ing griya. Bapak kaliyan Ibu nembe congkrah amargi kawontenan ekonomi. Bapak ngendika dhateng Ibu kanthi mentheleng. Ibu ngaken Bapak supados kados Mas Ranu ingkang saged sugih lan boten namung jujur saha lugu kemawon. Bapak lajeng duka lajeng ngendika **“Ya, nekad kepriye karepmu?”**. *Fungsi* pangandikanipun Pak Sastro wonten ing nginggil kangge ngandharaken pitaken (*introgasi*) dhateng Bu Sastro saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping kalih welas badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Darmanto kaliyan Sundari ing griyanipun Darminah. Darminah, Sundari, saha Darmanto lenggahan ing ngajeng sinambi cariyos. Darmanto nyariyosaken menawi rampog ing Karangsari sampun dipuntangkep lan samenika badhe madosi bos penculikan ing Semarang. Darmanto maringi pirsa bilih bos penculikan menika Sundoro. Mireng kados mekaten, Sundari ingkang sejatosipun adhikipun Sundoro langsung nangis. Darmanto lajeng paring pitakenan dhateng Sundari.

Darmanto : **“Ana apa, Sun? Apa lara? Masuk angin?” (12)**

(KBP/90).

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Darmanto ngendika dhateng Sundari kenging menapa, menapa sakit, menapa masuk angin lajeng Sundari mangsuli menawi boten kenging menapa-menapa. *Tuturan*ipun Darmanto ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Sundari menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknaipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (12) menika kangge ngandharaken pitaken (*introgasi*), amargi wujudipun ukara inggih menika ukara pitaken. Dene, tuturan **“Ana apa, Sun? Apa lara? Masuk angin”** ugi namung kangge pitaken (*introgasi*).

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge pitaken. Gayut kaliyan *konteksipun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Darmanto kaliyan Sundari ing griya. Darminah, Sundari, saha Darmanto lenggahan ing ngajeng sinambi cariyos. Darmanto nyariyosaken bilih bos penculikan sampun ketangkep inggih menika Sundoro. Mireng kados mekaten, Sundari ingkang sejatosipun adhikipun Sundoro langsung nangis. Darmanto lajeng paring pitakenan dhateng Sundari **“Ana apa, Sun? Apa lara? Masuk angin”**. *Fungsi* pangandikanipun Darmanto wonten ing nginggil kangge ngandharaken pitaken (*introgasi*) dhateng Sundari saha titikanipun awujud ukara.

**c. Tindak Tutur Langsung Literal ingkang Fungsipun kangge Printah**

*Tuturan-tuturan* ing ngandhap menika kapethik saking pawicantenan wonten ing salebeting novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A.M. ingkang nedahaken jinising *tindak tutur direktif langsung literal* ingkang *fungsipun* kangge perintah. Pirembaganipun kaandharaken kados ing ngandhap menika.

**Konteks** : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Ibu kaliyan Bapak ing griya. Bapak nembe wangsul saking kantor, ananging dereng wekdalipun. Bapak mangertos kadadosan ibu duka dhateng Mini, Manto, saha Minah. Bapak taken pipinipun Mini kening menapa. Ibu mangsuli bilih Mini rebutan tempe kaliyan Manto, lan sothilipun kening ing pipinipun Mini, kamangka sejatosipun boten mekaten. Ibu lajeng duka lan bapak paring saran supados sabar. Bapak lajeng langsung perintah dhateng Darminah supados adhik-adhikipun dipunpendhetaken maem.

**Bapak** : **“Wis kana Mien, adhine dijupuke mangan ..” (13)**  
(KBP/44).

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Pak Sastro ngendika dhateng Darminah supados adhik-adhikipun dipunpendhetaken maem, lajeng Darminah langsung mendhetaken maem kangge adhik-adhikipun. *Tuturanipun* Pak Sastro ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Darminah menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknanipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (13) menika kangge ndhawuhi utawi perintah, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara perintah. Dene, tuturan **“Wis kana Mien, adhine dijupuke”** ugi namung kangge perintah utawi ndhawuhi.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge perintah. Gayut kaliyan *konteksipun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Ibu kaliyan Bapak ing griya. Bapak nembe wangsul saking kantor, ananging dereng wekdalipun. Bapak mangertos kadadosan ibu duka dhateng larenipun. Bapak taken pipinipun Mini kenging menapa. Ibu mangsuli bilih Mini rebutan tempe kaliyan Manto, lan sothilipun kenging ing pipinipun, kamangka sejatosipun boten mekaten. Ibu lajeng duka lan bapak paring saran supados sabar. Bapak lajeng ngendika dhateng Darminah **“Wis kana Mien, adhine dijupuke”**. *Fungsi* pangandikanipun Pak Sastro wonten ing nginggil kangge ngandharaken perintah dhateng Darminah saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping sekawan welas badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun pak Dimin kaliyan Darmono ing tegalan. Darmono sampun mlampah pinten-pinten dinten lan luwe sanget. Darmono nembe mlampah ing tegalan, ningali menawi wonten jagung. Darmono lajeng badhe mundhut jagung menika amargi sampun luwe sanget. Dumadakan saking wingking Pak Dimin nangkap Darmono ingkang sampun kelangan jagung dumugi samenika, lan paring perintah supados ngadeg lan dipunbeta ing kelurahan.

Pak Dimin : “Saiki mengko rasakna awakmu sida ... **Ayo ngadeg, dakgawa menyang kalurahan ..**” (14)

(KBP/115)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Pak Dimin ngendika dhateng Darmono supados ngadeg badhe dipunbekta ing kelurahan, lajeng Darmono langsung nangis amargi mireng pangandikanipun Pak Dimin.

*Tuturan*ipun Pak Dimin ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Darmono menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknanipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (14) menika kangge ndhawuhi utawi perintah, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara perintah. Dene, tuturan **“Ayo ngadeg, dakgawa menyang kalurahan”** ugi namung kangge perintah utawi ndhawuhi.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge perintah. Gayut kaliyan *konteksipun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Pak Dimin kaliyan Darmono ing tegalan. Darmono sampun mlampah pinten-pinten dinten lan luwe sanget. Darmono nembe mlampah ing tegalan, ningali menawi wonten jagung. Darmono lajeng badhe mundhut jagung menika amargi sampun luwe sanget. Dumadakan saking wingking Pak Dimin nangkep Darmono ingkang sampun kelangan jagung dumugi samenika lajeng ngendika **“Ayo ngadeg, dakgawa menyang kalurahan”**. *Fungsi* pangandikanipun Pak Dimin wonten ing nginggil kangge ngandharaken perintah dhateng Darmono saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping gangsal welas badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Pak Dimin kaliyan Darmono ing tegalan. Pak Dimin sampun saben dalu kelangan jagung. Kepasan ing dalu menika Darmono ingkang mendhet jagung, kamangka maling saben wengipun sanes

Darmono. Lajeng Pak Dimin printah dhateng Darmono supados tumut piyambakipun.

Pak Dimin : “Heh, saben bengi aku mesthi kelangan jagung ... ya kowe kuwi mesthi bangsate, ya? **Ayo melu aku ..**” (15)

(KBP/116).

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Pak Dimin ngendika dhateng Darmono supados tumut piyambakipun, lajeng Darmono langsung ngendika dhateng Pak Dimin menawi sanes piyambakipun ingkang mendhet jagung wingi-wingi. *Tuturanipun* Pak Dimin ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Darmono menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknanipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (15) menika kangge ndhawuhi utawi perintah, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara perintah. Dene, tuturan “**Ayo melu aku**” ugi namung kangge perintah utawi ndhawuhi.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge perintah. Gayut kaliyan *konteksipun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Pak Dimin kaliyan Darmono ing tegalan. Pak Dimin sampun saben dalu kelangan jagung. Kepasan ing dalu menika Darmono ingkang mendhet jagung, kamangka maling saben wengnipun sanes Darmono. Lajeng Pak Dimin ngendika dhateng Darmono “**Ayo melu aku**”. *Fungsi* pangandikanipun Pak Dimin wonten ing nginggil kangge ngandharaken perintah dhateng Darmono saha titikanipun awujud ukara.



Jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping nembelas badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Pak Dimin kaliyan Dimin ing griyanipun Pak Dimin. Darmono sampun cariyos dhateng Pak Dimin menawi piyambakipun boten maling ingkang dipunmaksud, ananging Darmono menika lare tebih. Pak Dimin lajeng boten siyos mbeta ing kelurahan, ananging dipunbeta ing griyanipun. Pak Dimin lajeng printah dhateng Dimin supados mandhap rumiyin.

Pak Dimin : **“Min, Dimin ... mudhuna sedhela, le ...” (16)**

(KBP/116)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Pak Dimin ngendika dhateng Dimin supados mandhap rumiyin, lajeng Dimin enggal-enggal mandhap lan nyuwun pirsu wonten menapa. *Tuturan*ipun Pak Dimin ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Dimin menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknaipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (16) menika kangge ndhawuhi utawi printah, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara printah. Dene, tuturan **“Min, Dimin ... mudhuna sedhela, le”** ugi namung kangge printah utawi ndhawuhi.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge printah. Gayut kaliyan *konteksipun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Pak Dimin kaliyan Dimin ing griyanipun Pak Dimin. Darmono sampun cariyos dhateng Pak Dimin menawi piyambakipun boten

maling ingkang dipunmaksud, ananging Darmono menika lare tebih. Pak Dimin lajeng boten siyos mbeta ing kelurahan, ananging dipunbeta ing griyanipun. Pak Dimin lajeng ngendika dhateng Dimin **“Min, Dimin ... mudhuna sedhela, le”**. Fungsi pangandikanipun Pak Dimin wonten ing nginggil kangge ngandharaken perintah dhateng Dimin saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur direktif langsung literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping pitulas badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Pak Dimin kaliyan Darmono saha Dimin. Sasampunipun bibar nedha, lajeng Pak Dimin paring perintah dhateng Dimin saha Darmono supados enggal-enggal tilem.

Pak Dimin : **“Saiki padha turu kana ...” (17)**

(KBP/118)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Pak Dimin ngendika dhateng Dimin saha Darmono supados enggal-enggal tilem, lajeng Dimin saha Darmono ugi enggal-enggal tilem. *Tuturan*ipun Pak Dimin ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Dimin saha Darmono menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknanipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (17) menika kangge ndhawuhi utawi perintah, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara perintah. Dene, tuturan **“Saiki padha turu kana”** ugi namung kangge perintah utawi ndhawuhi.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge perintah. Gayut kaliyan *konteksipun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Pak Dimin kaliyan Darmono saha Dimin. Sasampunipun bibar nedha, lajeng Pak Dimin ngendika dhateng Dimin saha Darmono **“Saiki padha turu kana”**. *Fungsi* pangandikanipun Pak Dimin menika kangge ngandharaken perintah dhateng Dimin saha Darmono saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping wolulas badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Inspektur Akhmadi kaliyan Pak Sastro. Inspektur Akhmadi nyedhaki Kandar ingkang nangis. Kandar lajeng cariyos menawi cariyosipun kados piyambakipun, dereng nate kepanggih bapakipun, namung saking foto menika kaemawon. Lajeng foto menika dipunbeta Akhmadi ing nginggil lan dipuncaosaken dening bapak. Lajeng bapak paring perintah dhateng Akhmadi supdos Kandar mriki.

Pak Sastro : **“Konen mrene bocahe, enggal ...” (18)**

(KBP/126)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Pak Sastro ngendika dhateng Inspektur Akhmadi supados Kandar dipunajak kumpul sesarengan ing mriki, lajeng Inspektur Akhmadi enggal-enggal marani Kandar. *Tuturanipun* Pak Sastro ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Inspektur Akhmadi menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknanipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (18) menika kangge ndhawuhi utawi perintah, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara perintah. Dene, tuturan “**Konen mrene bocahe, enggal**” ugi namung kangge perintah utawi ndhawuhi.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge perintah. Gayut kaliyan *konteksipun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Inspektur Akhmadi kaliyan Pak Sastro. Inspektur Akhmadi nyedhaki Kandar ingkang nangis. Kandar lajeng cariyos menawi cariyosipun sami kaliyan kulawargi menika, dereng nate kepanggih bapakipun, namung saking foto menika kaemawon. Lajeng foto menika dipunbeta Akhmadi ing nginggil lan dipuncaosaken dening bapak. Lajeng bapak ngendika dhateng Inspektur Akhmadi “**Konen mrene bocahe, enggal**”. *Fungsi* pangandikanipun Pak Sastro menika kangge ngandharaken perintah dhateng Inspektur Akhmadi saha titikanipun awujud ukara.

#### **d. Tindak Tutur Langsung Literal ingkang Fungsipun kangge Pamenging**

*Tuturan-tuturan* ing ngandhap menika kapethik saking pawicantenan wonten ing salebeting novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A.M. ingkang nedahaken jinising *tindak tutur direktif langsung literal* ingkang *fungsinipun* kangge pamenging. Pirembaganipun kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Darminah kaliyan Darmono ing kamar. Darmono badhe bidhal saking griya madosi

ibunipun, ananging bingung boten wonten artanipun. Darmono langsung kemawon ngendika menapa nyolong artanipun bapak kemawon. Darminah kaget lajeng nutupi tutukipun Darmono supados boten kapireng sanesipun.

Darminah : **“Hus, aja kaya ngono, Dar.** Kuwi jenenge maling, ora apik...”

(19)

(KBP/30)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Darminah ngendika dhateng Darmono supados boten mendhet artanipun bapak amargi kados mekaten boten sae, lajeng Darmono mangsuli tinimbang kados mekaten terus boten kiyat. *Tuturanipun* Darminah ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Darmono menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknanipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (19) menika kangge pamenging, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara printah. Dene, tuturan **“Hus, aja kaya ngono, Dar”** ugi namung kangge pamenging.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge pamenging. Gayut kaliyan *konteksipun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Darminah kaliyan Darmono ing kamar. Darmono badhe bidhal saking griya madosi ibunipun, ananging bingung boten wonten artanipun. Darmono langsung kemawon ngendika menapa nyolong artanipun bapak kemawon. Darminah kaget lajeng nutupi tutukipun Darmono lan ngendika

**“Hus, aja kaya ngono, Dar”**. *Fungsi* pangandikanipun Darminah menika kangge ngandharaken pamenging dhateng Darmono saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur direktif langsung literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping kalih dasa badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Darmono kaliyan Darmini ing kamar. Darmono tilem ing kamar kaliyan Darmini, Darmanto, saha Darminah. Darmono nembe ngendika dhateng Darminah menawi badhe nyusul ibunipun. Pawicantenan menika ndadosaken Darmini tangi lan mangsuli menawi badhe ndherek Darmono. Darmono boten ngeparengaken menawi Darmini ndherek.

Darmono : **“Aja, Dhik, aja ndhisik ...**, suk wae yen mas No wis kepethuk ibu, Mini Manto dakparani ...” **(20)**

(KBP/36)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Darmono ngendika dhateng Darmini supados boten ndherek piyambakipun nyusul ibu, lajeng Darmini mangsuli menawi piyambakipun tetep badhe ndherek nyusul ibunipun. *Tuturan*ipun Darmono ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Darmini menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknanipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (20) menika kangge pamenging, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara perintah. Dene, tuturan **“Aja, Dhik, aja ndhisik”** ugi namung kangge pamenging.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge pamenging. Gayut kaliyan *konteksipun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Darmono kaliyan Darmini ing kamar. Darmono tilem ing kamar kaliyan Darmini, Darmanto, saha Darminah. Darmono nembe ngendika dhateng Darminah menawi badhe nyusul ibunipun. Pawicantenan menika ndadosaken Darmini tangi lan mangsuli menawi badhe ndherek Darmono. Darmono lajeng ngendika dhateng Darmini **“Aja, Dhik, aja ndhisik”**. *Fungsi* pangandikanipun Darmono menika kangge ngandharaken pamenging dhateng Darmini saha titikanipun awujud *klausa*.

Jinis *tindak tutur direktif langsung literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping 21 badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Ibu kaliyan Darminah. Darminah ingkang nembe wangsul saking griyanipun Mbok nem dipundukani, ugi adhikipun Mini saha Manto ugi dipundukani lan dipunthuthuk amargi nyuwun sekul. Darminah mangsuli ibu menawi sampun wonten sekul, ananging Darminah malah dipundukani lan dipunpenging dening ibu boten sah mangsuli menapa-menapa.

*Ibu* : **“Kowe ora susah caturan warna-warna, ... ngelingana pagaweanmu ... Kae genthong kothong durung diiseni..” (21)**

(KBP/43)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Ibu ngendika dhateng Darminah supados boten sah caturan werni-werni, lajeng Darminah mangsuli menawi mbok inggih boten sah kesangetan bu. *Tuturanipun* Ibu ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Darminah menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknaipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (21) menika kangge pamenging, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara perintah. Dene, tuturan **“Kowe ora susah caturan warna-warna”** ugi namung kangge pamenging.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge pamenging. Gayut kaliyan *konteksipun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Ibu kaliyan Darminah. Darminah ingkang nembe wangsul saking griyanipun Mbok nem dipundukani, adhikipun Mini saha Manto ugi dipundukani lan dipunthuthuk amargi nyuwun sekul. Darminah mangsuli ibu menawi sampun wonten sekul, ananging Darminah malah dipundukani lan ibu ngendika **“Kowe ora susah caturan warna-warna”**. *Fungsi* pangandikanipun Ibu menika kangge ngandharaken pamenging dhateng Darminah saha titikanipun awujud *klausa*.

Jinis *tindak tutur direktif langsung literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping kalih likur badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Ibu kaliyan Darminah. Darminah badhe dipunpalakramakaken kaliyan Parjono, ananging Darminah boten purun amargi sampun gadhah calon inggih menika Akhmadi. Ibunipun boten sarujuk menawi Darminah kaliyan Akhmadi. Darminah kedah palakrama kaliyan Parjono, ananging Darminah boten purun. Ibu lajeng boten ngeparengaken Akhmadi kaliyan Darminah kepanggih.

Ibu : **“Lan wiwit saiki kowe ora kena sesrawungan karo Akhmadi babar pisan. Layang-layangan ora kena, yen dheweke pinuju prei tilik mreng njur dolan ing omah kene ya ora kena. Saiki sing kuwasa ing kene mung aku, ngerti kowe...?”** (22)



(KBP/54)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Ibu ngendika dhateng Darminah supados boten sah kepanggih kaliyan Akhmadi malih, lajeng Darminah namung nangis kemawon mireng pangandikanipun ibu. *Tuturan*ipun Ibu ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Darminah menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknaipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (22) menika kangge pamenging, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara perintah. Dene, tuturan **“Lan wiwit saiki kowe ora kena sesrawungan karo Akhmadi babar pisan. Layang-layangan ora kena, yen dheweke pinuju prei tilik mreng njur dolan ing omah kene ya ora kena”** ugi namung kangge pamenging.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge pamenging. Gayut kaliyan *konteksipun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Ibu kaliyan Darminah. Darminah badhe dipunpalakramakaken kaliyan Parjono, ananging Darminah boten purun amargi sampun gadhah calon inggih menika Akhmadi. Ibunipun boten sarujuk menawi Darminah kaliyan Akhmadi, lajeng ibu ngendika **“Lan wiwit saiki kowe ora kena sesrawungan karo Akhmadi babar pisan. Layang-layangan ora kena, yen dheweke pinuju prei tilik mreng njur dolan ing omah kene ya ora kena”**. *Fungsi* pangandikanipun Ibu menika kangge ngandharaken pamenging dhateng Darminah saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur direktif langsung literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping tiga likur badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Darminah kaliyan Akhmadi ing wanci sonten. Darminah, Darmanto, Sundari, saha Sumarti sami lenggahan ing ngajeng griyanipun Darminah. Sedaya sami cariyos menawi sedaya sami untung sedaya. Manto saha Mini untung amargi sampun badhe krama, lajeng Sundari nusul. Darminah lajeng ngendika sinambi bisik-bisik, menawi bapak saha ibu ugi untung. Lajeng Darminah dipunpenging supados ampun santer-santer, mangke kepireng bapak saha ibu ing nglebet.

Akhmadi : **“Hus, aja banter-banter ta, yen kepireng ...** Kae lho, lagi lenggahan sekaliyan ing kursi njero ...” (23)

(KBP/130)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Darminah ngendika dhateng Darmanto, Sundari, Sumarti, saha Akhmadi menawi sedaya sami untung, ugi tiyang sepuhipun, lajeng Akhmadi paring wangsulun supados boten santer-santer anggenipun wicantenan, mangke kepireng bapak saha ibu. *Tuturanipun* Darminah ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Akhmadi menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknanipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (23) menika kangge pamenging, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara perintah. Dene, tuturan **“Hus, aja banter-banter ta, yen kepireng”** ugi namung kangge pamenging.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge pamenging. Gayut kaliyan *konteksipun*, tuturan menika

dipunngendikakaken dening Darminah kaliyan Akhmadi ing wanci sonten. Darminah, Darmanto, Sundari, saha Sumarti sami lenggahan ing ngajeng griyanipun Darminah. Sedaya sami cariyos menawi sedaya sami untung sedaya. Manto saha Mini untung amargi sampun badhe krama, lajeng Sundari nusul. Darminah lajeng ngendika sinambi bisik-bisik, menawi bapak saha ibu ugi untung. Akhmadi lajeng ngendika dhateng Darminah **“Hus, aja banter-banter ta, yen kepireng”**. Fungsi pangandikanipun Akhmadi menika kangge ngandharaken pamenging dhateng Darminah saha titikanipun awujud ukara.

**e. Tindak Tutur Langsung Literal ingkang Fungsipun kangge Maringi Idi**

*Tuturan-tuturan* ing ngandhap menika kapethik saking pawicantenan wonten ing salebeting novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A.M. ingkang nedahaken jinising *tindak tutur direktif langsung literal* ingkang *fungsinipun* kangge maringi idi. Pirembaganipun kaandharaken kados ing ngandhap menika.

**Konteks** : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Darmono kaliyan Darminah ing griya. Darmono ngendika dhateng Darminah badhe kesah saking griya. Darminah sejatosipun boten sarujuk, annaging mangertos kawontenan ing griyanipun dados sarujuk. Darmono nyuwun idi supados benjing dipunsangoni sekul, amargi piyambakipun dereng nedha saking kala wau. Darminah maringi idi, menawi benjing badhe dipunliwetaken sekul saking enjing.

**Darminah** : **“Iya ..., sesuk daktangi sing esuk sadurunge ibu wungu .....**” (24)

(KBP/37)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Darmono ngendika dhateng Darminah supados kepareng menawi piyambakipun dipunsangoni sekul, lajeng Darminah paring wangsulan inggih. *Tuturanipun*

Darmono ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Darminah menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknanipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (24) menika kangge maringi idi, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara pawarta utawi ukara cariyos. Dene, tuturan “**Iya**” ugi namung kangge maringi idi dhateng Darmono.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge maringi idi. Gayut kaliyan *konteksipun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Darmono kaliyan Darminah ing griya. Darmono ngendika dhateng Darminah badhe kesah saking griya. Darminah sejatosipun boten sarujuk, annaging mangertos kawontenan ing griyanipun dados sarujuk. Darmono nyuwun idi supados benjing dipunsangoni sekul, amargi piyambakipun dereng nedha saking kala wau. Darminah lajeng ngendika dhateng Darmono “**Iya**”. *Fungsi* pangandikanipun Darminah menika kangge maringi idi dhateng Darmono saha titikanipun awujud tembung.

**f. Tindak Tutur Langsung Literal ingkang Fungsipun kangge Maringi Saran**

*Tuturan-tuturan* ing ngandhap menika kapethik saking pawicantenan wonten ing salebeting novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A.M. ingkang nedahaken jinising *tindak tutur direktif langsung literal*

ingkang *fungsinipun* kangge maringi saran. Pirembaganipun kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Darminah kaliyan Darmono ing wanci surup wonten griya. Darmono nembe wangsul saking dolan lajeng lewat lawang wingking, amargi wonten ing ngajeng bapak nembe maos koran. Darmono luwe sanget, lajeng clingak-clinguk badhe mendhet maem rumiyin. Darminah mawi bisik-bisik paring saran dhateng Darmono supados ngatos-atos supados boten kados rumiyin.

Darminah : **“Ati-ati lho, Dar, aja nganti kaya gek anu kae maneh.” (25)**

(KBP/33)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Darminah ngendika dhateng Darmono supados ngatos-atos anggenipun mendhet maem lajeng Darmono anggenipun mendhet maem sinambi ngatos-atos, wonten ibu menapa boten. *Tuturanipun* Darminah ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Darmono menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknanipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (25) menika kangge maringi saran, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara pawarta utawi ukara cariyos. Dene, tuturan **“Ati-ati lho, Dar, aja nganti kaya gek anu kae maneh”** ugi namung kangge maringi saran dhateng Darmono.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge maringi saran. Gayut kaliyan *konteksipun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Darminah kaliyan Darmono ing wanci surup wonten

griya. Darmono nembe wangsul saking dolan lajeng lewat lawang wingking, amargi wonten ing ngajeng bapak nembe maos koran. Darmono luwe sanget, lajeng clingak-clinguk badhe mendhet maem rumiyin. Darminah mawi bisik-bisik lajeng ngendika dhateng Darmono **“Ati-ati lho, Dar, aja nganti kaya gek anu kae maneh”**. Fungsi pangandikanipun Darminah menika kangge maringi saran dhateng Darmono saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur direktif langsung literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping nem likur badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Ibu kaliyan Bapak ing griya. Bapak nembe wangsul saking kantor, ananging dereng wekdalipun. Bapak mangertos kadadosan ibu duka dhateng Mini, Manto, saha Minah. Bapak taken pipinipun Mini kening menapa. Ibu mangsuli bilih Mini rebutan tempe kaliyan Manto, lan sohilipun kening ing pipinipun Mini, kamangka sejatosipun boten mekaten. Ibu lajeng duka. Bapak lajeng paring saran dhateng ibu supados sabar.

Pak Sastro : **“Ya sing sabar ta, Bu ..., kowe ya sing bisa nimbang, sanajan bener kandhamu Mini ngrebut nanging wong bocah ta ...”** (26)

(KBP/44)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Pak Sastro ngendika dhateng Ibu supados saged sabar amargi Mini taksih alit lajeng Ibu mlebet kamar lawangipun dipuntutup santer. *Tuturan*ipun Pak Sastro ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Ibu menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknanipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking

*tuturan* (26) menika kangge maringi saran, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara pawarta utawi ukara cariyos. Dene, tuturan **“Ya sing sabar ta, Bu, kowe ya sing bisa nimbang, sanajan bener kandhamu Mini ngrebut nanging wong bocah ta”** ugi namung kangge maringi saran dhateng Ibu.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge maringi saran. Gayut kaliyan *konteksupun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Ibu kaliyan Bapak ing griya. Bapak nembe wangsul saking kantor, ananging dereng wekdalipun. Bapak mangertosi kadadosan ibu duka dhateng larenipun. Bapak taken pipinipun Mini kenging menapa. Ibu mangsuli bilih Mini rebutan tempe kaliyan Manto, lan sothilipun kenging ing pipinipun, kamangka sejatosipun boten mekaten. Ibu lajeng duka lan Bapak ngendika **“Ya sing sabar ta, Bu, kowe ya sing bisa nimbang, sanajan bener kandhamu Mini ngrebut nanging wong bocah ta”**. *Fungsi* pangandikanipun Pak Sastro menika kangge maringi saran saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur direktif langsung literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping pitu likur badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

|                |                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                |
|----------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <i>Konteks</i> | : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Akhmadi kaliyan Darminah ing griyanipun Mbok Nem. Darminah nyariyosaken dhateng Akhmadi menawi piyambakipun badhe dipunpalakramakaken dhateng Parjono. Darminah ajrih menawi bapak ugi sarujuk lan manut ibu bab palakrama kaliyan Parjono. Akhmadi lajeng paring saran dhateng Darminah supados boten dipunpenggalih kanthi jeru. |
| Akhmadi        | : <b>“Mula saiki, Dhik, ora perlu susah-susah pikiranmu. Disabar sawatara; aku dhewe mengko kang bakal nyuwun marang bapak lan ambudidaya bisane kelakon. Pokoking perkara iki</b>                                                                                                                                                                                             |

**gumantung ana bapak ... Angger bapak wis marengake .., kabeh dudu apa-apa ..” (28)**

(KBP/60)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Akhmadi ngendika dhateng Darminah supados boten dipunpenggalih kanthi jeru saha ingkang sabar kemawon lajeng manahipun Darminah dados padhang malih. *Tuturan*ipun Akhmadi ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Darminah menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknanipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (27) menika kangge maringi saran, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara pawarta utawi ukara cariyos. Dene, tuturan **“Mula saiki, Dhik, ora perlu susah-susah pikiranmu. Disabar sawatara; aku dhewe mengko kang bakal nyuwun marang bapak lan ambudidaya bisane kelakon. Pokoking perkara iki gumantung ana bapak ... Angger bapak wis marengake .., kabeh dudu apa-apa”** ugi namung kangge maringi saran dhateng Darminah.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge maringi saran. Gayut kaliyan *konteksipun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Akhmadi kaliyan Darminah. Darminah nyariyosaken dhateng Akhmadi menawi piyambakipun badhe dipunpalakramakaken dhateng Parjono. Darminah ajrih menawi bapak ugi sarujuk dhateng ibu bab. Akhmadi lajeng ngendika **“Mula saiki, Dhik, ora perlu susah-susah pikiranmu. Disabar sawatara; aku dhewe mengko kang bakal nyuwun marang bapak lan ambudidaya bisane kelakon. Pokoking perkara iki gumantung ana bapak.**



**Angger bapak wis marengake, kabeh dudu apa-apa”.** Fungsi pangandikanipun

Akhmadi menika kangge maringi saran Darminah saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur direktif langsung literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping wolu likur badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Darminah kaliyan Darmanto ing griyanipun Darminah. Darmanto bidhal dhateng Purwodadi madosi griyanipun Darminah lajeng kepanggih. Darmanto nyuwun pirsa kabaripun Mini saha Manto, ananging boten sami mangertos menapa malih Darmono. Darmanto lajeng paring saran dhateng Darminah supados boten sah dipungagas sanget-sanget, dipunikhtiari kemawon.

Darmanto : **“Ya, aja digagas banget-banget, Yu. Liya dina diikhtiari nggoleki mbokmanawa bisa ketemu, saora-orane ya kabar-kabare.” (28)**

(KBP/75)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Darmanto ngendika dhateng Darminah supados boten dipunpenggalih sanget, dipunikhtiari kemawon lajeng Darminah mangsuli menawi ikhlar sampun saben dinten. *Tuturan*ipun Darmanto ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Darminah menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknanipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (28) menika kangge maringi saran, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara pawarta utawi ukara cariyos. Dene, tuturan **“Ya, aja digagas banget-banget, Yu. Liya dina diikhtiari nggoleki mbokmanawa bisa ketemu,**

**saora-orane ya kabar-kabare”** ugi namung kangge maringi saran dhateng Darminah.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge maringi saran. Gayut kaliyan *konteksipun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Darminah kaliyan Darmanto ing griyanipun Darminah. Darmanto bidhal dhateng Purwodadi madosi griyanipun Darminah lajeng kepanggih. Darmanto nyuwun pirsu kabaripun Mini saha Manto, ananging boten sami mangertos menapa malih Darmono. Darmanto lajeng ngendika dhateng Darminah **“Ya, aja digagas banget-banget, Yu. Liya dina diikhtiari nggoleki mbokmanawa bisa ketemu, saora-orane ya kabar-kabare”**. *Fungsi* pangandikanipun Darmanto menika kangge maringi saran dhateng Darminah saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur direktif langsung literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping sanga likur badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Inspektur Akhmadi kaliyan Sukandar ing kreteg kelurahan Karangsari. Inspektur Akhmadi saha Sukandar sampun ngrancang prakawis kangge nangkep babah Dengkek saha buktinipun. Inspektur Akhmadi lajeng paring saran dhateng Sukandar supados piyambakipun enggal-enggal wangsul lan benjing boten sah paring tandha kangge nangkep babah dengkek kaliyan tamunipun. Inspektur Akhmadi: **“Iya wis, kowe enggal bali. Ora susah awèh tandha apa-apa mengko, marga wis ana kang dakpatah ngawasi tekane tamu ing ngarep omah rada adoh.”** (29)

(KBP/86)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Inspektur Akhmadi ngendika dhateng Sukandar supados piyambakipun enggal wangsul lajeng Sukandar langsung wangsul ing griyanipun Babah Dengkek. *Tuturan*ipun Inspektur Akhmadi ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Sukandar menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknanipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (29) menika kangge maringi saran, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara pawarta utawi ukara cariyos. Dene, tuturan **“Iya wis, kowe enggal bali. Ora susah awèh tandha apa-apa mengko, marga wis ana kang dakpatah ngawasi tekane tamu ing ngarep omah rada adoh”** ugi namung kangge maringi saran dhateng Sukandar.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge maringi saran. Gayut kaliyan *kontekstipun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Inspektur Akhmadi kaliyan Sukandar ing kreteg kelurahan Karangsari. Inspektur Akhmadi saha Sukandar sampun ngrancang prakawis kangge nangkep babah Dengkek saha buktinipun. Inspektur Akhmadi ngendika dhateng Sukandar **“Iya wis, kowe enggal bali. Ora susah awèh tandha apa-apa mengko, marga wis ana kang dakpatah ngawasi tekane tamu ing ngarep omah rada adoh”**. *Fungsi* pangandikanipun Inspektur Akhmadi menika kangge maringi saran dhateng Sukandar saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur direktif langsung literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping tigang dasa badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Darmanto kaliyan Sundari. Sundari tambah nangis amargi Darminah paring saran supados boten cariyos bab penculikan, lan supados bosipun enggal-enggal ketangkep. Sasampunipun Sundari sampun radi lerem, Darmanto paring saran supados boten dipunangen-angen malih.

Darmanto : **“Wis ta dhik, aja diangen-angen maneh mundhak miris atimu.” (30)**

(KBP/91)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Darmanto ngendika dhateng Sundari supados boten sah dipunpenggalih malih lajeng Sundari tambah bingung menapa badhe dipuncariyosaken kadadosan sanyatanipun. *Tuturan*ipun Darmanto ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Sundari menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung literal* amargi *modus tuturan* saha maknanipun sami kaliyan maksudipun penutur. *Modus* saking *tuturan* (30) menika kangge maringi saran, amargi wujudipun ukara inggih menika ukara pawarta utawi ukara cariyos. Dene, tuturan **“Wis ta dhik, aja diangen-angen maneh mundhak miris atimu”** ugi namung kangge maringi saran dhateng Sundari.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung literal* ingkang ginanipun kangge maringi saran. Gayut kaliyan *konteksipun*, tuturan menika dipunngendikakaken dening Darmanto kaliyan Sundari. Sundari tambah nangis

amargi Darminah paring saran supados boten cariyos bab penculikan, lan supados bosipun enggal-enggal ketangkep. Sasampunipun Sundari sampun radi lerem, Darmanto ngendika dhateng Sundari **“Wis ta dhik, aja diangen-angen maneh mundhak miris atimu”**. Fungsi pangandikanipun Darmanto menika kangge maringi saran dhateng Sundari saha titikanipun awujud ukara.

## **2. Jinisipun Tindak Tutur Boten Langsung Literal**

*Tindak tutur boten langsung literal* inggih menika *tindak tutur* ingkang *modus* ukaranipun boten jumbuh kaliyan maksud tuturan menika, ananging tembung ingkang dipunginakaken jumbuh kaliyan suraosipun tiyang ingkang ngendika. Wonten ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. kapanggihaken jinis *tindak tutur boten langsung literal* kanthi *fungsi* ingkang beda-beda ingkang kaandharaken kados ing ngandhap menika.

### **a. Tindak Tutur Boten Langsung Literal ingkang Fungsipun kangge Pitaken**

*Tuturan-tuturan* ing ngandhap menika kapethik saking pawicantenan wonten ing salebeting novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A.M. ingkang nedahaken jinising *tindak tutur direktif boten langsung literal* ingkang *funksinipun* kangge pitaken. Pirembaganipun kaandharaken kados ing ngandhap menika.

**Konteks** : Pawicantenan menika kadaosan antawisipun Ibu kaliyan Darminah ing griya. Darminah badhe dipunpalakramakaken kaliyan Parjono, ananging piyambakipun boten purun, amargi miturutipun Parjono boten sae patrapipun. Ibunipun paring paminta supados Darminah purun, ananging Darminah tetep boten purun.

Ibu sampun duka sanget, lajeng paring pitaken dhateng Darminah, menawi boten manut kaliyan tiyang sepuh badhe manut kaliyan sinten malih.

Ibu : “Apa kowe seneng yen gawe wirang wong tuwamu? **Yen ora nurut wong tuwamu, arep nurut sapa, he?**”

(KBP/53)

*Tuturan ing nginggil kalebet jinis tindak tutur direktif* amargi Ibu ngendika dhateng Darminah supados manut kemawon kaliyan ibunipun dipunpalakramakaken kaliyan Parjono lajeng Darminah namung kendel lan meneng kemawon. *Tuturanipun* Ibu ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Darminah menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan ing nginggil kalebet tindak tutur boten langsung literal* amargi *modus* ukaranipun boten jumbuh kaliyan maksud tuturan menika, ananging tembung ingkang dipunginakaken jumbuh kaliyan suraosipun tiyang ingkang ngendika. *Modus* saking *tuturan* (31) menika kangge nyuwun pirsu amargi ukaranipun awujud ukara pitaken, ananging sejatosipun ing *tuturan* menika maksudipun kangge perintah supados Darminah palakrama kaliyan Parjono, ananging dipunandharaken mawi boten *langsung* ngginakaken ukara pitaken. Dene, makna tembung “**Yen ora nurut wong tuwamu, arep nurut sapa, he?**” jumbuh kaliyan maksudipun saking tuturan menika.

*Tuturan ing nginggil kalebet jinis tindak tutur boten langsung literal* ingkang ginanipun kangge pitaken. Gayut kaliyan *konteksipun*, *tuturan* menika dipunngendikakaken dening Ibu kaliyan Darminah ing griya. Darminah badhe

dipunpalakramakaken kaliyan Parjono, ananging piyambakipun boten purun, amargi miturutipun Parjono patrapipun boten sae. Ibunipun paring paminta supados Darminah purun, ananging Darminah tetep boten purun. Ibu sampun duka sanget, lajeng paring pitaken dhateng Darminah **“Yen ora nurut wong tuwamu, arep nurut sapa, he?”**. Fungsi pangandikanipun Ibu menika kangge paring pitaken (*introgasi*) dhateng Darminah saha titikanipun awujud ukara.

**b. Tindak Tutur Boten Langsung Literal ingkang Fungsipun kangge Maringi Saran**

*Tuturan-tuturan* ing ngandhap menika kapethik saking pawicantenan wonten ing salebeting novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A.M. ingkang nedahaken jinising *tindak tutur direktif* boten *langsung literal* ingkang *fungsipun* kangge maringi saran. Pirembaganipun kaandharaken kados ing ngandhap menika.

- Konteks** : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Sundari kaliyan Sundoro ing griyanipun wanci dalu. Sundoro dumugi samenika taksih remen main saha ngombe. Nalika Sundoro nembe teturon ing lincak, Sundari paring pitaken saha paring saran dhateng Sundoro supados saged dados tiyang ingkang leres. Pitakenan menika ugi gadhah maksud sanes, inggih menika perintah dhateng Sundoro supados boten main saha ngombe malih.
- Sundari** : **“Mas Sundoro, kapan ta anggonmu mareni tumindak kaya ngono kuwi, apa kowe ora kepingin urip sing kepenak, tentrem ayam?” (32)**

(KBP/64)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Sundari ngendika dhateng Sundoro kapan anggenipun mantun tumindak kados mekaten, menapa boten kepingin menawi gesangipun ayam tentrem lajeng Sundoro boten

mangsuli namung lenggah sinambi udud. *Tuturan*ipun Sundari ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Sundoro menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur* boten *langsung literal* amargi *modus* ukaranipun boten jumbuh kaliyan maksud tuturan menika, ananging tembung ingkang dipunginakaken jumbuh kaliyan suraosipun tiyang ingkang ngendika. *Modus* saking *tuturan* (32) menika kangge nyuwun pirsaa amargi ukaranipun awujud ukara pitaken, ananging sejatosipun ing *tuturan* menika maksudipun kangge perintah supados Sundoro saged kendel anggenipun tumindak boten sae, ananging dipunandharaken mawi boten *langsung* ngginakaken ukara pitaken. Dene, makna tembung **“Mas Sundoro, kapan ta anggonmu mareni tumindak kaya ngono kuwi, apa kowe ora kepingin urip sing kepenak, tentrem ayem?”** jumbuh kaliyan maksudipun saking tuturan menika.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur* boten *langsung literal* ingkang ginanipun kangge maringi saran. Gayut kaliyan *konteksipun*, *tuturan* menika dipunngendikakaken dening Sundari kaliyan Sundoro ing griyanipun wanci dalu. Sundoro dumugi samenika taksih remen main saha ngombe. Nalika Sundoro nembe teturon ing lincak, Sundari ngendika dhateng Sundoro **“Mas Sundoro, kapan ta anggonmu mareni tumindak kaya ngono kuwi, apa kowe ora kepingin urip sing kepenak, tentrem ayem?”**. *Fungsi* pangandikanipun Sundari menika kangge maringi saran dhateng Sundoro saha titikanipun awujud ukara.



Jinis *tindak tutur direktif* boten *langsung literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping tigang dasa tiga badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Pak Sastro kaliyan Darmanto ing wanci siyang. Sabibaripun dhahar, kekalihipun lajeng lenggahan ing ngajeng griya. Pak Sastro paring saran menapa boten becik menawi piyambakipun enggal karesmikaken dhateng Sundari. Maksudipun Pak Sastro kangge paring perintah dhateng Darmanto supados enggal krama dhateng Sundari.

Pak Sastro : “Thole Darmanto, anggonmu pepancangan karo nak Sundari wus rada suwe, saka pikarepku ... hmmm, **apa ora becik enggal karesmekake?**” (33)

(KBP/105)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Pak Sastro ngendika dhateng Darmanto menapa saenipun boten enggal karesmikaken dhateng Sundari lajeng Darmanto mangsuli ndherek kersanipun bapak, kula ugi sampun dangu badhe matur bab menika. *Tuturan*ipun Pak Sastro ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Darmanto menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur boten langsung literal* amargi *modus* ukaranipun boten jumbuh kaliyan maksud tuturan menika, ananging tembung ingkang dipunginakaken jumbuh kaliyan suraosipun tiyang ingkang ngendika. *Modus* saking *tuturan* (33) menika kangge nyuwun pirsaa amargi ukaranipun awujud ukara pitaken, ananging sejatosipun ing *tuturan* menika maksudipun kangge perintah supados Darmanto enggal palakrama dhateng Sundari, ananging dipunandharaken mawi boten *langsung* ngginakaken ukara

pitaken. Dene, makna tembung “**apa ora becik enggal karesmekake?**” jumbuh kaliyan maksudipun saking tuturan menika.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur* boten *langsung literal* ingkang ginanipun kangge maringi saran. Gayut kaliyan *konteksipun*, *tuturan* menika dipunngendikakaken dening Pak Sastro kaliyan Darmanto ing wanci siyang. Sabibaripun dhahar, kekalihipun lajeng lenggahan ing ngajeng griya. Pak Sastro lajeng ngendika dhateng Darmanto “**apa ora becik enggal karesmekake?**”. *Fungsi* pangandikanipun Pak Sastro menika kangge maringi saran dhateng Darmanto saha titikanipun awujud *klausa*.

### **3. Jinisipun Tindak Tutur Langsung Boten Literal**

*Tindak tutur langsung* boten *literal* inggih menika *tindak tutur* ingkang dipunandharaken kaliyan *modus* ukaranipun menika jumbuh kaliyan maksud tuturan, ananging makna ukaranipun boten sami kaliyan ingkang dipunkajengaken panutur. Wonten ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. kapanggihaken jinis *tindak tutur langsung* boten *literal* kanthi *fungsi* ingkang beda-beda ingkang kaandharaken kados ing ngandhap menika.

#### **a. Tindak Tutur Langsung Boten Literal ingkang Fungsipun kangge Paminta**

*Tuturan-tuturan* ing ngandhap menika kapethik saking pawicantenan wonten ing salebeting novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A.M. ingkang nedahaken jinising *tindak tutur direktif langsung* boten

*literal* ingkang *fungsinipun* kangge paminta. Pirembaganipun kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun bapak kaliyan Darmono ing griya. Darmono ingkang nembe wangsul saking dolan luwe sanget lan nyuwun maem dhateng ibunipun. Darmono boten pareng maem ngendikanipun ibu. Darmono kaliyan ibu lajeng padu lan kapireng bapak saking ngajeng. Bapak lajeng marani lan duka dhateng Darmono. Tanganipun Darmono kalih-kalihipun dipuncikel dhateng bapak ngantos dhawah ing jogan. Darmono sampun boten kiyat kaliyan kawontenan menika.

Darmono : “Paak, kula boten salah estu ..., **panjenengan pejahi kemawon kula, Pak ....** Hiiiiii ...” (34)

(KBP/34)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Darmono ngendika dhateng Pak Sastro supados piyambakipun dipunpejahi kemawon lajeng Pak Sastro ingkang badhe ngampleng Darmono dados boten siyos. *Tuturanipun* Darmono ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Pak Sastro menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung* boten *literal* amargi *modus* ukaranipun menika jumbuh kaliyan maksud tuturan, ananging makna ukaranipun boten sami kaliyan ingkang dipunkajengaken panutur. *Modus* saking *tuturan* (34) menika kangge paminta amargi ukaranipun awujud ukara pawarta. Dene, makna tembung “**panjenengan pejahi kemawon kula**” boten jumbuh kaliyan maksudipun saking tuturan menika. Maksudipun tuturan menika, supados Pak Sastro pitados menawi Darmono luwe lan boten pareng nedha dening Ibu kuwalonipun, saengga Darmono matur kaliyan bapak kanthi nangis menawi piyambakipun luwe lan boten pareng nedha.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung* boten *literal* ingkang ginanipun kangge paminta. Gayut kaliyan *konteksipun*, *tuturan* menika dipunngendikakaken dening bapak kaliyan Darmono ing griya. Darmono ingkang nembe wangsul saking dolan luwe sanget lan nyuwun maem dhateng ibunipun, ananging boten pareng. Darmono kaliyan ibu lajeng padu lan kapireng bapak saking ngajeng. Bapak lajeng marani lan duka dhateng Darmono. Tanganipun Darmono kalih-kalihipun dipuncekel dhateng bapak lan dipunkeplak ngantos dhawah ing jogan. Darmono lajeng ngendika dhateng bapak **“panjenengan pejahi kemawon kula”**. *Fungsi* pangandikanipun Darmono menika kangge paminta dhateng Pak Sastro saha titikanipun awujud *klausa*.

Jinis *tindak tutur direktif langsung* boten *literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping tigang dasa gangsal badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Ibu kaliyan Bapak ing kamar. Sasampunipun ibu duka dhateng putra-putrinipun lan bapak sampun printah dhateng Darminah supados adhik-adhikipun nedha, ibu lajeng wonten ing kamar. Ibu nangis, amargi putra-putrinipun nakal supados bapakipun pitados menawi ibu boten goroh. Bapak lajeng paring saran dhateng ibunipun supados sabar. Supados langku pitados malih, ibu ngendika kaliyan bapak sinambi nangis lan paring paminta supados dipunpejahi kemawon, sampun boten kiyat kaliyan putra-putrinipun.

*Ibu* : “Nakal sawetara kepriye ... Kuwi wis ngliwati wates ..., cekake yen ngono ... **luwih becik aku patenana wae ....rampung**. Wong aku wis ora duwe wong tuwa, ora duwe sedulur ... **wis cithesen bae**, mundhak ndedawa lakon ..” (35)

(KBP/45)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Ibu ngendika dhateng Pak Sastro supados piyambakipun dipunpejahi saha dipunpithes

kemawon lajeng Pak Sastro mangsuli supados tansah kemutan menawi gadhah putra ingkang wonten ing kandhutan. *Tuturanipun* Ibu ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Pak Sastro menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung* boten *literal* amargi *modus* ukaranipun menika jumbuh kaliyan maksud tuturan, ananging makna ukaranipun boten sami kaliyan ingkang dipunkajengaken panutur. *Modus* saking *tuturan* (35) menika kangge paminta amargi ukaranipun awujud ukara pawarta. Dene, makna tembung **“luwih becik aku patenana wae ....rampung”** saha **“wis cithesen bae”** boten jumbuh kaliyan maksudipun saking tuturan menika. Maksudipun tuturan menika, supados Pak Sastro pitados menawi Ibu boten lepat, ananging Darmono ingkang nakal sanget.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung* boten *literal* ingkang ginanipun kangge paminta. Gayut kaliyan *konteksipun*, *tuturan* menika dipunngendikakaken dening Ibu kaliyan Bapak ing kamar. Sasampunipun ibu duka dhateng putra-putrinipun ibu lajeng wonten ing kamar. Ibu nangis ing kamar supados bapakipun pitados menawi ibu boten goroh lajeng ngendika dhateng bapak **“Luwih becik aku patenana wae rampung. Wong aku wis ora duwe wong tuwa, ora duwe sedulur ... wis cithesen bae, mundhak ndedawa lakon”**. *Fungsi* pangandikanipun Ibu menika kangge paminta dhateng Pak Sastro saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur direktif langsung* boten *literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping tigang dasa enem badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

- Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Darminah kaliyan Bapak ing griya. Ibu ingkang nembe nangis ing kamar lajeng meneng amargi budhe saha pakdhenipun Darminah dhateng ing griyanipun. Pakdhe saha budhenipun ndadosaken kawontenan ingkang peteng dados padhang sawatara. Ibu dados boten nesunan malih. Pakdhe budhenipun Darminah gadhah niat badhe mbekta Mini saha Manto ing griyanipun. Awalipun bapak boten sarujuk, ananging Darminah paring paminta dhateng bapak supados Mini saha Manto ndherek pakdhe saha budhe kemawon. Kanthi ancas supados Mini saha manto boten dipunsiksa dhateng ibunipun kemawon.
- Darminah : **“Mbok inggih kajengipun ta, Pak. Tiyang budhe inggih kaleresan mboten kagungan putra ...” (36)**

(KBP/47)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Darminah ngendika dhateng Pak Sastro supados Darmanto saha Darmini kepareng ndherek pakdhe saha budhenipun lajeng Pak Sastro marengaken Darmanto saha Darmini ndherek pakdhe saha budhenipun. *Tuturan*ipun Darminah ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Pak Sastro menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung* boten *literal* amargi *modus* ukaranipun menika jumbuh kaliyan maksud tuturan, ananging makna ukaranipun boten sami kaliyan ingkang dipunkajengaken panutur. *Modus* saking *tuturan* (36) menika kangge paminta amargi ukaranipun awujud ukara pawarta. Dene, makna tembung **“Mbok inggih kajengipun ta, Pak. Tiyang budhe inggih kaleresan mboten kagungan putra”** boten jumbuh kaliyan maksudipun saking

tuturan menika. Maksudipun tuturan menika, supados Darmanto saha Darmini boten dipunsiya-siya malih dening ibu kuwalonipun.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung* boten *literal* ingkang ginanipun kangge paminta. Gayut kaliyan *konteksupun*, *tuturan* menika dipunngendikakaken dening Darminah kaliyan Bapak ing griya. Ibu ingkang nembe nangis ing kamar lajeng meneng amargi budhe saha pakdhenipun Darminah dhateng ing griyanipun. Ibu dados boten nesunan malih. Pakdhe budhenipun Darminah gadhah niat badhe mbekta Mini saha Manto ing griyanipun. Awalipun bapak boten sarujuk, ananging Darminah lajeng ngendika **“Mbok inggih kajengipun ta, Pak. Tiyang budhe inggih kaleresan mboten kagungan putra”**. *Fungsi* pangandikanipun Darminah menika kangge paminta dhateng Pak Sastro saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur direktif langsung* boten *literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping tigang dasa pitu badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Ibu kaliyan Darminah. Darminah badhe dipunpalakramakaken kaliyan Parjono, ananging Darminah boten purun. Ibu ngantos jengkel amargi Darminah boten purun dipunpalakramakaken.  
*Ibu* : **“Aja nggugu karepmu dhewe ta, ndhuk ...” (37)**

(KBP/53)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Ibu ngendika dhateng Darminah supados purun dipunpalakramakaken kaliyan Parjono lajeng Darminah mangsuli menawi piyambakipun sampun kaliyan Akhmadi.

*Tuturan*ipun Ibu ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Darminah menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung* boten *literal* amargi *modus* ukaranipun menika jumbuh kaliyan maksud tuturan, ananging makna ukaranipun boten sami kaliyan ingkang dipunkajengaken panutur. *Modus* saking *tuturan* (37) menika kangge paminta amargi ukaranipun awujud ukara pawarta. Dene, makna tembung “**Aja nggugu karepmu dhewe ta, ndhuk**” boten jumbuh kaliyan maksudipun saking tuturan menika. Maksudipun tuturan menika, supados Darminah palakrama kaliyan Parjono.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung* boten *literal* ingkang ginanipun kangge paminta. Gayut kaliyan *konteksipun*, *tuturan* menika dipunngendikakaken dening Ibu kaliyan Darminah. Darminah badhe dipunpalakramakaken kaliyan Parjono, ananging Darminah boten purun. Ibu ngantos jengkel amargi Darminah boten purun dipunpalakramakaken. Ibu lajeng ngendika dhateng Darminah “**Aja nggugu karepmu dhewe ta, ndhuk**”. *Fungsi* pangandikanipun Ibu menika kangge paminta dhateng Darminah saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur direktif langsung* boten *literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping tigang dasa wolu badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Mbok Nem kaliyan Darminah ing margi. Darminah nembe bidhal dhateng pasar sinambi kemutan piyambakipun badhe dipunpalakramakaken, lajeng piyambakipun tansah kemutan Akhmadi. Dumadakan ing



margi wonten tiyang ingkang nyeluk Darminah inggih menika Mbok Nem. Mbok Nem paring paminta dhateng Darminah supados nyingkir ing papan ingkang sela, kanthi ancas wonten ingkang badhe dipunginemaken.

Mbok Nem : “Mas Rara, ... **mr iki lho nyingkir sekedhap nggen sing sela.**”  
(38)

(KBP/56)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Mbok Nem ngendika dhateng Darminah supados saged nyingkir sekedhap lajeng Darminah ugi nyingkir ndherek Mbok Nem. *Tuturan*ipun Mbok Nem ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Darminah menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung* boten *literal* amargi *modus* ukaranipun menika jumbuh kaliyan maksud tuturan, ananging makna ukaranipun boten sami kaliyan ingkang dipunkajengaken panutur. *Modus* saking *tuturan* (38) menika kangge paminta amargi ukaranipun awujud ukara pawarta. Dene, makna tembung “**mr iki lho nyingkir sekedhap nggen sing sela**” boten jumbuh kaliyan maksudipun saking tuturan menika. Maksudipun tuturan menika, wonten ingkang badhe dipunandharaken Mbok Nem dhateng Darminah.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung* boten *literal* ingkang ginanipun kangge paminta. Gayut kaliyan *konteksipun*, *tuturan* menika dipunngendikakaken dening Mbok Nem kaliyan Darminah ing margi. Darminah nembe bidhal dhateng pasar sinambi kemutan Akhmadi. Dumadakan ing margi wonten tiyang ingkang nyeluk Darminah inggih menika Mbok Nem. Mbok Nem lajeng ngendika dhateng Darminah “**mr iki lho nyingkir sekedhap nggen sing**

sela”. *Fungsi* pangandikanipun Mbok Nem menika kangge paminta dhateng Darminah saha titikanipun awujud *klausula*.

**b. Tindak Tutur Langsung Boten Literal ingkang Fungsipun kangge Printah**

*Tuturan-tuturan* ing ngandhap menika kapethik saking pawicantenan wonten ing salebeting novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A.M. ingkang nedahaken jinising *tindak tutur direktif langsung boten literal* ingkang *fungsipun* kangge printah. Pirembaganipun kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Ibu kaliyan Darmini saha Darmanto ing griya. Bapak nembe dhahar lajeng Mini saha Manto teka, ananging boten wantun nyedhaki bapak. Bapak lajeng ngawe Mini saha Manto lajeng taken sampun maem menapa dereng. Mini saha Manto manthuk-manthuk kemawon lajeng bapak ngendika menawi lawuhipun tempe kesenenganipun Mini saha Manto. Bapak taken dhateng Mini saha Manto wau telas pinten ingkang maem tempe, ananging Mini saha Manto namung pandeng-pandangan kemawon lajeng dipunwangsulni ibu.

Ibu : “Mau Mini wis diparingi loro, Manto ya loro ... saiki ora pareng ngrusuhi bapak dhahar. **Kana, dolan .....**” (39)

(KBP/29)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Ibu ngendika dhateng Darmini saha Darmanto supados boten pareng ngrusuhi anggenipun dhahar bapak lan samenka dolan kemawon lajeng Darmini saha Darmanto langsung mundur. *Tuturanipun* Ibu ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Darmini saha Darmanto menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung* boten *literal* amargi *modus* ukaranipun menika jumbuh kaliyan maksud tuturan, ananging makna ukaranipun boten sami kaliyan ingkang dipunkajengaken panutur. *Modus* saking *tuturan* (39) menika kangge perintah amargi ukaranipun awujud ukara perintah. Dene, makna tembung “**Kana, dolan**” boten jumbuh kaliyan maksudipun saking tuturan menika. Maksudipun tuturan menika, supados Darmini saha Darmanto boten ngendika dhateng bapak menawi kekalihipun dereng nedha lajeng ibu ngaken kekalihipun supados dolan.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung* boten *literal* ingkang ginanipun kangge perintah. Gayut kaliyan *konteksipun*, *tuturan* menika dipunngendikakaken dening Ibu kaliyan Darmini saha Darmanto ing griya. Bapak nembe dhahar lajeng Mini saha Manto teka, ananging boten wantun nyedhaki bapak. Bapak lajeng ngaken Mini saha Manto nyedhak lajeng taken Mini kekalihipun wau telas pinten ingkang maem tempe, ananging Mini saha Manto namung pandeng-pandangan kemawon lajeng ibu mangsuli “Mau Mini wis diparingi loro, Manto ya loro saiki ora pareng ngrusuhi bapak dhahar. **Kana, dolan**”. *Fungsi* pangandikanipun Ibu menika kangge perintah dhateng Mini saha Manto saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur direktif langsung* boten *literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping kawan dasa badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun bapak kaliyan ibu ing griya. Bapak dipunngendikani ibu menawi Manto saha Mini

rebutan tempe. Bapak ngrangket kekalihipun ing kamar lajeng dipunthuthuk pipinipun lan kekalihipun ngantos nangis. Darminah langsung ndhobrak lawang lajeng nulungi adhik-adhikpun. Bapak ngertos menawi Darminah nengahi bapak ingkang kasar menika lajeng radi sareh lan ibukipun ngendika supados sampun ingkang ngajar, kanthi maksud sanes menawi ketiwasan malah piyambakipun ingkang repot.

Ibu : **“Wis, Pak, nyingkir Paaak.** Anak-anakmu padha nekad ngono, yen mbok ladeni malah ketiwasan mengko ....” **(40)**

(KBP/33)

*Tuturan ing nginggil kalebet jinis tindak tutur direktif* amargi Ibu ngendika dhateng Pak Sastro supados nyingkir kemawon saking putra-putrinipun lajeng Pak Sastro langsung mundur. *Tuturanipun* Ibu ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Pak Sastro menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan ing nginggil kalebet tindak tutur langsung* boten *literal* amargi *modus* ukaranipun menika jumbuh kaliyan maksud tuturan, ananging makna ukaranipun boten sami kaliyan ingkang dipunkajengaken panutur. *Modus* saking *tuturan* (40) menika kangge printah amargi ukaranipun awujud ukara printah. Dene, makna tembung **“Wis, Pak, nyingkir Paaak”** boten jumbuh kaliyan maksudipun saking tuturan menika. Maksudipun tuturan menika, supados putra-putrinipun boten sami ketiwasan, amargi bapak sampun duka sanget.

*Tuturan ing nginggil kalebet jinis tindak tutur langsung* boten *literal* ingkang ginanipun kangge printah. Gayut kaliyan *konteksipun*, *tuturan* menika dipunngendikakaken dening bapak kaliyan ibu ing griya. Bapak dipunngendikani ibu menawi Manto saha Mini rebutan tempe. Bapak ngrangket kekalihipun ing kamar lajeng dipunthuthuk pipinipun lan kekalihipun ngantos nangis. Darminah

langsung ndhobrak lawang lajeng nulungi adhik-adhikpun. Bapak radi mundur anggenipun badhe ngrangket Mini saha Manto, lajeng ibu ngendika “**Wis, Pak, nyingkir Paaak**”. Fungsi pangandikanipun Ibu menika kangge printah dhateng Pak Sastro supados saged sumingkir saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur direktif langsung* boten *literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping kawan dasa setunggal badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Darmono kaliyan Darminah ing kamaripun. Darmono ngendika dhateng Darminah menawi badhe kesah saking griya. Darmono matur dhateng Darminah menawi bapak ampun sampun mangertos menawi piyambakipun kesah saking griya, amargi mangkih saged dipunsusul lan dipundukani. Darminah lajeng ngendika dhateng Darmono menawi samenika tilem kemawon, kanthi ancas sanes supados benjing saged tangi enjing lan kesah, saderengipun bapak saha ibunipun wungu.

Darmono : “O ... ra ..., **Wis, saiki ndang turua**, sesuk dakgugah jam setengah papat ...” (41)

(KBP/38)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Darminah ngendika dhateng Darmono supados enggal tilem, benjing dipungugah jam setengah sekawan, lajeng Darmono langsung nyobi tilem, sejatoso dereng saged tilem. *Tuturan*ipun Darminah ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Darmono menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung* boten *literal* amargi *modus* ukaranipun menika jumbuh kaliyan maksud tuturan, ananging makna ukaranipun boten sami kaliyan ingkang dipunkajengaken panutur. *Modus* saking

*tuturan* (41) menika kangge printah amargi ukaranipun awujud ukara printah. Dene, makna tembung “**Wis, saiki ndang turua**” boten jumbuh kaliyan maksudipun saking tuturan menika. Maksudipun tuturan menika, supados benjing saged tangi enjing lan boten kerinan anggenipun bidhal.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung* boten *literal* ingkang ginanipun kangge printah. Gayut kaliyan *konteksipun*, *tuturan* menika dipunngendikakaken dening Darmono kaliyan Darminah ing kamaripun. Darmono ngendika dhateng Darminah menawi badhe kesah saking griya. Darmono matur dhateng Darminah menawi bapak ampun sampun mangertos menawi piyambakipun kesah saking griya, amargi mangkih saged dipunsusul lan dipundukani. Darminah lajeng ngendika dhateng Darmono **Wis, saiki ndang turua**, sesuk dakgugah jam setengah papat”. *Fungsi* pangandikanipun Darminah menika kangge printah dhateng Darmono supados enggal-enggal tilem saha titikanipun awujud *klausa*.

Jinis *tindak tutur direktif langsung* boten *literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping kawan dasa kalih badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun babah Dengkek kaliyan Sukandar ing griyanipun babah Dengkek. Sukandar ingkang pados padamelan langsung ketampi dados jongos ing griyanipun babah Dengkek. Sukandar ugi kersa menawi padamelanipun nyambi sanesipun. Babah Dengkek langsung apring printah dhateng Sukandar ing gudhang, maksudipun supados Sukandar langsung nyambut damel.

Babah Dengkek: “Ya ta nek ngono. **Kana nyang mburi, rewangana nata barang ing gudhang kana. Kae mbako pirang-pirang kranjang, ditata sing apik.**” (42)

(KBP/82)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Babah Dengkek ngendika supados dhateng wingking nata barang wonten ing gudhang, lajeng Sukandar enggal-enggal dhateng wingking. *Tuturanipun* Babah Dengkek ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Sukandar menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung* boten *literal* amargi *modus* ukaranipun menika jumbuh kaliyan maksud tuturan, ananging makna ukaranipun boten sami kaliyan ingkang dipunkajengaken panutur. *Modus* saking *tuturan* (42) menika kangge perintah amargi ukaranipun awujud ukara perintah. Dene, makna tembung **“Kana nyang mburi, rewangana nata barang ing gudhang kana. Kae mbako pirang-pirang kranjang, ditata sing apik”** boten jumbuh kaliyan maksudipun saking tuturan menika. Maksudipun tuturan menika, supados Sukandar enggal-enggal langsung nyambut damel.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung* boten *literal* ingkang ginanipun kangge perintah. Gayut kaliyan *konteksipun*, *tuturan* menika dipunngendikakaken dening babah Dengkek kaliyan Sukandar ing griyanipun babah Dengkek. Sukandar ingkang pados padamelan langsung ketampi dados jongos ing griyanipun babah Dengkek. Sukandar ugi kersa menawi padamelanipun nyambi sanesipun. Babah Dengkek lajeng ngendika dhateng Sukandar **“Kana nyang mburi, rewangana nata barang ing gudhang kana. Kae mbako pirang-pirang kranjang, ditata sing apik”**. *Fungsi*

pangandikanipun Babah dengkek menika kangge printah dhateng Sukandar supados enggal-enggal nyambut damel saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur direktif langsung* boten *literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping kawan dasa tiga badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Inspektur Akhmadi kaliyan sedaya tiyang ing griyanipun babah Dengkek. Inspektur Akhmadi saha polisi nggrebeg griyanipun babah Dengkek kanthi mbekta pistol. Inspektur Akhmadi lajeng ngendika dhateng sedaya tiyang ingkang wonten griyanipun menawi badhe kepenak badanipun, kedah nurut. Maksudipun supados Inspektur Akhmadi boten mbedhil.

Inspektur Akhmadi: “**Kabeh padha nuruta yen kepingin kepenak awakmu.**”  
(43)

(KBP/87)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Inspektur Akhmadi ngendika supados sedaya saged manut piyambakipun menawi badhe sae, lajeng sedaya tiyang wonten ing griyanipun Babah Dengkek dados mendel sedaya. *Tuturan*ipun Inspektur Akhmadi ingkang saged paring *pengaruh* dhateng sedaya tiyang ingkang wonten ing griyanipun Babah Dengkek menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung* boten *literal* amargi *modus* ukaranipun menika jumbuh kaliyan maksud tuturan, ananging makna ukaranipun boten sami kaliyan ingkang dipunkajengaken panutur. *Modus* saking *tuturan* (43) menika kangge printah amargi ukaranipun awujud ukara printah. Dene, makna tembung “**Kabeh padha nuruta yen kepingin kepenak awakmu**”



boten jumbuh kaliyan maksudipun saking tuturan menika. Maksudipun tuturan menika, menawi boten manut badhe dipuntembak.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung* boten *literal* ingkang ginanipun kangge printah. Gayut kaliyan *konteksipun*, *tuturan* menika dipunngendikakaken dening Inspektur Akhmadi kaliyan sedaya tiyang ing griyanipun babah Dengkek. Inspektur Akhmadi saha polisi nggrebeg griyanipun babah Dengkek kanthi mbekta pistol. Inspektur Akhmadi lajeng ngendika dhateng sedaya tiyang ingkang wonten griyanipun Babah Dengkek **“Kabeh padha nuruta yen kepingin kepenak awakmu”**. *Fungsi* pangandikanipun Inspektur Akhmadi menika kangge printah dhateng sedaya tiyang ingkang wonten ing griyanipun Babah Dengkek saha titikanipun awujud ukara.

**c. Tindak Tutur Langsung Boten Literal ingkang Fungsipun kangge Pamenging**

*Tuturan-tuturan* ing ngandhap menika kapethik saking pawicantenan wonten ing salebeting novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A.M. ingkang nedahaken jinising *tindak tutur direktif langsung* boten *literal* ingkang *funksipun* kangge pamenging. Pirembaganipun kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Bapak kaliyan Darminah wonten ing griyanipun. Bapak nembe dhahar kaliyan sekul saha sambel, lajeng Darminah taken dhateng Bapak menapa badhe mundhut lawuh. Bapak dhahar kanthi rahab, sanajan boten ngginakaken lawuh supados boten ngatonaken menawi sejatosipun boten gadhah arta dados boten mundhut lawuh.

Bapak : **“Ah, ora susah ... iki wae wis segere ora jamak,” (44)**

(KBP/11)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Bapak ngendika supados boten sah ngginakaken lawuh menika sampun eco, lajeng Darminah manut kemawon dhateng bapakipun. *Tuturan*ipun Pak Sastro ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Darminah menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung* boten *literal* amargi *modus* ukaranipun menika jumbuh kaliyan maksud tuturan, ananging makna ukaranipun boten sami kaliyan ingkang dipunkajengaken panutur. *Modus* saking *tuturan* (44) menika kangge pamenging amargi ukaranipun awujud ukara perintah. Dene, makna tembung “**Ah, ora susah ... iki wae wis segere ora jamak**” boten jumbuh kaliyan maksudipun saking tuturan menika. Maksudipun tuturan menika, supados Darminah boten mundhut lawuh ing pasar, amargi Pak Sastro menika boten gadhah arta.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung* boten *literal* ingkang ginanipun kangge pamenging. Gayut kaliyan *konteksipun*, *tuturan* menika dipunngendikakaken dening Bapak kaliyan Darminah wonten ing griyanipun. Bapak nembe dhahar kaliyan sekul saha sambel, lajeng Darminah taken dhateng Bapak menapa badhe mundhut lawuh. Bapak lajeng ngendika dhateng Darminah “**Ah, ora susah ... iki wae wis segere ora jamak**”. *Fungsi* pangandikanipun Bapak menika kangge pamenging dhateng Darminah supados boten mundhut lawuh saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur direktif langsung* boten *literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping kawan dasa gangsal badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun bapak kaliyan ibu ing griya wanci sonten. Setunggal dinten sasampunipun Darmono kesah saking griya, bapak kuwatir Darmono wonten pundi ngantos boten kersa dhahar. Ibu kados boten nrima menawi bapak nguwatiraken Darmono. Ibu lajeng paring pamenging dhateng bapak supados boten dipunpadosi, kanthi maksud sanes malah ibu bingah menawi Darmono boten wonten ing griya.

Ibu : **“Ora susah digoleki rak bali dhewe.” (45)**

(KBP/40)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Ibu ngendika supados Darmono boten sah dipunpadosi, mangke wangsul piyambak, lajeng Bapak ugi radi sareh boten madosi Darmono malih. *Tuturan*ipun Ibu ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Pak Sastro menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung* boten *literal* amargi *modus* ukaranipun menika jumbuh kaliyan maksud tuturan, ananging makna ukaranipun boten sami kaliyan ingkang dipunkajengaken panutur. *Modus* saking *tuturan* (45) menika kangge pamenging amargi ukaranipun awujud ukara perintah. Dene, makna tembung **“Ora susah digoleki rak bali dhewe”** boten jumbuh kaliyan maksudipun saking tuturan menika. Maksudipun tuturan menika, Ibu boten narima menawi Bapak madosi Darmono, Ibu malah keleresan sanget Darmono sampun boten wonten ing griya, Ibu namung ngayem-ayemi bapak kemawon.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung* boten *literal* ingkang ginanipun kangge pamenging. Gayut kaliyan *konteksipun*, *tuturan* menika dipunngendikakaken dening bapak kaliyan ibu ing griya wanci sonten. Setunggal dinten sasampunipun Darmono kesah saking griya, bapak kuwatir Darmono wonten pundi ngantos boten kersa dhahar. Ibu kados boten nrima menawi bapak nguwatiraken Darmono. Ibu lajeng ngendika dhateng Bapak **“Ora susah digoleki rak bali dhewe”**. *Fungsi* pangandikanipun Ibu menika kangge pamenging dhateng Pak Sastro supados boten madosi Darmono saha titikanipun awujud ukara.

**d. Tindak Tutur Langsung Boten Literal ingkang Fungsipun kangge Maringi Idi**

*Tuturan-tuturan* ing ngandhap menika kapethik saking pawicantenan wonten ing salebeting novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A.M. ingkang nedahaken jinising *tindak tutur direktif langsung* boten *literal* ingkang *fungsipun* kangge maringi idi. Pirembaganipun kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Ibu kaliyan Darminah wonten ing griya. Darminah nyuwun idi supados adhik-adhikipun saged nedha rumiyin boten nengga bapak, ananging ibunipun boten paring idi. Darminah lajeng ngendika malih supados adhik-adhikipun saged nedha rumiyin, ananging ibunipun malah duka. Ibunipun paring idi menawi Mini saha Manto saged dhahar rumiyin, ananging kanthi duka lan maksudipun boten maringaken idi. Ibunipun malahan nuthuk sirahipun Mini saha nuthuk tutukipun Manto.

Ibu : **“Enya iki**, jangane kana jupuke ....., kae jangan bening kuwali kae” **(46)**

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Darminah ngendika supados adhik-adhikipun kepareng nedha rumiyin, lajeng ibu mangsuli kanthi duka enya iki, sinambi maringaken piring. *Tuturanipun* Darminah ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Ibu menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung* boten *literal* amargi *modus* ukaranipun menika jumbuh kaliyan maksud tuturan, ananging makna ukaranipun boten sami kaliyan ingkang dipunkajengaken panutur. *Modus* saking *tuturan* (46) menika kangge maringi idi amargi ukaranipun awujud ukara perintah. Dene, makna tembung “**Enya iki**” boten jumbuh kaliyan maksudipun saking tuturan menika. Maksudipun tuturan menika, Ibu boten ngeparengaken menawi Manto saha Mini nedha rumiyin, lajeng Ibu maringaken piring sinambi nuthuk sirahipun Mini saha nuthuk tutukipun Manto.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung* boten *literal* ingkang ginanipun kangge maringi idi. Gayut kaliyan *konteksipun*, *tuturan* menika dipunngendikakaken dening Ibu kaliyan Darminah wonten ing griya. Darminah nyuwun idi supados adhik-adhikipun saged nedha rumiyin boten nengga bapak, ananging ibunipun boten paring idi. Darminah lajeng ngendika malih supados adhik-adhikipun saged nedha rumiyin, ananging ibunipun malah duka. Ibunipun lajeng ngendika “**Enya iki**”. *Fungsi* pangandikanipun Ibu menika kangge maringi idi supados Mini saha Manto saged nedha rumiyin saha titikanipun awujud *frasa*.

**e. Tindak Tutur Langsung Boten Literal ingkang Fungsipun kangge  
Maringi Saran**

*Tuturan-tuturan* ing ngandhap menika kapethik saking pawicantenan wonten ing salebeting novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A.M. ingkang nedahaken jinising *tindak tutur direktif langsung* boten *literal* ingkang *fungsipun* kangge maringi saran. Pirembaganipun kaandharaken kados ing ngandhap menika.

- Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Darminah kaliyan Darmono ing kamaripun. Darmono bibar dipundukani bapak taksih wonten ing jogan, ananging ibu mlampah lan kesandung kursi. Ibu dhawah lan Darmono jenthikipun ketindhahan kursi dumugi medal rahipun lan lulangipun remuk. Bibar menika Darmono mapan tilem, ananging boten saged amargi kraos sakit sanget. Darmono ngendika dhateng Darminah adhuhh, sakit sanget. Darminah lajeng maringi saran dhateng Darmono.
- Darminah : “Priye, Dar ..... O, Allah ....’ **ya wis dienggo turu mengko rak mari** ...mbok aja sambat-sambat terus ta, atiku mundhak kaya diiris-iris ....” (47)

(KBP/35)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Darmono ngendika menawi piyambakipun drijine sakit sanget, lajeng Darminah mangsuli supados dingge tilem kemawon, mangke sakitipun dhangane. *Tuturanipun* Darmono ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Darminah menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung* boten *literal* amargi *modus* ukaranipun menika jumbuh kaliyan maksud tuturan, ananging makna ukaranipun boten sami kaliyan ingkang dipunkajengaken panutur. *Modus* saking

*tuturan* (47) menika kangge maringi saran amargi ukaranipun awujud ukara pawarta utawi ukara cariyos. Dene, makna tembung “**ya wis dienggo turu mengko rak mari**” boten jumbuh kaliyan maksudipun saking tuturan menika. Maksudipun tuturan menika supados Darmono boten sambat sakit mawon saha supados Darminah boten ngraosaken sedhih mriksani Darmono kados mekaten.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung* boten *literal* ingkang ginanipun kangge maringi saran. Gayut kaliyan *konteksupun*, *tuturan* menika dipunngendikakaken dening Darminah kaliyan Darmono ing kamaripun. Darmono bibar dipundukani bapak taksih wonten ing jogan, ananging ibu mlampah lan kesandung kursi. Ibu dhawah lan Darmono jenthikipun ketindhihan kursi dumugi medal rahipun lan lulangipun remuk. Bibar menika Darmono mapan tilem, ananging boten saged amargi kraos sakit sanget. Darmono ngendika dhateng Darminah adhuhh, sakit sanget, lajeng Darminah mangsuli “**ya wis dienggo turu mengko rak mari**”. *Fungsi* pangandikanipun Darminah menika kangge maringi saran dhateng Darmono saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur direktif langsung* boten *literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping kawan dasa pitu badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Mbok Nem kaliyan Darminah ing griyanipun Mbok Nem. Darminah cariyos kawontenan sabibaripun dipuntilar Mbok Nem. Mbok Nem ugi sedhih mireng cariyosipun. Darminah anggenipun cariyos sampun dangu, lan pamit wangsul, ajrih menawi ibukipun sampun kondur. Darminah nembe mlampah badhe wangsul, lajeng Mbok Nem paring saran dhateng Darminah supados krama malih. Kanthi ancas supados Darminah saha adhik-adhikipun boten kasiya-siya malih.

Mbok Nem : “Anu ... mas Rara .., **saene mbok mas Rara niku ... enggal krama mawon ...**” (47)

(KBP/42)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Mbok Nem ngendika supados Darminah enggal-enggal krama kemawon, lajeng Darminah namung mesem kecut. *Tuturan*ipun Mbok Nem ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Darminah menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung* boten *literal* amargi *modus* ukaranipun menika jumbuh kaliyan maksud tuturan, ananging makna ukaranipun boten sami kaliyan ingkang dipunkajengaken panutur. *Modus* saking *tuturan* (48) menika kangge maringi saran amargi ukaranipun awujud ukara pawarta utawi ukara cariyos. Dene, makna tembung “**saene mbok mas Rara niku ... enggal krama mawon**” boten jumbuh kaliyan maksudipun saking tuturan menika. Maksudipun tuturan menika supados piyambakipun saha adhik-adhikipun boten dipunsiksa malih kalih ibu kuwalonipun.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung* boten *literal* ingkang ginanipun kangge maringi saran. Gayut kaliyan *konteksipun*, *tuturan* menika dipunngendikakaken dening Mbok Nem kaliyan Darminah ing griyanipun Mbok Nem. Darminah cariyos kawontenan sabibaripun dipuntilar Mbok Nem. Mbok Nem ugi sedhih mireng cariyosipun. Darminah anggenipun cariyos sampun dangu, lan pamit wangsul, ajrih menawi ibukipun sampun kondur. Darminah nembe mlampah badhe wangsul, lajeng Mbok Nem ngendika “**saene mbok mas**



**Rara niku ... enggal krama mawon**". Fungsi pangandikanipun Mbok Nem menika kangge maringi saran dhateng Darminah saha titikanipun awujud ukara.

Jinis *tindak tutur direktif langsung* boten *literal* ingkang kapanggihaken ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang kaping kawan dasa sanga badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Mbok Nem kaliyan Darminah ing griyanipun Mbok Nem. Darminah cariyos dhateng Mbok Nem kawontenanipun nalika dipuntilar Mbok Nem. Mbok Nem ugi ngraosaken sedhih, lan paring saran supados palakrama malih. Darminah ugi mangsuli menawi sampun gadhah calon , lajeng Mbok Nem mangsuli mbok enggal palakrama mawon. Supados saged mbekta adhikipun lan boten dipunsiya-siya dhateng ibukipun malih.

Mbok Nem : "Lhaaaaa ... **mbok nggih ndang grag-greg**, ndadak ngentosi napa?" (49)

(KBP/42)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Mbok Nem ngendika supados Darminah enggal-enggal krama kemawon badhe ngentosi menapa malih, lajeng Darminah mangsuli ya alon-alon rumiyin mbok. *Tuturan*ipun Mbok Nem ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Darminah menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur langsung* boten *literal* amargi *modus* ukaranipun menika jumbuh kaliyan maksud tuturan, ananging makna ukaranipun boten sami kaliyan ingkang dipunkajengaken panutur. *Modus* saking *tuturan* (49) menika kangge maringi saran amargi ukaranipun awujud ukara pawarta utawi ukara cariyos. Dene, makna tembung "**mbok nggih ndang grag-greg**" boten jumbuh kaliyan maksudipun saking tuturan menika. Maksudipun

tuturan menika supados Darminah saged kesah saking griya menika saha adhik-adhikipun saged ndherek Darminah lan boten dipunsiksa malih dening ibu kuwalonipun.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung* boten *literal* ingkang ginanipun kangge maringi saran. Gayut kaliyan *konteksipun*, *tuturan* menika dipunngendikakaken dening Mbok Nem kaliyan Darminah ing griyanipun Mbok Nem. Darminah cariyos dhateng Mbok Nem kawontenanipun nalika dipuntilar Mbok Nem. Mbok Nem ugi ngraosaken sedhih, lan paring saran supados palakrama malih. Darminah ugi mangsuli menawi sampun gadhah calon lan Mbok Nem lajeng ngendika “**mbok nggih ndang grag-greg**”. *Fungsi* pangandikanipun Mbok Nem menika kangge maringi saran dhateng Darminah supados enggal krama saha titikanipun awujud *klausa*.

#### **4. Jinisipun Tindak Tutur Boten Langsung Boten Literal**

*Tindak tutur* boten *langsung* boten *literal* inggih menika inggih menika *tindak tutur* ingkang makna saha *modus* ukaranipun boten jumbuh kaliyan maksud ingkang dipunngendikakaken. Wonten ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. kapanggihaken jinis *tindak tutur* boten *langsung* boten *literal* kanthi *fungsi* ingkang beda-beda ingkang kaandharaken kados ing ngandhap menika.

##### **a. Tindak Tutur Boten Langsung Boten Literal ingkang Fungsipun kangge Pitaken**

*Tuturan-tuturan* ing ngandhap menika kapethik saking pawicantenan wonten ing salebeting novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A.M. ingkang nedahaken jinising *tindak tutur direktif* boten *langsung* boten *literal* ingkang *funksinipun* kangge pitaken. Pirembaganipun kaandharaken kados ing ngandhap menika.

- Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Ibu kaliyan Darminah ing griya. Darminah badhe dipunpalakramakaken kaliyan Parjono. Parjono menika sampun dhudha dumugi kaping kalih. Parjono menika boten nyambut damel, malah sekolahipun ugi boten lulus. Awit saking mekaten, Darminah boten purun dipunpalakramakaken kaliyan Parjono. Darminah menika nolak kanthi cara ingkang alus.
- Darminah : “Larenipun rak boten nyambut damel, ta? Malah kabaripun malih sekolahipun boten tutug ... Padamelanipun namung grubyag-grubyug dolan mrika-mriki ..., **tiyang ngaten kok badhe saged mengku balegriya punika dospundi?**” (50)

(KBP/52-53)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Darminah paring pitaken tiyang kados menika kok badhe nglamar kula, lajeng Ibu mangsuli sinaosa kados mekaten, Parjono putranipun tiyang sugih. *Tuturanipun* Darminah ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Ibu menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur* boten *langsung* boten *literal* amargi makna saha *modus* ukaranipun boten jumbuh kaliyan maksud ingkang dipungendikakaken. *Modus* saking *tuturan* (50) menika kangge perintah ananging ukaranipun awujud ukara pitaken. Dene, makna tembung “**tiyang ngaten kok badhe saged mengku balegriya punika dospundi?**” boten jumbuh kaliyan

maksudipun saking tuturan menika. Maksudipun tuturan menika, Darminah boten purun dipunpalakramakaken kaliyan Parjono.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung* boten *literal* ingkang ginanipun kangge maringi saran. Gayut kaliyan *konteksipun*, *tuturan* menika dipunngendikakaken dening Ibu kaliyan Darminah ing griya. Darminah badhe dipunpalakramakaken kaliyan Parjono. Parjono menika sampun dhudha dumugi kaping kalih. Parjono menika boten nyambut damel, malah sekolahipun ugi boten lulus. Awit saking mekaten, Darminah boten purun dipunpalakramakaken kaliyan Parjono. Darminah menika nolak kanthi cara ingkang alus lajeng ngendika dhateng ibunipun **“tiyang ngaten kok badhe saged mengku balegriya punika dospundi?”**. *Fungsi* pangandikanipun Darminah menika kangge pitaken dhateng ibu kuwalonipun saha titikanipun awujud *klausa*.

**b. Tindak Tutur Boten Langsung Boten Literal ingkang Fungsipun kangge  
Perintah**

*Tuturan-tuturan* ing ngandhap menika kapethik saking pawicantenan wonten ing salebeting novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A.M. ingkang nedahaken jinising *tindak tutur direktif* boten *langsung* boten *literal* ingkang *fungsinipun* kangge perintah. Pirembaganipun kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Ibu kaliyan Darminah. Darminah ingkang nembe wangsul saking griyanipun Mbok nem dipundukani, ugi adhikipun Mini saha Manto ugi dipundukani lan dipunthuthuk amargi nyuwun sekul. Darminah mangsuli ibu menawi sampun wonten sekul, ananging Darminah

malah dipundukani ibu. Darminah dipunprintah ananging kanthi cara ingkang alus.

Ibu : “Kowe ora susah caturan warna-warna, ... ngelingana pagaweanmu ... **Kae genthong kothong durung diiseni..**” (51)

(KBP/43)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Darminah paring pitaken tiyang kados menika kok badhe nglamar kula, lajeng Ibu mangsuli sinaosa kados mekaten, Parjono putranipun tiyang sugih. *Tuturan*ipun Darminah ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Ibu menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur boten langsung boten literal* amargi makna saha *modus* ukaranipun boten jumbuh kaliyan maksud ingkang dipungendikakaken. *Modus* saking *tuturan* (51) menika kangge printah ananging ukaranipun awujud ukara pawarta. Dene, makna tembung “**Kae genthong kothong durung diiseni**” boten jumbuh kaliyan maksudipun saking tuturan menika. Maksudipun tuturan menika, supados Darminah ngisi genthong ingkang boten wonten isinipun.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung boten literal* ingkang ginanipun kangge printah. Gayut kaliyan *konteksipun*, *tuturan* menika dipunngendikakaken dening Ibu kaliyan Darminah. Darminah ingkang nembe wangsul saking griyanipun Mbok nem dipundukani, Mini saha Manto ugi dipundukani lan dipunthuthuk amargi nyuwun sekul. Darminah mangsuli ibu menawi sampun wonten sekul, ananging Darminah malah dipundukani ibu. Darminah dipunprintah ananging kanthi cara ingkang alus dening ibu “**Kae**

**genthong kothong durung diiseni”**. *Fungsi* pangandikanipun Ibu menika kangge printah dhateng Darminah saha titikanipun awujud ukara.

**c. Tindak Tutur Boten Langsung Boten Literal ingkang Fungsipun kangge Maringi Saran**

*Tuturan-tuturan* ing ngandhap menika kapethik saking pawicantenan wonten ing salebeting novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A.M. ingkang nedahaken jinising *tindak tutur direktif* boten *langsung* boten *literal* ingkang *fungsipun* kangge maringi saran. Pirembaganipun kaandharaken kados ing ngandhap menika.

*Konteks* : Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Bapak kaliyan Ibu wonten ing griya. Ibu nembe duka dhateng Bapak amargi kawontenan ekonominipun kirang. Ibu duka dhateng Bapak lan mbandingaken kawontenan ekonominipun Mas Ranu ingkang saged ngrogoh pundi-pundi saengga dados sugih.

*Ibu* : “Cekake wong lanang ki yen ora nurut ombyaking jaman ya ngono kuwi, mung sarwa lugu, gu, bares, res .... **Jaman saiki yen ora nekad ya mlarat. Yen mung ngendelake juuuuuuuuuuuuur, lebur ...**” (52)

(KBP/11-12)

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur direktif* amargi Pak Sastro paring pitaken dhateng garwanipun, kedah kados pundi malih, kedah ikhtiyar kados pundi malih, lajeng ibu mangsuli supados boten namung ngandelaken jujur kemawon. *Tuturanipun* bapak ingkang saged paring *pengaruh* dhateng Ibu menika minangka titikan bilih tuturan ing nginggil kalebet *tindak tutur direktif*.

*Tuturan* ing nginggil kalebet *tindak tutur* boten *langsung* boten *literal* amargi makna saha *modus* ukaranipun boten jumbuh kaliyan maksud ingkang

dipunngendikakaken. *Modus* saking *tuturan* (52) menika kangge maringi saran amargi ukaranipun awujud ukara pawarta utawi ukara cariyos. Dene, makna tembung “**Jaman saiki yen ora nekad ya mlarat. Yen mung ngendelake juuuuuuuuuuuuur, lebur**” boten jumbuh kaliyan maksudipun saking tuturan menika. Maksudipun tuturan menika, ibu menika boten purun gesangipun mlarat terus, ibu ugi kepingin sugih kados kulawarganipun Mas Ranu.

*Tuturan* ing nginggil kalebet jinis *tindak tutur langsung* boten *literal* ingkang ginanipun kangge maringi saran. Gayut kaliyan *konteksipun*, *tuturan* menika dipunngendikakaken dening Bapak kaliyan Ibu wonten ing griya. Ibu nembe duka dhateng Bapak amargi kawontenan ekonominipun kirang. Ibu duka dhateng Bapak lan mbandingaken kawontenan ekonominipun Mas Ranu lajeng ngendika “**Jaman saiki yen ora nekad ya mlarat. Yen mung ngendelake juuuuuuuuuuuuur, lebur**”. *Fungsi* pangandikanipun Ibu menika kangge maringi saran dhateng bapak saha titikanipun awujud ukara.

## BAB V

### PANUTUP

#### A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten *tindak tutur direktif* ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. ingkang sampun dipunrembag ing bab sekawan, saged dipunpendhet dudutanipun. Dudutanipun ing antawisipun kados ing ngandhap menika.

1. Jinisipun *tindak tutur direktif* ingkang dipunpanggiaken wonten ing novel Kumpule Balung Pisah wonten sekawan, inggih menika *tindak tutur langsung literal*, *tindak tutur boten langsung literal*, *tindak tutur langsung boten literal*, saha *tindak tutur boten langsung boten literal*. Cara nemtokaken jinis *tindak tutur direktif* wonten ing salah satunggaling tuturan, inggih menika kanthi njumbuhaken antawisipun *konteks*, *modus*, makna, maksudipun tuturan, saha titikan wonten ing tuturan kasebut.
2. *Fungsipun tindak tutur direktif* wonten ing novel Kumpule Balung Pisah inggih menika kangge paminta, pitaken, perintah, pamenging, maringi idi, saha maringi saran. Saking *fungsi* ingkang sampun dipunpanggiaken wonten ing novel menika, saged dipunmangertosi bilih tuturan ing novel Kumpule Balung Pisah anggitanipun Achmad Saerozi A. M. menika ngetingalaken *variasi*.



## **B. Implikasi**

Asiling panaliten *tindak tutur direktif* ing novel Kumpule Balung Pisah menika saged kangge *referensi* dhateng para mahasiswa ingkang mendhet kajian ngelmi *pragmatik* basa jawi mliginipun *tindak tutur direktif* minangka *objek* kajianipun. Panaliten menika ugi saged nambahi gambaran dhateng pamaos ingkang badhe naliti bab *pragmatik*, mliginipun *tindak tutur direktif*.

## **C. Pamrayogi**

Panaliten *tindak tutur direktif* ing novel Kumpule Balung Pisah taksih kathah kekurangan awit seserepan saha kawruh panaliti ingkang taksih kirang. Panaliten ingkang dipuntaliti ugi taksih winates bab *tindak tutur direktif* kemawon. Sejatosisipun boten namung *tindak tutur direktif* kemawon ingkang saged dipuntaliti, ananging taksih wonten bab *pragmatik* sanes ingkang saged dipundadosaken *objek* kajianipun. Ugi saged ngginakaken cabang ngelmi *linguistik*. Pramila, menawi salajengipun badhe naliti novel menika, saged mendhet kajian *cabang* ngelmi basa sanesipun.

## KAPUSTAKAN

- Bungin, Burhan. 2003. *Analisis Data Penelitian Kualitataif: Pemahaman Filosofis dan Metodologis ke Arah Penguasaan Model Aplikasi*. Jakarta: PT RajaGrafindo Persada.
- Chaer, Abdul saha Leonie Agustina. *Sosiolinguistik: Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Cummings, Louise. 2010. *Pragmatik Klinis: Kajian tentang Penggunaan dan Gangguan Bahasa Secara Klinis* (terj. Adolina Lefaan, dkk). Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Djajasudarma, Fatimah. 2012. *Wacana & Pragmatik*. Bandung: Refika Aditama.
- Hikmat, Mahi M. 2014. *Metode Penelitian: Dalam Prespektif Ilmu Komunikasi dan Sastra*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Lubis, Hamid Hasan. 2015. *Analisis Wacana Pragmatik*. Bandung: CV Angkasa.
- Mulyana. 2005. *Kajian Wacana: Teori, Metode & Aplikasi Prinsip-Prinsip Analisis Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Nadar, F. X. 2009. *Pragmatik & Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Poerwadarminta, W. J. S. 1939. *Baeosastra Djawa*. Batavia: JB. Wolters Uitgevers Maatschappij.
- Putrayasa, Ida Bagus. 2015. *Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Rahardi, Kunjana. 2005. *Pragmatik: Kesantunan Imperatif Bahasa Indonesia*. Yogyakarta: Erlangga.
- Rohmadi, Muhammad. 2004. *Pragmatik Teori dan Analisis*. Yogyakarta: Lingkar Media.
- Rusminto, Nurlaksana Eko. 2015. *Analisis Wacana: Kajian Teoritis dan Praktis*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Saerozi, Ahmad. 1966. *Novel Kumpule Balung Pisah*. Jakarta: PN Balai Pustaka.
- Subana saha Sudrajat. 2005. *Dasar-Dasar Penelitian Ilmiah*. Bandung: Pustaka Setia.

- Sugiyono. 2016. *Metode Penelitian: Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Suryabrata, Sumadi. 2014. *Metodologi Penelitian*. Jakarta: Rajawali Pers.
- Tarigan, Henry Guntur. 2009. *Pengajaran Pragmatik*. Bandung: Percetakan Angkasa.
- Wijana, I Dewa Putu. 1996. *Dasar-Dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi Offset.
- Wijana, I Dewa Putu saha Muhammad Rohmadi. 2009. *Analisis Wacana Pragmatik: Kajian Teori dan Analisis*. Surakarta: Yuma Pustaka.
- Yule, George. 1996. *Pragmatik* (terj. Indah Fajar Wahyuni). Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Tabel Lampiran 1: Analisis Data Jinis, Titikan, saha Fungsiniipun Tindak Tutur Direktif ing Novel Kumpule Balung Pisah

| No | Konteks                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                          | Data                                                                                                                                                                                                                 | Jinising Tindak Tutur |   |   |   | Fungsiniipun Tindak Tutur Direktif |   |    |    |    |    | Titikan                                                                       | Andharan                                                                                                                                                                                                                                                                                                                            |
|----|------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-----------------------|---|---|---|------------------------------------|---|----|----|----|----|-------------------------------------------------------------------------------|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
|    |                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                  |                                                                                                                                                                                                                      | A                     | B | C | D | E                                  | F | G  | H  | I  | J  |                                                                               |                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                     |
| 1  | 2                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                | 3                                                                                                                                                                                                                    | 4                     | 5 | 6 | 7 | 8                                  | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14                                                                            | 15                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                  |
| 1  | Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Mbok Nem kaliyan Darminah wonten ing griyanipun Mbok Nem wanci enjing. Darminah bibar saking peken lajeng mampir wonten ing griyanipun Mbok Nem. Mbok Nem mangertos kawontenanipun Pak Sastro saha Bu sastro ingkang sampun pisah. Mbok Nem lajeng paring paminta dhateng Darminah supados nyariyosaken kadadosanipun. | Mbok Nem: " <b>Saniki mbok kula diceritani mas Rara</b> ....., empun kepanggih kaping kalih wingi nika kula kok taksih dereng ngertos larah-larahane. Pripun, sapengker kula nika onten kedadayan napa ...? (KBP/9). | √                     |   |   |   | √                                  |   |    |    |    |    | Ngginakaken tembung ' <b>saniki mbok kula diceritani mas Rara</b> '. (klausa) | <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Langsung</i>: Ukaranipun pawarta, kangge paminta.</li> <li>• <i>Literal</i>: Maknanipun satuan lingual '<b>mbok kula diceritani</b>' jumbuh kaliyan maksudipun tuturan.</li> <li>• <i>Fungsiniipun tuturan</i>: Kangge paminta, kabukten saking satuan lingual ing nginggil.</li> </ul> |

| No | Konteks                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                 | Data                                                                                                | Jinising Tindak Tutur |   |   |   | Fungsini pun Tindak Tutur Direktif |   |    |    |    |    | Titikan                                               | Andharan                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                              |
|----|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-----------------------------------------------------------------------------------------------------|-----------------------|---|---|---|------------------------------------|---|----|----|----|----|-------------------------------------------------------|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
|    |                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                         |                                                                                                     | A                     | B | C | D | E                                  | F | G  | H  | I  | J  |                                                       |                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                       |
| 1  | 2                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                       | 3                                                                                                   | 4                     | 5 | 6 | 7 | 8                                  | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14                                                    | 15                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                    |
| 2  | Pawicantenan menika kadadosan antawisipun Mbok Nem kaliyan Darminah ing griyanipun Mbok Nem wanci enjing. Darminah cariyos dhateng Mbok Nem kawontenan nalika Mbok Nem sampun boten nyambut damel ing griyanipun. Anggenipun Darminah cariyos bab menika dumugi nangis, ndadosaken Mbok Nem boten tega dhateng Darminah lan dipunpendhetaken teh asrep. | <i>Mbok Nem: “<b>Mengke kriyin</b> ..., kula pendhetke teh asrep ngge tamba salit ...” (KBP/9).</i> | √                     |   |   |   | √                                  |   |    |    |    |    | Ngginakaken tembung ‘ <b>mengke kriyin</b> ’. (frasa) | <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Langsung:</i> Ukaranipun pawarta, maksudipun kangge paminta.</li> <li>• <i>Literal:</i> Maknanipun satuan lingual ‘<b><u>mengke kriyin</u></b>’ jumbuh kaliyan maksudipun tuturan menika.</li> <li>• <i>Fungsini pun tuturan:</i> Kangge paminta, kabukten saking satuan lingual ing nginggil.</li> </ul> |
